

Norwood High School

Gid pou
Paran/Gadyen
Elèv

2022-2023



Norwood High School
245 Nichols Street
Norwood, Massachusetts 02062
781-769-2333
www.norwood.k12.ma.us/nhs



NORWOOD PUBLIC SCHOOLS

ADMINISTRATIVE OFFICES • JAMES R. SAVAGE EDUCATIONAL CENTER

P.O. BOX 67 • 275 PROSPECT STREET, NORWOOD, MA 02062

TEL (781) 762-6804 Ext. 5819

FAX (781) 762-0229

VOICE/TTY - Use Phone Relay



DAVID L. THOMSON, Ed.D.

Superintendent of Schools

ALEXANDER WYETH, Ed.D.

Assistant Superintendent for Curriculum,
Instruction & Assessment

Jwen 2022

Chè Fanmi,

Se yon plezi pou mwen pou di nou byenvini lan Norwood Public Schools pou ane lekòl 2022-2023 a. Nou paka tann pou nou bay elèv nou yo bon kalite edikasyon. Nou pral kontinye apiye sou ansèyman ane pase yo ki konsène pratik ansèyman ki reponn kiltirèlman pou amelyore epi pèsonalize aprantisaj pitit ou a. Norwood Public Schools ap kontinye angaje li pou bay chak elèv yon edikasyon konpreyansif epi ak nouvote nan yon anviwònman enklizif, an sekirite, epi ak sipò. Deklarasyon misyon sa a pran yon nouvo sans kòm travay pou akselere aprantisaj pou konpanse pou kèk ane pase difisil yo. Yo bay Liv Gid sa a pou yo ka si ke chak elèv ak fanmi li gen tout konesans epi aksè pou règleman, atant, ak pwosedi chak jou yo pou asire siksè lan Norwood Public Schools. Alò, li esansyèl pou nou gade dokiman sa ansanm, epi si nou ta jwenn nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri asire ke nou kontakte administrasyon lan lekòl pitit nou an.

Nou gen chans ke nou gen sipò gwo kominote sa a pandan ke nap travay pou ankouraje grandisman elèv ou an alafwa pèsònèlman kòm moun epi akademikman. Poto mitan efò sa a se kominikasyon ant lakay la ak lekòl la ki kreye yon patenarya ki konsantre sou asire yon ane ak siksè.

Sensèman,

David L. Thomson, Ed.D

Superintendent of Schools (Sipè Entandan Lekòl yo)

NORWOOD HIGH SCHOOL

245 NICHOLS STREET
NORWOOD, MA 02062
PHONE 781-769-2333
FAX 781-762-0826

ADMINISTRATION

DR. HUGH T. GALLIGAN, PRINCIPAL
CYNTHIA DERRANE, ASSISTANT PRINCIPAL



DEANS

KERRI A. QUINN, SENIOR DEAN
JOHN SARIANIDES, SOPHOMORE DEAN
MATTHEW CURRAN, JUNIOR DEAN
ANDREW GARZCZYNSKI, FRESHMAN DEAN

Chè Elèv ak Paran NHS yo,

Nan non Administrasyon, Pwofesè ak Anplwaye Norwood High School yo, se yon plezi pou mwen poum di byenvini nan ane lekòl 2022-2023 a. Sa ki klè nan deklarasyon misyon nou an se ke, "Norwood High School se yon patenarya ant elèv yo, paran yo, gadyen yo, anplwaye epi kominote a. Misyon nou la pou ankouraje elèv yo pou yo vin de pansè endepandan ki bay sa yap aprann lan valè epi chèche ekselans nan kat A yo: Akademik, Atizay, Atletik, epi Aktivite yo. Nou bay yon anviwònman ki gen sekirite ak sipò kote elèv yo aprann respekte tèt yo, kominote yo a, epi lemond divès ke nap viv ladan li a." Prepare ak pwensip sa yo pou fondasyon debaz, Gid pou Elèv sa a dekri enfòmasyon yo, direksyon pou swiv yo, epi pwosedi ki nesèsè pou yon ane lekòl an sekirite, ak siksè epi pwodiktif.

Kòm elèv Norwood High School, ou gen plizyè responsablite ki gen rapò ak bous detid, sitwayènte, epi devlopman karaktè pandan ke wap pare pou pran plas ou nan sosyete nou an kap vin deplizanplis global. Atant mwen se ke ou pral konpòtew yon jan ki pou pote bay kredi pou tèt ou, pou lekòl ou, pou fanmi ou, ak kominote Norwood la. Estanda nou wo nan Norwood High School, men mwen gen konfyans ke wap atenn yo pandan ke wap kontinye miri epi vin yon granmoun responsab.

Administrasyon an, Pwofesè yo ak Anplwaye yo pral travay seryezman pou yo bay yon anviwònman an sekirite pou aprann kap ankouraje reyisit akademik ap devlopman pèsònèl. An retou, se responsablite paw pou vinn lekòl chak jou epi pou swiv règleman ki pi devan nan Gid pou Elèv sa a. Nou mande ke ou ak paran ou yo li tout Gid sa a ak atansyon pou nou ka byen konprann li epi pou kapab jere de sitiyasyon espesifik ki gen dwa rive pandan ane lekòl la. Kòm gid sa a se pou ou menm ak paran/gadyen ou yo, yap atann ke wap ba yo gid la pou yo ka gade li.

Tanpri pa ezite kontakte mwen si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid sou enfòmasyon ki nan Gid pou Elèv sa a.

An nou tout travay ansanm pou nou fè ane sa a yon ane lekòl mayifik! Mwen swete nou tout sak bon,

Hugh T. Galligan, Ed.D.
Direktè

Règleman ki nan gid sa a te fòmèlman adopte pa Komite Norwood School la epi yo konsidere yo kòm règleman ofisyèl lekòl la pou ane lekòl 2022-23 a.

TAB DÈ MATYÈ

	Paj
Lèt Byenvini Sipèntandan ak Direktè a	2-3
Tab dè Matyè	4-6
Deklarasyon Misyon ak Kwayans yo	7
• Atant Akademik	
• Atant Sosyal	
• Atant Sivik	
Pòtre yon Gradye Norwood	8
Avètisman pou Règleman Kont-Diskriminasyon Norwood Public Schools	9
Lwa Ameriken ki gen Andikap	9

AKADEMIK

Nivo Akademik ak Kondisyon pou Gradyasyon	10
Edikasyon Piblik Siperyè Massachusetts	10
MassCore	11
Kou yo	12
Etid Endepandan	12
Devwa	12-13
Règleman Tès yo	13
Ratrapaj	13
Rapò Pwogrè	13
Kanè Nòt	14
Kondisyon pou Tablo Onè	14
Egzamen Mitan-Ane/Final	14
Mwayèn Nòt	14
Valediktoryen Klass la	15
Sistèm Onè Laten	15
Diplòm Akademik	15
Lekòl pandan Ete	15
Kalifikasyon Atletik	16

SÈVIS ORYANTASYON

Kanè Nòt/Dosye	17-18
Transfè Dosye	18
Destriksyon Dosye Elèv	18
Responsablite moun ki pa gadyen pou resevwa dosye yo	19

RESOUS POU ELÈV AK FANMI

Enskripsyon ak Rezidans	19-20
Pataj Enfòmasyon ak Medya	20
Orè ak Wout Bis yo	20
Patenarya Paran/Gadyen	20
Dwa Edikasyonèl Fami ak lwa Konfidansyalite (FERPA)	20
Lwa sou Avètisman Paran	21
Lekòl Altènatif	21
Ajans Sèvis Kominotè	21-22
Mwayen Kominikasyon	22
Kominikasyon Anonim	22

SÈVIS SANTE

Kondisyon Sante pou Admisyon nan Lekòl	22
Maladi, Premye Swen ak Ijans	23
Administrasyon Medikaman Preskri ak san Preskripsyon nan Lekòl la	23
Egzamen Sante	23
Dosye Sante	24
Règleman Byennèt	24
Depistaj Sibstans	24

LAVI ELÈV

Prezans	25
Pwogram Avètisman Prezans	25
Règleman Eksè Absans	25-26
Kite Klas ak absans ki pa otorize (pa asiste de kou)	26
Reta	27
Ranvwa	27
Rapòte Absans	27
An-Deyò-Sal	27
Sal a Manje	27
Etid Dirije	27
Bibliyotèk	28
Telefòn Selilè ak lòt Aparèy Elektwonik	28
Livrezon	28
Vizitè	28
Paking	29
Komisyon andeyò kanpis	29
Règleman pou Abiman	29
Vyolasyon Règleman pou Abiman ak Aksyon Disiplinè	29
Kazyè	29
Liv, Ekipman, ak pwopriyete lekòl la	30
Patisipasyon nan evenman andeyò kou yo	30
Aktivite	30
Konfli: Atletik/Atizay Plastik	30
Aktivite an Deyò Lekòl	30
Vizit Andeyò Lekòl	31
Ranmasaj Lajan	31
Komite Konsèy Elèv	31
Konsèy Elèv ak Biwo Klas	31
Règleman ak Biwo Eleksyon	32
Restriksyon Eleksyon	33
Règleman ak Piblisite Kanpay	32-33
Komisyon Eleksyon	33
Sosyete Nasyonal Onè	33-34
Sosyete Nasyonal Onè Atizay	34
Partners in Norwood Service (Sèvis Patnè nan Norwood) (P.I.N.S)	35
Anrejistreman Votè	35

RÈGLEMEN KONPÒTMAN

Règleman Disiplin	36
A. Detansyon Pwofesè	36
B. Detansyon Biwo/Pwolonje	36
C. Sispansyon	36-38
D. Ekspilsyon	38
E. Definisyon	39
Deklarasyon Konpreyansyon (M.O.U)	39
Kontra Bal Fen Ane	39
Onètete Akademik	40-41
Disiplin Elèv ak Bezwen Espesyal ak Elèv ki nan Plan 504	41-43
Règleman Detansyon	44
Detansyon Pwofesè/Biwo	44
Sispansyon	44
Pwosesis Regilye	44-47
Sispansyon andedan lekòl	
Sispansyon pou Tan Kout	
Sispansyon pou tan long	
Renvwa an Ijans	
Ekspilsyon	
Sispansyon Andeyò Lekòl	
Sispansyon Andedan Lekòl	
Fimen	48
Sante Chimik ak Kalifikasyon Atletik	48
Brimad Inisyasyon (Hazing) (Chapit 536)	48
Zam	49

RÈGLEMEN APA

Règleman pou Fouy	49
Pèsekisyon	49
Règleman Diskriminasyon	50
Akomodasyon: Seksyon 504	50
Règleman Entèdiksyon ak Prevansyon Brimad	50-52
Prevansyon ak Entèvansyon Swisid	53
Akò Itilizasyon Responsab	54-56
Aplikasyon Google pou Kont Edikasyon	56
Gid ak Pwosedè pou Chromebook	56-58
Òdinatè Lekòl	59
Itilizasyon Laboratwa Mizik Midi	60

PWOSEDI SEKIRITE LEKÒL

Pwosedè Egzèsis Dife	60
Egzèsis Kouri-Kache-Goumen	60
Pwosedè Evakyasyon	60
Anons Pa Gen Lekòl/Ouvèti Retade	61
Orè	61-62

DEKLARASYON MISYON NORWOOD PUBLIC SCHOOLS

Misyon

Misyon Norwood Public Schools se chèche ekselans akademik pou tout timoun nan yon anviwònman ki gen sekirite, ankourajan, epi sipòtan, pou enspire yo yon lanmou dirab pou aprann, epi prepare yo pou kontribye kòm sitwayen nan yon kominote divès.

Kwayans

- Chak timoun kapab aprann.
- Akademik se konsantrasyon pwensipal nan edikasyon. Anplis de Akademik, Atletik ak Aktivite yo esansyèl pou yon edikasyon konplè.
- Chak timoun inik epi gen de kapasite ak enterè espesyal ke yo dwe rekonèt, ankouraje, epi devlope.
- Moun Lakay, lekòl, ak kominote yo responsab edikasyon pou tout timoun yo.
- Pwofesè yo dwe angaje chak timoun pou yo aprann.
- Elèv yo responsab pwòp aprantisaj pa yo ak konpòtman pèsònèl yo.
- Paran yo responsab pou etabli valè ak atant ki sipòte pwosesis pou aprann lan.
- Aprann pandan tout lavi esansyèl pou yon patisipasyon pwodiktif epi responsab nan yon mond divès epi kap chanje.
- Pwofesè yo gen dwa anseye epi elèv yo gen dwa aprann nan yon anviwònman ki gen sekirite epi ankourajan.
- Yon kominote pwospere lè moun yo kontribye nan byennèt lòt moun.
- Onètete, respè, ak kowoperasyon esansyèl nan bati de relasyon an konfyans.
- Kominote nou an ap ranfòse epi anrichi atravè divèsite.

DEKLARASYON MISYON NORWOOD HIGH SCHOOL

Norwood High School se yon patenarya ant elèv yo, paran/gadyen yo, anplwaye, ak kominote a. Misyon nou se bay opòtinite nan yon anviwònman an sekirite epi sipòtan pou tout elèv yo pou yo atenn ekselans nan kat A yo: Akademik, Atizay, Atletik, epi Aktivite yo. Apre evalyasyon sevè nan atant akademik, sosyal, epi sivik, elèv yo ap aprann reflechi an endepandan epi kontribye an responsab kòm de manb respektive nan yon sosyete global divès.



Pòtre yon Gradye Norwood

Kolaboratè

- Rezoud pwoblem ansanm
- Fè konvèsasyon avèk respè
- Demontre ke yo responsab epi aksepte responsablite
- Konprann tèt yo epi aksepte pwendevi lòt yo

Kreyatè

- Poze kesyon kiryoziite mennen
- Prepare solisyon ak pwodui nouvo
- Pran risk epi ensiste pandan pwosesis la
- Reflechi an endepandan

Kominikatè

- Koute epi pale ak efikasite
- Ekri pou divès piblik ak objektif divès
- Eksprime atravè diferan mwayen
- Asire ke tout vwa ak lide tande epi eksprime

Pansè Kritik ak solisyonè pwoblèm

- Rasanble epi evalye enfòmasyon
- Pwopoze yon solisyon
- Etabli objektif epi ekzekite yon plan
- Reflechi epi amelyore

Sitwayen

- Patisipe konstruktivman
- Kontribye avèk respè
- Angaje an responsab
- Milite pou egalite

AVI POU RÈGLEMAN KONT-DISKRIMINASYON NORWOOD PUBLIC SCHOOLS

Lwa eta a ak federal entèdi diskriminasyon nan lekòl piblik yo pou ras, koulè, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, orijin nasyonal, zansèt oswa andikap. Al gade G.L. c. 76, § 5 and 42 U.S.C. §§ 2000c & 2000d. Anplis, konstitisyon eta ak federal pwoteje dwa elèv yo pou yon pwosesis regilye ak pwoteksyon egal. Norwood Public Schools, avek sa a, anonse que li pa fè diskriminasyon baze sou ras, koulè, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, orijin nasyonal, zansèt oswa adikap yon elèv. Elèv yo gen aksè egal nan admisyon lekòl, kou yo, aktivite andeyò lekòl yo, ak opòtinite travay epi yo pap refize yo pou rezon takou maryaj oswa ansent. Direktè a oswa Asistan Direktè a ap disponib pour reponn tout demand enfòmasyon sou lwa sa yo.

Norwood High School angaje li pou bay tolerans epi ankouraje yon anviwònman pozitif pou tout elèv yo.

LWA POU AMERIKEN KI GEN ANDIKAP

Norwood Public Schools pa fè diskriminasyon sou baz andikap nan fonksyonman pwogram edikasyon yo, aktivite andeyò kou yo, evenman piblik, oswa travay. Nenpòt kesyon, plent, oswa demand pou akomodasyon kapab soumèt bay atansyon Kowòdinatè ADA an.

Kowòdinatè ADA - Paul Riccardi
Savage Educational Center
P.O. Box 67, 275 Prospect Street, Norwood, MA 02062

Moun ki bezwen akomodasyon tankou materyèl enprime nan fòm ranplasman (enprime an gwo, tep odyo, elatriye.) èd oksilyè pou kominikasyon, oswa lòt sèvis pou patisipe nan pwogram yo ta dwe fè pèsònèl lekòl la konnen bezwen yo an pèsòn oswa alekri.

AKADEMIKS

NIVO AKADEMIK AK KONDISYON POU GRADYASYON

Pou kapab kalifye pou yon diplòm Norwood High School, yon elèv dwe fè 100 kredi epi reyisi nan matyè apre yo pou kantite ane yo di a:

Matyè	Klas 23, 24	Klas 25 epi Apre
Angle	4 lane	4 lane
Matematik	3 lane	4 lane
Syans	3 lane	3 lane
Syans Sosyal	3 lane	3 lane
Edikasyon Fizik/Sante	4 lane	4 lane
Atizay	Pa Aplikab	1 lane oswa 5.0 kredi
Lang Lemond	Pa Aplikab	2 lane

Yon mwayèn **65**, oswa **P** kote **Pase/Echwe** aplikab, obligatwa pou tout kou yo. Anplis, yon elèv dwe reyisi tès yo nan MCAS E.L.A., Matematik, ak Syans. Nan fen ane lekòl la elèv ki resevwa 0-19 kredi yo epi pa kalifye pou lekòl ete yo pral rete nan nivo devwa klas yo a. Ratrapaj nan lekòl ete a pou ogmante kredi yo rive sou 20 oswa pi wo pral mete elèv la nan nivo pwochen klas la, men yap konsidere elèv la fèb akademikman.

Elèv 9yèm ane yo dwe fè pou pi piti **20 kredi** pou yo avanse li.

Elèv 10yèm ane yo dwe fè pou pi piti **45 kredi adisyone** epi pa mwens ke **15 kredi** nan 10yèm ane.

Elèv 11yèm ane yo dwe fè pou pi piti **70 kredi adisyone ak pa mwens ke 15 kredi** nan 11yèm ane.

TOUT ELÈV 12YÈM ANE YO DWE FÈ POU PI PITI 25 KREDI NAN ANE SENYÒ YO A.

EDIKASYON PIBLIK SIPERYÈ MASSACHUSETTS

Estanda pou admisyon nan kolèj ak Inivèsite Massachusetts ensiste pou yon pweparasyon akademik solid pandan ke yo nan lekòl segondè. Estanda sa yo reprezante minimòm kondisyon yo; ranpli yo pap garanti admisyon paske ofisyèl kolèj yo konsidere anpil faktè nan desizyon pou admisyon yo. Estanda pou admisyon elèv premyè ane yo nan kolèj eta ak Inivèsite Massachusetts gen plizyè eleman:

- Ranpli tout kondisyon pou diplòm lekòl segondè a oswa ekivalans li;
- Soumisyon yon nòt pou SAT oswa ACT;
- 16 kou akademik obligatwa; ak
- Minimòm mwayèn nòt (GPA) ki fèt nan kou preparatwa pou kolèjki konplè nan moman aplikasyon an.

Tanpri gade Pwogram Etid yo (Program of Studies) pou plis enfòmasyon. Li enpòtan pou konnen ke estanda pou admisyon yo diferan; kontakte kolèj yo direktman ka bay plis enfòmasyon.

Mass Core

Kisa Mass Core ye?

Mass Core se yon pwogram etid sevè rekòmande pa eta a, ki aliye nan kou lekòl segondè yo ak atant kolèj ak travay yo. Pwogram etid rekòmande yo gen ladan yo:

Konbyen?	Ki matyè?
4 lane	Angle
4 lane	Matematik
3 lane	Syans baze sou laboratwa
3 lane	Istwa/Syans Sosyal
2 lane	Lang menm mond lan
1 lane	Atizay yo
5 kou de "baz" anplis	karyè ak edikasyon teknik, owa nenpòt matyè lòt domèn
Jan lwa eta a mande li (4 kou)	Edikasyon Fizik (MGL c. 71, s. 3)
Opòtinite pou aprann an plis ki gen ladan yo	<ul style="list-style-type: none"> • Kou AP • Doub enskripsyon • Pwogram Sitwayen Global • Seal of Biliteracy (Pri edikasyon nan 2 lang oswa plis) • Aprantisaj baze sou sèvis oswa travay

Yo konsidere Mass Core tankou yon eleman endispansab pou eksperyans jeneral yon elèv nan lekòl segondè epi li ka gen ladan li travay, aprantisaj baze sou travay oswa sèvis kominotè, atletik, aktivite volontarya oswa andeyò kou yo epi opòtinite pou aprann anplis kap ede prepare elèv yo pou lavni yo.

Kisa Pare pou Kolèj ak Karyè ye?

Pare pou kolèj ak Karyè vle di ke yon moun gen konesans ak kapasite nesè pou li reyisi nan edikasyon apre lekòl segondè epi lan chemen karyè ki gen valè ekonomikman nan yon ekonomi 21yèm syèk la. Preparasyon akademik se yon pati endispansab pou konesans ak kapasite sa yo.

Kisa nou ka fè?

KÒMANSE KOUNYE A

Gen de fwa, konnen opsyon yo se tout sa nou bezwen. Sikse nan nevyèm ane esansyèl epi nou mande elèv yo ak fanmi yo pou pare kò yo pou tout sipò nesè pou reyisi nan tout kou nevyèm ane yo pou bati fondasyon pou yon karyè nan lekòl segondè ak anpil sikse.

VIZE WO

Pran de kou ki difisil nan lekòl segondè se pi bon epi senp prediksyon pou kijan elèv yo pral travay byen nan kolèj. Nou ankouraje tout elèv pou pran plasman avanse, doub enskripsyon, ak/oswa kou anliy.

GADE PI LWEN

Bon nòt ak "konesans liv" pa ase. Elèv yo bezwen sipò fanmi yo ak pèsònèl la pou rekonèt travay, estaj, ak opòtinite volontarya ki enterese yo pou yo kapab planifye yon karyè epi genyen bonjan eksperyans. Opòtinite sa yo pral ede konstwi kapsite nan travay ak entèpèsònèl yo pandan ke yap rekonèt epi sipòte chemen karyè yo.

Kisa paran yo ak konseye yo ka fè?

Ankouraje elèv yo pran de kou difisil an lekòl segondè, ak ladan yo onè, doub enskripsyon, ak/oswa kou Plasman Avanse (AP).

Sipòte elèv yo nan fè devwa yo epi patisipe nan aktivite lekòl la òganize yo.

Fè yon pwen enpòtan pou kominike ak pwofesè epi konseye yo sou pwogrè elèv la nan lekòl la.

Fè yon patenarya ak elèv la epi lekòl la pou devlope yon plan edikasyon ak karyè yon jan pou elèv la pare pou sa kap vini apre lekòl segondè a.

KOU YO

Tout kou nan Pwogram Etid Norwood High School yo make kòm Plasman Avanse (AP), Onè (H), Kolèj (CP1/CP2), oswa Pare pou Kolèj ak Karyè (S). Kou pou Tout Ane a (majors) bay 5.0 kredi lè li fini ak siksè, epi kou demi lane yo (minors) bay 2.5 kredi.

ETID ENDEPANDAN

Etid endepandan se yon pwogram baze sou lekòl ki fèt pou bay elèv yo de opòtinite pou aprann ak eksperyans ki ale pi lwen pase kou ke yo ofri yo, espesyalman de opòtinite pou etid an pwofondè nan domèn yon matyè patikilye. Pwogram etid endepandan yo diponib pou elèv Norwood High School yo pou ankouraje opòtinite pou grandisman pèsone ak devlopman endividyèl.

Elèv kandida pou etid anrichisan sa yo ta dwe idantifye pa de pwofesè endividyèl, epi yo ta dwe prezante yon pwogram etid bay responsab departman ki konsène yo. Etid endepandan posib nan tout matyè avek apwobasyon responsab departman an ak direktè a. Yo ka bay rive jiska 5 kredi pou yon matyè. Etid endepandan anrichi eksperyans edikasyonèl elèv la epi bay kredi pou gradyasyon, men li pap ka ranplase travay obligatwa nan klas la.

Si yon kou ke yo pran kòm kou etid endepandan fè pati de Pwogram Etid pou Norwood High School yo, valè kou sa a pral pwopòsyonèl ak kou ki lan Pwogram Etid la. Si yon kou ke yo pran kòm kou etid endepandan pa nan pwogram Etid la kou etid endepandan sa a pap konte pou GPA (Mwayèn Pwen Klas la). Kou etid endepandan yo ap konte pou estati Honor Roll la.

Pwofesè ak responsab departman yo pral detèmine kondisyon akademik ki nesèsè pou fè etid endepandan. Inisyativ, reysisit pase, fleksibilite orè, bon prezans, ak sitwayènte responsab esansyèl pou yo bay privilèj pou pran etid endepandan. Tout moun konprann ke pwogram etid endepandan yo ap posib sèlman ak angajman volontè tan pwofesè a.

FILOZOFI DEVWA AK GID YO

Norwood High School rekonèt bezwen elèv yo pou yo fini travay akademik yo andeyò orè kou yo ak lè lekòl la. Pwofesè yo bay devwa yo kòm de eleman nesèsè pou anseyman nan sal klas yo a. Tipikman, devwa yo pral tonbe nan youn nan kat kategori:

- **Avan-aprantisaj:** Te konn sèvi pou entwodui yon sijè oswa lide pandan ke elèv yo ap prepare pou antre nan yon nouvo inite etid.
- **Tcheke pou Konpreyansyon:** Yon ti egzanzp kesyon ki sèvi kòm evalyasyon fòmasyon kap chèche mezire pwogrè elèv la nan objektif klas la oswa kapasite refleksyon yo.
- **Pratike Konesans:** Yon fwa konpreyansyon elèv la konfime, pratik konesans lan vize pou ranfòse epi solidifye konesans pou elèv yo.
- **Trete Konesans:** Apre ke yon elèv fin ranfòse konsèp ke yap evalye li, trete konesans lan mande ke elèv yo sèvi ak nivo refleksyon ki wo (sentèz, analiz, konpozisyon, entèpretasyon) pou ogmante konpreyansyon yo pou yon konsèp epi fè de koneksyon mantal epi ant plizyè matyè.

Pou fasilite elèv la konplete devwa ak kowoperasyon kominote a nan devwa yo, Pwofesè Norwood High School yo pral sèvi ak kèk nan pi bon pratik ki gen rapò ak devwa:

- Idantifye kalite devwa yo bay la (Avan aprantisaj, tcheke pou konpreyansyon, pratike konesans, trete konesans).
- Idantifye kantite tan ki prevwa pou fini devwa a, ak yon maksimòm limit tan.
- Sèvi ak devwa kòm evalyasyon fòmasyon pou enfòm enstriksyon, oswa pou evalyasyon pèsonèl elèv la.
- Bay elèv yo opinyon sou devwa lakay yo - opinyon sa a kapab avek tout klas la, nan ti gwoup, oswa elèv endividyèl yo.
- Konsantre sou diminye volim travay la pou ogmante konpetans elèv la.
- Yo ka evalye devwa elèv la pou bay opinyon.
- Pwofesè yo kapab aksepte travay an reta, depandan de nati devwa a. Elèv yo ta dwe kominike ak pwofesè yo a pou nenpot travay ki manke oswa an reta.

RÈGLEMEN POU TÈS

Yo dwe avèti elèv yo omwen senk (5) jou alavans pou yon peryòd egzamen konplè. Avek de eksepsyon ki ra, okenn elèv ta dwe oblije pran plis pase de (2) peryòd konplè egzamen nan yon jou. Yon pwofesè kap pwograme yon twazyèm egzamen pou yon jou ta dwe enfòm sou sitiyasyon an omwen kat (4) jou alavans. Pwofesè a lè sa a ap pwograme ratrapaj pou yon lòt jou si sèlman kelke elèv enplike oswa lap repwograme egzamen an si gen yon bon kantite elèv.

Si yon elèv pwograme pou twa (3) egzamen nan menm jou a nan dènye semèn yon tèm, elèv la dwe avèti pwofesè a ki gen egzamen kap fèt an dènye nan jounen an omwen kat (4) jou alavans; lan ka sa a egzamen an pral fèt nan jou ratrapaj la, nan dènye jou tèm lan. Kantite materyèl ki kouvri nan egzamen mwatye ane an ak final yo se diferan depatman yo kap deside oswa si pa gen desizyon depatmantal, se pwofesè endividyèl la kap fè li.

RATRAPAJ

Sesyon ratrapaj yo fèt pou elèv ki te absan epi ki dwe ratrape travay oswa tès ki rate, epi elèv yo ki bezwen plis èd nan kou regilye yo, ak etid endepandan tou. Ratrapaj, eksepte pou konpetisyon ant lekòl yo, gen priyorite sou aktivite andeyò kou yo, antrenman atletik, ak travay deyò. Elèv yo ki resevwa rapò pwogrè ki di "An Danje pou Echwe" oswa "Ap Echwe" dwe fè tèt yo disponib pou opsyon pou èd anplis nan matyè (yo) ke yo resevwa rapò pwogrè sa a (yo). Koriye feblès akademik yo se priyorite nimewo en pou tout elèv yo epi sa ta dwe jwenn yon atansyon imedyatman.

Se responsablite elèv la pou li ratrape tout travay ak egzamen pi bonè ke posib apre yon absans. Yo aksepte an jeneral yon peryòd dis jou lekòl kòm maksimòm tan pou ratrape travay manke pandan yon absans long pou yon semèn oswa plis. Elèv kap retounen apre yon sispansyon gen dwa pran tès yo epi remèt travay ki te gen pou fèt pandan sispansyon an men yo pa kalifye pou rebran esplikasyon pwofesè a sou matyè ki te anseye pandan peryòd sa a.

Tout tès ak devwa rate pandan sispansyon an dwe fèt pou pwochen ratrapaj regilye an lè sispansyon an fini. Elèv yo pa kalifye pou ratrapaj tès ki rate yo oswa remèt devwa ki te dwe fèt pandan yon peryòd yo te kite kou a oswa pa vin lekòl epi yo pap resevwa kredi (0) pou matyè sa a.

RAPÒ PWOGRE

Rive nan mwatye tèm, yap bay elèv yo yon rapò ki tonbe nan youn nan kategori sa yo: (1) pèfòmans kap bese, (2) pa atenn atant kou yo, (3) travay pi ba pase potansyèl, (4) an danje pou echwe, (5) ap

echwe, epi (6) travay ki manke. Okenn elèv pap echwe pou tèm lan amwens ke paran/gadyen yo te avèti omwen dis (10) jou avan yo fèmen tèm lan. Men, restriksyon sa a pa aplike si elèv la pa konplete yon devwa enpòtan (egzanp, memwa fen tèm, tè fen tèm, egzamen final, oswa pwojè).

KANÈ NÒT

Apre yon semèn apre fen chak tèm kanè nòt yo pral disponib sou Aspen X2. Amwens ke gen de ka ki pa abityèl, tout nòt ki pa konplè yo dwe rezoud pa pita ke dis (10) jou apre fen tèm lan.

KONDISYON POU HONOR ROLL

Tout elèv dwe pran omwen senk (5) matyè pwensipal pou yo kapab kalifye pou Honor Roll:

Onè avèk Distenksyon	San nòt pi ba pase A
Premye Onè	San nòt pi ba pase B+
Dezyèm Onè	San nòt pi ba pase B-

EGZAMEN MWATYE ANE/FINAL

Elèv yo pa gen dwa pran egzamen final yo amwens ke tout obligasyon disiplin fin ranje ak yon administratè. Tout materyèl kou yo dwe retounen pou yon elèv kapab pran egzamen final nan kou sa a. Si yon elèv rate yon egzamen mwatye ane oswa final epi li pa resevwa yon absans eskize nan men yon administratè, li ka resevwa yon nòt zewo (0). Si yon elèv kite yon egzamen bonè san pèmisyon, elèv sa a ka resevwa yon zewo (0).

NÒT MWAYÈN KLASS (G.P.A.)

Norwood High School sèvi ak yon kalkil mezire 4.0 G.P.A. Apre nòt an chif la konvèti pou yon echèl 4.0, yo ajoute 0.5 pou yon kou onè epi 1.0 ajoute pou yon kou plasman avanse (AP) (gade meziman anba a). Nenpòt kesyon sou kalkil G.P.A. ta dwe al jwenn asistan direktè a.

	<u>Kategori</u>	<u>CP</u>	<u>H</u>	<u>AP</u>
A+	97-100	4.3	4.8	5.3
A	93-96	4.0	4.5	5.0
A-	90-92	3.7	4.2	4.7
B+	87-89	3.3	3.8	4.3
B	83-86	3.0	3.5	4.0
B-	80-82	2.7	3.2	3.7
C+	77-79	2.3	2.8	3.3
C	73-76	2.0	2.5	3.0

C-	70-72	1.7	2.2	2.7
D+	67-69	1.3	1.8	2.3
D	65-66	1.0	1.5	2.0
*F	60-64	0.0	0.0	0.0
F	Anba 60	0.0	0.0	0.0

*F - Elèv ki fè nòt ant 60-64% kalifye pou lekò ete

VALEDIKTORYEN KLAS LA (CLASS VALEDICTORIAN)

Elèv Norwood High School ki nan klas kap gradye ak G.P.A. adisyone ki pi wo a nan fen 3yèm tèm ane senyò a pral resevwa onè kap bal tit valediktoryen klas lan.

SISTÈM ONÈ LATEN (LATIN HONORS SYSTEM)

Elèv yo kapab genyen yon distenksyon espesyal nan seremoni gradyasyon an paske yo ranpli de kritè G.P.A. espesifik. Distenksyon sa a onore elèv yo baze sou de estanda aplike an pèmanans nan plas mezi relatif pèfòmans ak konparezon ak kanmarad yo. G.P.A. elèv yo pral kalkile apre 3yèm tèm ane senyò a. Onè yo se sak apre yo:

Summa Cum Laude (“ak onè pi wo”) -- G.P.A. 4.6+
 Magna Cum Laude (“ak gran onè”) -- G.P.A. 4.4 rive 4.59
 Cum Laude (“ak onè”) -- GPA 4.0 rive 4.39

Yo pa sèvi ak yon sistèm chif antye pou rapòte ran nan klas la. Ran entèn pral sèvi sèlman pou detèmine valediktoryen an. Sistèm onè laten an bay kolaborasyon priyorite sou konpetisyon, li reflekte sistèm kolèj/inivèsite a, epi onore plis elèv baze sou reyalizasyon akademik.

DIPLÒM AKADEMIK

Tout kesyon sou plasman klas oswa pwoblèm ki gen rapò ak kredi pou kou yo, transfè, elatriye kapab fè apèl bay Academic Credentials Committee a pou revizyon. Academic Credentials Committee a konpoze ak direktè a oswa direktè adjwen an, asistan direktè elèv la, konseye oryantasyon, chèf depatman epi pwofesè yo.

LEKÒL PANDAN ETE

1. Pou kalifye pou asiste lekòl ete a yon elèv dwe gen yon nòt fen ane 60-64 epi dwe kenbe yon nivo 75% prezans.
2. Responsab Depatman yo pral soumèt yon pwogram pou yo swiv nan chak kou. Responsab depatman yo pral soumèt tou yon egzamen final pou chak kou. Egzamen final pral konte pou 25% nan nòt final la. Tout lòt evalyasyon pral depann de pwofesè lekòl ete a.
3. Elèv Norwood High School yo pap gen pou yo reyisi ankò nan tou le de kou yo ak egzamen final la pou resevwa kredi.
4. Elèv yo pral echwe sou twazyèm absans san ekskiz.
5. Elèv yo kap swiv lekòl ete andeyò Norwood pral depann de règleman akademik lekòl yo a.

6. Si yon fanmi chwazi pou fè yon elèv pran leson olye li swiv lekòl ete a, pwofesè a dwe bay dokiman sètifikasyon, dwe kontakte direktè lekòl ete a pou li jwen pwogram lan, dwe bay egzamen final depatman an, epi dwe tounen rezilta yo nan Depatman Oryantasyon an.
7. Elèv yo pa gen dwa resevwa kredi pou plis ke de kou, kelkeswa kote yap swiv lekòl ete a. Tanpri sonje ke: **Lekòl Ete se pou ratrapaj kredisèlman epi li pa la pou ranplase yon ane pwogram konplè. Lè li fini yon kou lekòl ete ak siksè, elèv la genyen 65 nan kredi nivo estanda.**
8. Si yon kou pa gen ase enskripsyon, yo ka sèvi ak kou anliy ak otorizasyon chèf depatman an pou ratrapaj kredi elèv.

KALIFIKASYON ATLETIK

Komite Norwood School la te adopte tout règ ak reglemantasyon Massachusetts Interscholastic Athletic Association (MIAA) a. Vyolasyon nenpòt règ kalifikasyon ka gen pou rezilta fòfè nan yon match ki genyen. Yon erè kapab gate dosye yon bon sezon. Si gen okenn dout regadan kalifikasyon, al pale ak direktè a. Règ yo aplike pou tout ekip yo; ekip lekòl la, ekip jinyò lekòl la; tout nivo yo. Komite sou Atletik nan MIAA a pral rezoud tout kesyon sou kalifikasyon. Tanpri gade Liv Gid Atletik la pou plis enfòmasyon ki gen rapò ak atletik ant lekòl yo nan Norwood High School.

1. Yon elèv dwe fè yon nòt ki bal mwayèn pou reyisi nan dènye peryòd nòt avan konkou a (egzanp nòt dezyèm trimès men pa nòt semès ki fèl pase nan twazyèm trimès la), ak kredi konplè, ki egal a kat kou prensipal yon lane angle tradisyonèl. Yon elèv kap transfere kapab pa jwen kalifikasyon si li pat, oswa sipoze pat, kalifye nan lekòl ki voye li a, amwens ke transfè a te oblije fèt paske paran yo demenaje, epi lè sa a kalifikasyon an pral detèmine pa estanda kalifikasyon lekòl kap resevwa a (gade Règ 57.7.1).
2. Yon elèv pa kapab nan nenpòt ki moman reprezante yon lekòl amwens ke elèv sa a ap pran de kou ki kapab bay Carnegie Units (Inite Kaneji) ki egal 4 lane kou prensipal Angle tradisyonèl. I MIAA Handbook 1ye jiyè, 2019 – 30 jwen, 2021
3. Pou kapab kalifye pou peryòd nòt otòn lan, elèv yo dwe reyisi epi resevwa kredi konplè yo pou lane akademik avan an ki egal a kat lane kou prensipal Angle tradisyonel.
4. Kalifikasyon akademik pou tout elèv dwe konsidere ofisyèl epi detèmine lan dat pibliye ke yap voye bay paran yo kanè nòt peryòd klasman sa a pou tout elèv nan yon klas patikilye. Kalifikasyon elèv atlèt senyò yo, apre ke yo bay kanè twazyèm trimès la, pral kontinye pou jis sezon espò prentan an fini. Nòt katriyèm trimès la pa ka fè yon senyò kalifye akademikman.

Nòt: Estanda kalifikasyon akademik MIAA yo fèt pou asire ke yon elèv konplètman enskri lekòl epi angaje aktivman nan lavi akademik sou yon baz pèmanan pandan tout lane lekòl la. Lè lap sèvi ak yon orè blòk 4 x 4, yon elèv dwe reyisi nan omwen de sou kat kou "prensipal" obligatwa yo (oswa ekivalan) nan chak peryòd nòt akademik. Kesyon ou gen pou poze yo pou detèmine ekivalans yo se: *Konbyen minit pa jou/semèn/semès kou sa a jwenn?
*Konbyen kredi pou gradyasyon ki apwouve alavans pa komite lekòl la ke yo pral ofri pou kou sa a? *Eske sa a se ekivalan kondisyon akademik pase yo? (Si plis esplikasyon nesèsè, yo ankouraje direktè yo ak direktè atletik yo pou kontakte yon manm pèsònèl egzekitif MIAA an.)

5. Nòt ki pa konplè yo pap konte pou kalifikasyon pou jis lè yo ratrape dapre règleman lekòl la.
6. Yon elèv ki repete travay ke elèv sa a te deja yon fwa resevwa kredi pap ka konte pou kalifikasyon nan matyè sa a yon dezyèm fwa.
7. Yon elèv pa ka konte pou kalifikasyon nan okenn matyè li pran pandan ete a, amwens ke li te swiv matyè sa a epi echwe pandan lane akademik tou swit avan an.
8. Tout atlèt nan ekip kooperatif yo dwe satisfè estanda kalifikasyon pwòp lekòl pa yo ak pa lekòl ki envite a.

EDIKASYON ELÈV LANG ANGLE (ELL)

Norwood Public Schools ofri enstriksyon konpreyansif, dirèk, ak gran-kalite pou lang Angle a, gen ladan li pale, konpreyansyon tandè, lekti, epi ekriti jan yo mande pou sipòte devlopman Angle akademik pou yon ELL. Enstriksyon sa a gen ladan li aprann rezilta yo nan pale, konpreyansyon tandè, lekti, ak ekriti.

Norwood Public School ap swiv pwogram ELL ki prepare pa WIDA Consortium (**World-Class Instructional Design and Assessment**). Pwogram WIDA a te fèt pou li se yon plan pou devlopman yon pwogram English as a Second Language (ELD)(Angle kòm Dezyèm Lang). Anplis, M.G.L. Chapter 71A mande ke prèske tout elèv Limited English Proficient (ki Limite nan Lang angle) (LEP) yo edike nan yon pwogram Sheltered English Immersion (SEI) (Imèsyon Angle Pwoteje). Yon pwogram SEI konpoze pa de eleman:

- Kontni enstriksyon pwoteje, epi
- Enstriksyon angle kòm dezyèm lang (ESL)

Ansèyman ESL pou elèv ki gen konpetans limite nan angle, dapre lalwa ak règleman yo, fèt nan yon pwogram ki prepare pou entegre elèv sa yo nan de pwogram edikasyon regilye amezi ke yap gen fasilite nan angle a. Yo ofri kou Imèsyon nan Angle Pwoteje yo ki anseye pa de pwofesè ESL ki lisansye pou elèv ki limite nan konpetans angle yo. Pwofesè nan klas yo te pran epi ap kontinye pran fòmasyon nan Sheltered English Immersion (Imèsyon nan Angle Pwoteje).

Pwogram Norwood Public Schools la gen ladan li enstriksyon nan klas (SEI) epi enstriksyon Lang Angle atravè yon model kolaboratif enstriksyon alafwa pouse-antre epi rale-soti. Pwogram lan fèt pou asire ke elèv yo, ki limite nan konpetans Angle, resevwa alafwa enstriksyon Angle-kòm-Dezyèm-Lang ak enstriksyon domèn kontni pwoteje.

Lwa Federal ak Eta yo mande pou ke elèv limite nan konpetans angle yo evalye chak ane pou mezire kapasite yo nan lekti, ekriti, koute, epi pale Angle, mete sou sa pwogrè yap fè nan aprann Angle. Pou respekte lwa sa yo, elèv LEP yo dwe patisipe nan ACCESS pou ELL yo.

SÈVIS ORYANTASYON

Biwo oryantasyon yo plase nan premye nivo agòch antre prensipal la. Konseye yo asiyen pa lòd alfabetik, epi menm konseye a rete ak elèv yo pandan tan yo nan lekòl la. Tout efò ap fèt pou bay sèvis oryantasyon kontinyèl soti nan 8yèm ane rive nan gradyasyon lekòl segondè yon jan pou maksimòm potansyèl yon elèv pou grandisman ak devlopman reyalize atravè yon planifikasyon kòrèk adaptasyon edikasyonèl epi pwofesyonèl. Gras a yon pwogramasyon akademik endividyèl epi enfòmasyon pwofesyonèl, yo gide elèv yo sou de objektif pèsònèl pou tan kout epi tan long.

KANÈ NÒT/DOSYE

Yo etabli de règleman dapre lwa federal ak eta yo an rapò ak antretyen dosye elèv yo pa lekòl piblik segondè yo nan Commonwealth la (Kominote Eta yo). Règleman konplè yo, disponib nan biwo oryantasyon an, long men yo rezime isit la pou yo ka sèvi kòm gid.

Règleman sa yo te pibliye pou asire dwa paran ak elèv yo pou konfidansyalite, enspeksyon, chanjman, ak destriksyon dosye lekòl yo epi ede sistèm lekòl lokal yo respekte lwa a.

Nenpòt elèv lekòl segondè, sou demann, kapab wè dosye li yo. Paran, gadyen legal, ak pèsònèl otorize lekòl yo tou gen aksè nan dosye sa yo. Apre ke yon elèv rive gen laj 18 an, yo ka limite aksè nan dosye yo pou sèlman pèsònèl otorize lekòl la si yo mande direktè oswa sipè-entandan lekòl yo sa alekri. Dosye elèv la dwe gen ladan li nòt yo ak dosye tanporè a. Definisyon kèk nan tèmsa yo enpòtan epi yo enprime jan yo ekri nan règleman Eta yo.

"Transkript la (relve a) dwe gen ladan li dosye administratif yo ki fòme minimòm done nesèsè pou montre pwogrè edikasyon elèv la epi pou opere sistèm edikasyon an. Done sa yo dwe limite ak non, adrès, ak nimewo telefòn elèv la; dat nesans li; non, adrès, ak nimewo telefòn paran oswa gadyen an; tit kou yo, nòt yo (oswa ekivalans si nòt yo pa aplikab), nivo klas konplete a, epi ane konplete a." Dosye tanporè a dwe gen ladan li tout enfòmasyon nan dosye elèv la ki parèt nan relve a. Enfòmasyon sa yo dwe klèman enpòtan pou pwosesis edikasyon an. Enfòmasyon sa a ka gen ladan li rezilta tèst estandadize yo, ran nan klas la (lè li aplikab), dosye sante, aktivite andeyò kou òganize pa lekòl la, epi evalyasyon pa pwofesè yo, konseye yo, ak lòt pèsònèl lekòl la. Pèsònèl otorize lekòl la fòme pa twa gwoup:

1. Administratè lekòl yo, pwofesè yo, epi konseye yo ki anplwaye pa Komite Norwood School la epi kap travay dirèkteman ak elèv la nan domèn administratif, enseyman, konsey, ak/oswa dyagnostik.
2. Pèsònèl biwo administratif ak pèsònèl klerikal ki anplwaye pa Komite Norwood School la epi ke travay yo mande ke yo gen aksè a dosye elèv yo pou yo kapab trete enfòmasyon yo pou dosye elèv yo.
3. EKIP evalyasyon an, ki dwe gen ladan li moun sa yo kap evalye timoun ki gen laj pou lekòl dapre Chapter 766 of the Acts of 1972 (Chapit 766 nan Lwa 1972 yo) ak règleman ki pibliye ladan li yo.

TRANSFÈ DOSYE

Dapre Massachusetts Student Record Regulations (Règleman Dosye Elèv Massachusetts) yo, lè yon elèv ap transfere nan yon nouvo lekòl, direktè a ka voye "dosye lekòl konplè" a san konsantman davans paran yo. Si yon timoun ap transfere nan yon nouvo lekòl, kesaswa nan oswa andeyò Norwood, dosye lekòl konplè li pral voye bay nouvo lekòl la, ak ladan li men pa sèlman sa, dosye disiplin, transkrip (relve nòt), dosye sante, avek nenpòt dosye Edikasyon Espesyal yo.

DESTRIKSYON DOSYE ELÈV

Transkript elèv la dwe rete nan depatman lekòl la epi kapab detwi sèlman swasant (60) lane apre gradyasyon li, transfè, oswa ke li kite nan sistèm lekòl la, lè sa a sèlman, sou desizyon Komite Norwood School la.

Pandan tan ke elèv la anwole nan lekòl la, direktè a oswa moun li deziyen an gen dwa tanzantan revize epi detwi enfòmasyon ki ka twonpe, twò ansyen, oswa ki pa gen rapò ki nan dosye tanporè a, a kondisyon ke yo avèti elèv kalifyab la ak paran/gadyen li alekri epi yo bay yo opòtinite pou resevwa enfòmasyon an oswa yon kopi li avan yo detwi li. Yon kopi avètisman sa a dwe rete nan dosye tanporè a.

Dosye tanporè nenpòt ki elèv ki anwole nan dat oswa apre dat efektif règleman sa yo ta dwe detwi sis (6) lane apre ke elèv la transfere, gradye, oswa kite sistèm lekòl la. Yon avètisman alekri bay

elèv kalifyab ak paran/gadyen li ak enfòmasyon, antye oswa an pati, ta dwe voye ba yo nan moman trasnfè, gradyasyon, oswa depa sa a. Avètisman sa a dwe anplis avètisman regadan destriksyon dosye ki gen lèt woutin enfòmasyon an ke yo mande nan seksyon 10 règleman sa yo.

Lot enfòmasyon regadan dosye elèv yo disponib pou elèv yo ak lòt moun enterese pou li nan biwo oryantasyon an.

RESPONSABLITE POU PARAN KI PA GEN GAD POU RESEVWA DOSYE ELÈV YO

1. Pou jwenn dosye elèv yo, Paran ki Pa Gen Gad dwe bay lekòl la yon demann yon sèl fwa alekri pou dosye yo.
2. Yon paran ki pa gen gad kalifye pou resevwa aksè nan dosye elèv la amwens ke:
 - a. Yo te refize paran an gad legal oswa te resevwa lòd pou vizit sipèvize, baze sou yon menas pou sekirite elèv la epi menas la espesifikman make lan lòd regadan gad oswa vizit sipèvize a, oswa
 - b. yo te refize vizit paran an, oswa
 - c. aksè paran an pou elèv la te entèdi pa yon lòd tanporè oswa pèmanan, amwens ke lòd pwoteksyon an (oswa nenpòt lòd ki chanje lòd pwoteksyon an) espesifikman pèmèt aksè nan enfòmasyon ki nan dosye elèv la, oswa
 - d. gen yon lòd jij titèl ak tribinal famiyal ki entèdi distribisyon dosye elèv la yo bay paran an.
3. Depi li resevwa demann lan lekòl la pral touswit avèti paran ki gen gad la pou demann lan pa lèt sètifye epi pa lapòs premyè klas, nan alafwa lang prensipal paran ki gen gad la epi an Angle. Avètisman an ap enfòmè paran ki gen gad la ke enfòmasyon yo mande a dapre Seksyon 34H ta dwe remèt bay paran kap mande a apre 21 jou amwens ke paran ki gen gad la bay direktè a yon dokiman lòd tribinal aplikab.
4. Yon fwa ke demann lan apwouve, tout enfòmasyon sou adrès elektwonik, lapòs, ak nimewo telefòn ki gen rapò ak swa travay oswa kay paran ki gen gad la ta dwe retire soti nan enfòmasyon kap bay yo. Dosye sayo pa kapab sèvi pou enskri yon elèv nan yon nouvo lekòl.
5. Tout dokiman sa yo ki limite oswa entèdi aksè paran nan dosye yon elèv oswa enfòmasyon ke yo te bay lekòl la oswa distrik lekòl la dwe plase nan dosye elèv la.

RESOUS POU ELÈV AK FANMI

ENSKRIPTYON AK REZIDANS

Norwood High School respekte Lwa Jeneral Massachusetts, Chapit 76, Seksyon 5: Chak moun dwe gen dwa pou li ale nan lekò piblik vil kote li rezide vreman an, nan kondisyon seksyon apre a. Okenn komite lekòl oblije enskri yon moun ki pa vreman viv nan vil la amwens ke enskripsyon yo di a otorize pa lalwa oswa pa komite lekòl la. Nenpòt moun ki vyole oswa ede nan vyolasyon règleman sa a kapab oblije remèt restitasyon konplè bay vil lekòl yo pat gen dwa ale yo. Pèsòn pap ekskli oswa

sibi diskriminasyon nan admisyon yon lekòl piblik nan nenpòt vil, oswa nan jwenn avantaj, privilèj epi kou pou etid nan lekòl piblik akòz ras, koulè, sèks, idantite seksyèl, relijyon, origin nasyonal, desandans oswa oryantasyon seksyèl.

BAY MEDYA ENFÒMASYON

Pandan ane lekòl la medya yo mande Norwood High School pou fè entèvyou ak/oswa fè foto elèv yo pou yon kantite nourel sou evenman pozitif lekòl la. Paran/gadyen ki pa swete bay pèmision pou entèvyou oswa foto yo ke medya yo pral itilize nap mande yo kontakte asistan oswa adjwen direkte pitit gason/fi yo a.

ORÈ AK WOUT BIS YO

Tout elèv ki gen plan pou pran bis la dwe anrejistre, sa gen ladan yo elèv ki kalifye pou transpò gratis. Fòm anrejistremman pou transpò yo disponib nan biwo prensipal lekòl segondè a epi yo dwe remèt li bay Biwo Transpò Norwood Public Schools la nan Savage Educational Center.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou frè bis la nan sit entènèt lekòl la nan seksyon paran/gadyen an. Tout règleman lekòl yo aplike pandan yo nan bis la. Nenpòk elèv ki sèvi, oswa eseye sèvi ak lese pase bis yon lòt elèv, oswa pèmèt yon lòt elèv sèvi ak lese pase bis li, pral sibi yon sispansyon oswa revokasyon lese pase a. Nenpòk elèv ki monte oswa eseye monte bis la san li pa achte yon lese pase bis pral sibi yon sispansyon. Atant pou konpòtman elèv yo nan bis la yo pral distribye yo ak lese pase bis yo.

PATENARYA PARAN/GADYEN

Jan nou di nan Misyon nou an, nou fè patenarya ak paran/gadyen yo pou bay yon anviwònman ak sekirite epi sipò kote elèv yo aprann respè tèt yo ak respè pou kominote yo a ak tout manm li yo. Yo atann ke paran/gadyen yo travay ak koutwazi epi kowoperasyon avèk lekòl la pou ede elèv la atenn atant akademik, sosyal, epi sivik lekòl la. Elèv yo ak paran/gadyen yo kapab ak respè eksprime enkyetid yo sou operasyon lekòl la ak pèsònèl li yo. Men, yo pa gen dwa fè sa nan yon fason ki san respè, abizif, deranjan, menasan, ostil, oswa kreye divizyon. Nou kenbe elèv yo ak paran/gadyen yo nan yon estanda sivilite ki wo. Alò, nou mande epi atann nou ke tout paran/gadyen yo montre respè pou pwofesè, administrasyon, pèsònèl, paran/gadyen epi elèv Norwood High School yo tout tan. Paran/gadyen yo se modèl konpòtman pou pitit yo ak lòt timoun tout kote yo ale. Kowoperasyon paran esansyèl pou byennèt elèv yo. Si, nan opinyon administrasyon an, konpòtman paran/gadyen seryezman deranje pwosesis ansèyman ak aprantisaj la, lekòl la ka mande Ekip Revizyon Disiplinè a yon revizyon. Nan ka konpòtman ki pa kòrèk, yo ka pran aksyon apre yo:

- Yo gen dwa mande moun ki enplike yo pou kontakte administratè lekòl la pou revize règleman sa a.
- Yo gen dwa mande moun ki enplike yo pou asiste yon reyinyon nan moman kòrèk la pou diskite pwoblèm imedya yo. Reyinyon sa ka gen ofisye resous lekòl la.
- Administrasyon rezève dwa pou li rele otorite konsèn yo, si sa nesesè.

Yo pran desizyon yo pou asire sekirite epi byennèt pèsònèl, administratè, epi elèv lekòl la yo.

DWA EDIKASYONÈL FANMI AK LWA KONFISANSYALITE (FAMILY EDUCATIONAL RIGHTS AND PRIVACY ACT) (FERPA)

Pandan ane a lekòl la kapab pibliye sou entènèt la oswa pou piblikasyon non, adrès, klas, patisipasyon yon elèv nan de aktivite rekonèt ofisyèlman ak espò, diplòm, onè, pri, epi plan pou apre lekòl segondè san konsantman elèv kalifye a oswa paran yo. Dapre Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) (Lwa sou Dwa ak Konfidansyalite pou Edikasyon Familial) la paran ak/oswa elèv kalifye yo gen yon dwa pou enfòmasyon lekòl la nan yon tan rezonab ke yo pa swete ke sèten enfòmasyon pibliye san konsantman davans. Sa ki pa swete ke sèten oswa tout enfòmasyon sa yo pibliye dwe voye yon avètisman alekri bay direktè a.

LWA SOU AVÈTISMAN PARAN

Dapre Lwa Jeneral Massachusetts yo Chapit 71, seksyon 32A, yon paran gen dwa pou egzante pitit yo a nan nenpòt pòsyon nan pwogram lan ki enplike prensipalman edikasyon seksyèl imen oswa sijè sou seksyalite imen yo. Pou resevwa egzansyon sa a yon paran dwe voye yon demann alekri bay direktè a pou mande yon egzansyon pou pitit li a. Okenn elèv ki egzante pou pòsyon pwogram sa a pap gen penalite. Si paran yo ak/oswa elèv kalifye yo ta vle yon apèsi de pwogram sa a, tanpri kontakte biwo direktè a.

LEKÒL ALTÈNATIF

Alternative School Program (Pwogram Lekòl Altènatif) la fèt pou elèv yo ki pa pèfòme avek siksè nan pwogram tradisyonèl lekòl segondè a. Antre nan pwogram lan kòmanse avek yon referans pou oryantasyon atravè pèsònèl lan. Chak referans trete atravè Komite Evalyasyon Lekòl Altènatif la. Antre nan Pwogram Lekòl Altènatif la se yon opsyon pou elèv la epi depann de akseptasyon pa Komite Lekòl Altènatif la. Yon elèv kap antre nan lekòl altènatif pa kapab pran kou andeyò sal klass sa a amwens ke li genyen pèmisyon alekri nan men komite a ak direktè a. Yon eleman lekòl-travay dwe fè pati de kou etid sa a.

AJANS SÈVIS KOMINOTÈ

ALCOHOLICS ANONYMOUS (ALKOLIK ANONIM) - liy èd 24 è sou 24 è

617-426-9444

Gwoup èd pèsònèl: Alkolik kap ede lòt rete san bwè. Pa gen pwofesyonèl enplike.

ALANON FAMILY GROUPS (GWOUP FANMI ALANON)

508-366-0556

Gwoup èd pèsònèl: Manm fanmi alkolik yo kap ede lòt jere pwoblèm ke alkolik yo kreye lakay yo.

MAY COUNSELING CENTER (SANT POU KONSÈY MAY)

508-660-1510

Bay sèvis konsèy pou tout laj pou preske tout kalite pwoblèm nan lavi a oswa difikilte emosyonèl. Echèl frè mobil.

FAMILY SERVICE OF NORFOLK COUNTY (SÈVIS FAMILYAL NORFOLK COUNTY)

781-326-0400

Bay sèvis konsèy pou tout laj pou preske tout kalite pwoblèm nan lavi a oswa difikilte emosyonèl. Echèl frè mobil.

MASSACHUSETTS COMMISSION ON LESBIAN, GAY, BISEXUAL AK TRANSGENDER (LGBTQ) (KOMISYON MASSACHUSETTS POU LESBYÈN, MASISI, BISEKSYÈL AK TRANSSEKSYÈL)

617-624-5495

Gwoup sipò pou Masisi ak Lesbyèn ki manm kominote a.

NARCOTICS ANONYMOUS (DWÒG ANONIM)

818-773-9999

Gwoup èd pèsònèl: Ap ede moun kap pran dwòg rete san dwòg.

KONSEYE POU AJISTEMAN 781-352-3512/781-352-3846

Plizyè konseye ak fòmasyon pwofesyonèl nan domèn konseye, jesyon ka, ak dinamik imen. Yo disponib pandan jounen lekòl la.

PSIKOLÒG LEKÒL

781- 352-3518

Yon psikològ lekòl ak fòmasyon pwofesyonèl nan domèn evalyasyon psikolojik, dinamik imen, ak konseye. Disponib pandan jounen lekòl la.

TRAVAYÈ SOSYAL LEKÒL

781-352-3846

Yon travayè sosyal lekòl ak fòmasyon pwofesyonèl epi ekspètiz klinik nan domèn konsèy adolesan epi swen kowòdone.

EKIP DEPISTAJ AK IJANS

781-769-8674

24 èdtan sèvis ijans psikyatrik 7 jou pa semèn. Lè pèsònèl yo se 8am rive 9pm, lendi rive vandredi. Disponib nan lòt lè yo nan telefòn. Reponn nòmalmman sou 15 rive 20 minit.

MWAYEN KOMINIKASYON

Kominikasyon efikas ak lekòl la esansyèl pou asire siksè elèv. Pèsònèl NHS la pral vize pou reponn tout kominikasyon ki vini de paran yo avan fen pwochen jou lekòl la. Yo ankouraje paran, elèv, ak pwofesè yo pou sèvi ak imel kòm mwayen pou dirije enfòmasyon reyèl epi kesyon yo. Tout lòt diskisyon dwe fèt an pèsòn oswa pa telefòn. Nan ka ke gen yon enkyetid ki nesite konvèsasyon, yo made paran ak elèv yo pou yo swiv chenn kominikasyon sa a;

- Kontakte pwofesè/manm pèsònèl dirèkteman enplike nan enkyetid la pou pwograme yon apèl telefòn oswa yon reyinyon an pèsòn.
- Si kontak sa a pa reponn, oswa gen yon repons ki pa satisfè, kontakte sipèvizè dirèk manm pèsònèl sa a. Pou pwofesè yo, tanpri kontakte chèf departman yo. Pou asistan direktè yo, tanpri kontakte direktè adjwen an.
- Si yo pa jwenn yon rezilta ak chèf departman yo, tanpri kontakte direktè oswa direktè adjwen an.

KOMINIKASYON ANONIM

Administrasyon ak pwofesè Norwood High School ap byen resevwa epi respèkte opinyon paran/gadyen regadan afè lekòl yo. Men yap mande paran/gadyen yo pou yo swiv chanèl kominikasyon jan yo pibliye nan liv gid sa a. Pèsònèl lekòl pa oblije adrese okenn pwoblèm ke yo aprann atravè lèt, apèl telefòn anonim, oswa nenpòt ki lòt mwayen kominikasyon anonim.

SÈVIS SANTE

KONDISYON SANTE POU ADMISYON NAN LEKÒL

1. Vaksinasyon

Chapit 76, Seksyon 15 nan Lwa Jeneral Massachusetts mande vaksinasyon reyisi kont Difteri, Tetanòs, Koklich, Polyomelit, Laroujòl, Zoreyon, Ribeyòl ak Epatit B, HIB ak Varisèl pa vaksen oswa pa yon sètifika medikal doktè **anvan yo antre lekòl** amwens ke

egzanpsyon relijye oswa medikal aplike. Egzanpsyon yo dwe soumèt alekri bay enfimye lekòl la. Vaksinasyon espesifik obligatwa yo afiche nan paj sèvis sante yo nan site entènèt NPS la.

2. Egzamen medikal

Chak elèv kap antre lan NHS oblije pa lwa Eta a pou li fè yon egzamen medikal nan yon (1) lane ki swiv antre li nan lekòl la.

MALADI, PREMYE SEKOU AK IJANS

Chak ane yo mande paran/gadyen yo pou yo mete ajou enfòmasyon kontak ijans ki lan dosye lekòl pitit yo a. Li enpòtan anpil ke enfòmasyon sa yo rete ajou. Nan ka ke yo ta bezwen paran/gadyen yo, non kòrek yo, adrès yo, ak nimewo telefòn yo esansyèl.

1. Paran/gadyen elèv ki gen maladi kronik yo ta dwe rankontre ak enfimye lekòl la epi devlope yon plan swen sante pou pitit yo a nan lekòl la. Enfimye lekòl la ap evalye maladi kap devlope nan lekòl la, epi yap avèti paran/gadyen yo. Yo ankouraje tout paran/gadyen pou kontakte enfimye lekòl la nan ka ke yo tan gen nenpòt enkyetid sou eta sante pitit yo a.
2. Nan ka ke gen yon blesi, aksidan, oswa lòt ijans, enfimye lekòl la pra bay premye sekou jiskaske yo jwenn paran yo. Nan ka ke gen yon ijans serye oswa kote tan an esansyèl, epi si yo paka jwenn yon paran, yap rele transpò anbilans pou ale lopital, epi pèsonèl medikal la pral bay tretman medikal ki jije nesèsè a. Tanpri soumèt yon avètisman alekri si ou swete egzante pitit ou a pou règleman sa a.
3. Elèv ki gen yon blesi ki fèt andeyò lekòl la ki mande bekiy oswa lòt akomodasyon dwe bay yon nòt doktè.
4. Pou paran/gadyen yo ke kwayans relijyon anpeche yo sèvi ak èd medikal sa a, yo ta dwe bay lekòl la yon deklarasyon siyen ki esplike sa.

ADMINISTRASYON MEDIKAMAN PRESKRI OSWA KI VANN SAN PRESKRIPSYON NAN LEKÒL LA

Norwood Public Schools mande ke fòm ki apre yo nan dosye avan ke yo bay nenpòt medikaman preskri oswa ki vann san preskripsyon nan lekòl la:

1. **Konsantman siyen pa paran/gadyen pou bay medikaman an.** Fòm yo disponib nan lekòl la oswa sou sit entènèt NPS la; tanpri siyen li epi tounen li bay enfimye lekòl la.
2. **Preskripsyon doktè a pou medikaman an.** Preskripsyon ekri doktè a pou medikaman an kapab voye pa faks oswa remèt bay enfimye lekòl la nan men.

Preskripsyon doktè yo ak pèmasyon paran/gadyen dwe renouvle chak ane akademik.

Paran/gadyen yo ta dwe remèt medikaman yo bay enfimye lekòl la. Yo gen pou yo gen etikèt korèk epi pou yo nan yon resipyan famasy oswa fabrikan ak etikèt korèk. Tanpri mande famasi a pou bay boutèy separe pou lekòl ak lakay. Elèv ki vle pote medikaman an sou yo, tankou respiratè pou asm oswa epipen dwe ranpli papyè anlè a tou epi bay li nan biwo enfimye a. Elèv ki gen nan men yo nenpòt medikaman preskri nan lekòl la san papyè yap kapab sibi aksyon disiplinè.

EGZAMEN SANTE

Yo fè depistaj pou elèv nan 9yèm ane yo pou posib pwoblèm vizyon, tandè ak posti kò. Kòmanse an Septanm 2016, enfimye lekòl yo pral fè SBIRT la tou (Screening, Brief Intervention, and Referral to Treatment) (Depistaj, Entèvansyon Rapid, epi Referans pou Tretman) pou yo bay opòtinite pou yon konvèsasyon estriktire kap bay elèv yo sipò pou yo fè de chwa sen epi bay entèvansyon kòrek epi referans jan yo detèmine nesèsè. Paran/gadyen yo ke pitit yo pa pase yon depistaj, enfimye a pral avèti yo. Swivi doktè ak dokiman medikal retounen bay enfimye lekòl la obligatwa pou konplete pwosesis depistaj la.

Elèv kap antre nan 10zyèm ane yo oblije pa lwa Eta a pou yo soumèt yon rapò egzamen medikal kouran. Elèv 10zyèm ane yo ki pa soumèt yon rapò egzamen medikal rive nan mekredi anvan

Thanksgiving pral pran sispansyon nan lekòl la pou jis lè rapò a remèt bay enfimye a. Absans nan lekòl la pou rezon sa a pral konte nan règleman absans la. Yo pran pwa epi mezire elèv nan 10zyèm ane yo, epi yon rapò BMI pou chak elèv ak pousantaj kalkile yo ap poste oswa kominike dirèkteman alekri bay paran/gadyen elèv la. Paran/gadyen yo kapab mande alekri pou pitit yo a pa patisipe nan depistaj sa a.

Tout elèv ki swete patisipe nan espò lekòl segondè dwe gen yon egzamen medikal ajou nan dosye yo ki deklare ke elèv la otorize medikalman pou patisipe. Egzamen an dwe fèt nan ane match ap jwe a. Elèv yo ki pa gen asirans medikal oswa yon doktè prensipal ta dwe kontakte enfimye lekòl la pou asistans.

DOSYE SANTE

Yon dosye fizik epi elektwonik (òdinatè) pou chak timoun nan men enfimye lekòl la. Li gen ladan li vaksinasyon, rezilta depistaj anlè a, wotè, pwa, dosye egzamen medikal, ak nenpòt lòt enfòmasyon medikal ki gen rapò. Tout vizit nan biwo sante ak swen enfimye yo anrejistre tou sou òdinatè a. Norwood Public Schools angaje li pou pwoteje vi prive elèv yo. Enfòmasyon medikal yo ap rete konfidansyèl amwens ke nou resevwa konsantman siyen yon paran/gadyen. Yo ankouraje paran yo pou kominike ak konseye oryantasyon elèv yo a oswa pwofesè yo dirèkteman pa imel pou enfòmasyon yo de kondisyon medikal ki gen rapò yo.

RÈGLEMAN BYENNÈT

Distrik Norwood Public School la angaje li pou li bay yon anviwònman lekòl ki ankouraje epi pwoteje sante timoun yo, byennèt yo, ak kapasite yo pou aprann pa sipòte yo epi aprann yo manje sènman ak aktivite fizik.

- Asire ke Pwogram Nitrisyon Lekòl a koresponn chak jou ak lwa eta epi federal yo
- Asire ke distrik la respekte lwa eta MA “An Act Relative to School Nutrition” (M.G.L.c.111,s222) (Yon Lwa ki Gen Rapò ak Nitrisyon nan Lekòl)
- Bay tout elèv edikasyon sou Nitrisyon
- Ede fanmi ak kominote ak edikasyon sou nitrisyon
- Ankouraje edikasyon sante pou kominote lekòl la

Konsey Sante Lekòl la, ki gen ladan li paran/gadyen, pwofesè, enfimye, pwofesyonèl nitrisyon ak sèvis manje, manm kominote enterese, epi dirèkte yo; reyini 4 fwa pa an pou kontwole, evalye, epi ankouraje Règleman Byennèt Norwood Public School la. Konsey Sante Lekòl la ankouraje pou yo devlope pou tout lavi, abitud manje sen ak aktivite fizik pou tout elèv yo nan chak nivo klas yo pa:

- Limite kantite fèt nan sal klas yo
- Akouraje fèt/rekonesans pou anivèsè nesans san manje
- Dekouraje rekonpans manje

Depistaj Sibstans (SBIRT) (Dwòg)

Pou respekte lwa eta Massachusetts, Norwood Public School fè yon depistaj SBIRT (Screening, Brief Intervention, Referral to Treatment) (Depistaj, Entèvansyon Rapid, Referans pou Tretman) pou tout elèv 7yèm ak 9yèm ane yo. Objektif depistaj SBIRT se pou ofri konvèsasyon ak enfòmasyon pou ede anpeche elèv yo kòmanse sèvi ak alkòl, mariwana oswa lòt dwòg, oswa pou entèvni bonè nan itilizasyon sibstans. Sesyon depistaj elèv yo pral kout, apeprè 5 minit, epi ap fèt konfidansyèlman epi an prive nan yon reyinyon en-na-en ak enfimye lekòl la oswa konseye oryantasyon an. Elèv yo ki pa sèvi ak sibstans pral gen chwa sen yo ranfòse. Enfimye an oswa konseye oryantasyon an pral bay opinyon oswa refere pou plis evalyasyon pou elèv ki rapòte sèvi ak sibstans yo, oswa ki a risk pou itilizasyon sibstans alavni. Yap mande tout elèv yo pou yo konplete

yon evalyasyon anonim depistaj la, epi yo pral resevwa kèk materyèl edikasyonèl ak yon lis resous nan moman depistaj la.

Rezilta depistaj SBIRT la pap antre nan dosye lekòl elèv la. Okenn enfòmasyon pa pral pataje ak okenn pèsonèl san pèmision alekri elèv ak paran. Paran yo ki swete ke yo retire elèv yo a nan depistaj SBIRT la kapab kontakte enfimyè lekòl la alekri. Elèv yo gen dwa tou chwazi yo menm pou yo pa reponn yon pati oswa tout kesyon yo nan moman depistaj la.

LAVI ELÈV

PREZANS

Komite Norwood School la kwè ak fòs nan enpòtans prezans regilye pou tout elèv yo. Komite a swiv, epi respekte konplètman, Chapit 76 lwa Commonwealth of Massachusetts la (Kominote Massachusetts), ki defini règleman prezans yo. Eksepte nan ka maladi ak sikonstans inik, yo attann yo ke elèv yo prezan lè lekòl la ap fonksyone.

Si yon paran ta chwazi pou kenbe yon elèv andeyò lekòl la pou de rezon ki pa maladi oswa sikonstans inik, lekòl la ak pwofesè endividyèl (yo) pap pran responsablite pou swa prepare leson yo davans pou elèv la oswa pou bay leson endividyèl oswa èd endividyèl entansif pou elèv la lè li tounen. Se pral responsablite elèv la ak paran an pou idantifye travay ki ka manke a. Alò ke pwofesè a ap bay kantite asistans nòmal la, se responsablite elèv la pou li ratrape travay sa a.

Prezans regilye epi alè nan lekòl la ak klas la pa sèlman vital pou siksè akademik elèv la, men li kritik tou pou kapasite ak kondisyon lavi. Etan done ke aprantisaj ki fèt lan klas la paka repwodwi, Norwood High School konekte kredi kou akademik yo ak prezans yo. Absans, reta, ak soti lekòl la gen kòm rezilta kredi kap pèdi pou kou elèv la pase yo.

PWOGRAM AVÈTISMAN PREZANS

Si yon paran/gadyen manke avèti lekòl la pou yon absans, elèv yo ki absan nan lekòl la yo pral resevwa yon mesaj telefòn otomatik kap enfòme paran/gadyen yo sou absans elèv la. Elèv yo ki reyini senk oswa plis absans san ekskiz, oswa ki rate de oswa plis peryòd sans ekskiz nan omwen 5 jou nan yon ane lekòl, pral resevwa yon avètisman alekri pou absans sa yo. Paran/gadyen yo pral jwenn opòtinite pou rankontre Direktè a, oswa moun deziye a, pou diskite yon plan aksyon pou prezans elèv. Yo ka voye lòt avètisman an plis lè sa nesese.

RÈGLEMEN EKSE ABSANS

Absans eksepsif san ekskiz nan nenpòt klas gen dwa lakòz kredi pèdi nan kou a pou kondisyon ak kritè ki apre yo:

1. Pou tout kou yo règleman prezans lan dwe detèmine sou yon baz tèm yo. Absans eksepsif pou yon tèm pral lakòz elèv la pèdi 1 kredi pou tèm lan.
2. Absans pou rezon medikal konfime pa yon doktè, swa alekri ou pa telefòn, pa pral konte nan règleman absans eksepsif la, akondisyon ke konfimasyon an fèt bay chak pwofesè NAN ESPAS 10 JOU APRE FEN TÈM LAN. Yo ankouraje elèv yo pou yo soumèt dokiman yo pi vit posib. Nenpòt lòt absans medikalman ekskize pou Tèm 4 dwe resevwa pa yon administratè pa pita ke dènye jou pwograme nan kalandriye lekòl la.

3. Tout absans, eksepte sa ki ekskize alekri pa yon administratè (egzanp medikal, travay-etid apwouve, vizit deyò lekòl, aparans nan tribinal, lantèman fanmi, fèt relijye) dwe konte nan règleman absans eksesif la. **Nòt: administratè yo pral sèvi ak diskresyon yo apre de diskisyon ak yon paran/gadyen lè yap detèmine si wi ou non yap eskize yon absans.**
4. Rapò avètisman pou absans eksesif yo pral jan ki di apre a: Lèt avètisman absans eksesif yo afiche nan Pòtal ASPEN lan nan chak demi-tèm (4x pa an) epi lèt absans eksesif yo distribye bay elèv yo nan fen chak tèm.

LONGÈ KOU	AVÈTISMAN	PÈT KREDI
Ane antye / demi ane	2 abs.	5/3 abs.

Nòt: Akòz yon Tèm 4 rakousi pou senyò yo, yon senyò ki gen twa (3) oswa plis absans sans ekskiz pandan Tèm 4 pral pèdi kredi pou tèm lan.

5. Yo kapab mande yon konferans paran nan moman yo bay nenpòt avètisman. Si elèv la absan pou plis pase kantite reyinyon klas yo pèmèt la, yo pral avèti paran/gadyen an ke timoun lan pral pèdi kredi pou tèm lan nan kou sa a.
6. Yon elèv ki resevwa yon avètisman "ap echwe" pap kalifye pou patisipe nan okenn aktivite an rapò ak lekòl la sa ki ka bay kòm rezilta absans li pou nenpòt klas pou rès tèm sa a.
7. Yon elèv ki echwe yon kou nan fen tèm lan pap kalifye pou patisipe nan okenn aktivite an rapò ak lekòl la sa ki ka bay kòm rezilta absans li pou nenpòt klas pou omwen kòmansman pwochen tèm lan. Kalifikasyon kapab refèt lè rapò pwogrè yo oswa kanè yo emèt.
8. Nenpòt elèv ki gen yon reta san ekskiz pou plis pase trant minit pral konsidere kòm 'absan' nan kou sa a pou rezon prezans.
9. Si yon elèv rate yon egzamen demi-tèm oswa final epi li pa jwenn yon absans ekskize nan men yon administratè, li ka resevwa yon nòt zewo (0) pou egzamen.
10. Nenpòt elèv ki te absan kenz (15) jou youn apre lòt epi ki pa reponn pou etap ki ekri anlè a yo pral resevwa yon lèt soti nan lekòl segondè a kap envite paran/gadyen an ak elèv lan nan yon reyinyon pou diskite sou sak anpeche elèv la vin lekòl. Yo dwe voye lèt sa a nan espas dis (10) jou apre 15zyèm jou absans lan. Yon ekip sipò pral disponib pou diskite sou efè negatif ki genyen lan kite lekòl bonè a, avantaj yon diplòm lekòl segondè, ak opsyon derechanj ki ka gen ladan yo terapi edikasyon espesyal oswa diferan pwogram edikasyon de rechanj.

ABSANTEYIS AK ABSANS NAN KLAS KI PA OTORIZE (KOUPI)

Yon koup (cut) defini kòm yon absans ki pa otorize epi/oswa pa apwouve nan yon kou oswa plizyè kou. Absanteyis (Truancy) la defini kòm yon absans ki pa otorize pou plis pase de (2) peryòd klas nan yon (1) jou.

Lè yo detèmine ke yon elèv se yon absanteyis oswa koupe yon klas, yo pral bali yon detansyon epi yap avèti paran/gadyen an. Koup (cut) klas konte kòm absans san ekskiz nan yon kou epi kontribye nan yon posib pèt kredi pou kou a, dapre "Règleman Absans Eksesif" yo di pi wo a. Konsekans kapab aplike dapre tablo ki apre a;

KOUPI

Premye koupi

Dezyèm koupi

Twazyèm koupi

Katriyèm oswa koupi apre yo

KONSEKANS

2 detansyon biwo ak

Kominikasyon Paran

2 detansyon biwo ak

Reyinyon Paran

4 detansyon biwo

Sispansyon nan Lekòl

Tès, kesyonè, lòt devwa ak travay lekòl, ki rate akòz yon koupi oswa absanteyis, pa kapab ratrape. Elèv yo pral resevwa yon zewo (0) pou travay rate a. Absanteyis nan lekòl la pral gen kòm rezilta sis (6) èdtan detansyon nan biwo ak yon reyinyon paran ak administratè a. Lè sa apwopriye, referans pou absanteyis ap fèt bay Ofisye Prezans Depatman Polis Norwood la. Koupi yo kalkile an adisyon pou tout ane lekòl la, pou chak kou.

RETA

Pandan ke sèten sikonstans rive tanzantan ki fè ke yon elèv anreta pou lekòl, prezans alè chak jou se yon woutin pèsonel enpòtan ke yo dwe kreye epi soutni pou fonksyone pwofesyonèlman. Reta elèv nan lekòl ak kou deranje aprantisaj pou elèv la ak pwofesè a. Konsa, reta eksekisif nan klas ka menen konferans pwofesè/paran, detansyon pwofesè, detansyon biwo, oswa lòt entèvansyon baze sou lekòl.

RANVWA

Lan ka maladi, yo bay pèmisyon pou ranvwa sèlman pa enfimyè lekòl la oswa pa administrasyon an. Tout lòt ranvwa mande yon demand alekri soumèt pa yon paran/gadyen bay yon administratè pou otorizasyon. Yo pap aksepte yon demann ranvwa yon elèv pa telefòn.

RAPÒTE ABSANS

Yo mande paran/gadyen yo pou rele lekòl segondè a (769-2333) vè 8:30 a.m. lan jou absans yon elèv. Absans yo ekskize pou maladi ki dokimante mekikalman oswa randevou ki dokimante epi ki paka repwograme pou yon lot lè. Yap pèmèt Jinyò ak Senyò twa (3) absans ekskize pou vizit kolèj apwouve pa yon konseye. Yo atann ke elèv yo pwograme yon randevou medikal/dantal woutin apre lekòl. Absans nan lekòl trete tankou yon afè serye akòz efè negatif dirèk li jeneralman genyen sou aprantisaj ak reyalizasyon.

YON ELÈV PA GEN DWA PATISIPE NAN OKENN AKTIVITE ANDEYÒ KOU NAN YON JOU ABSANS AMWENS KE PATISIPASYON SA A APWOUVE DAVANS PA YON ADMINISTRATÈ.

AN-DEYÒ-SAL

Paske se yon distraksyon pou elèv ak pwofesè yo pou gen elèv kap pase nan koulwa yo pandan peryòd kou yo, elèv yo pa otorize pou yo nan koulwa yo pandan peryòd kou yo san yon pèmi otorize. Nenpòt elèv ki nan koulwa yo pandan peryòd yon kou dwe gen yon tikè andeyò sal ki di non li, kibò li prale, lè, dat ak siyati pwofesè ki libere li a.

SAL A MANJE

Tout plato manje ak tach likid dwe soti sou tab la pou ke elèv nan pwochen dejene a kapab gen yon plas pwòp kote li ka chite epi manje. Elèv yo responsab pou netwaye apre yo menm, epi sa ki pa fè sa yo kapab pran detansyon. Manje ak bwason pa gen dwa pote deyò sal a manje elèv la.

ETID DIRIJE

Yo pèmèt elèv yo pran yon lesepase pou bibliyotèk la oswa oryantasyon pandan Etid Dirije. Elèv ki gen lesepase yo dwe prezante yo nan sal etid ke yo ba yo a nan kòmansman peryòd la epi siyen pou

sòti. Elèv yo pa gen dwa siyen pou sòti epi ale nan yon sal klass kote ke gen yon kou kap fèt lè sa a. Pandan yon tèm lè yon elèv resevwa yon avètisman 'ap echwe' oswa 'an danje pou echwe', elèv la dwe ale nan Etid Dirije a. Yon elèv ki resevwa de (2) oswa plis move nòt sou yon kanè dwe ale nan Etid Dirije a pou jis lè yon Rapò Pwogrè montre ke elèv la nan bon kondisyon akademik.

BIBLIYOTÈK

Bibliyotèk Norwood High School la ofri yon bel zòn travay pou etid, rechèch oswa fè lekti pou plezi ki san bri. Konpòtman ak langaj respektye epi kòrèk obligatwa tout tan, kesaswa avan ak apre lekòl. Elèv yo ka jwenn lesepase pou Bibliyotèk NHS la avan lekòl ak ant kou yo. Yo pa bay lesepase apre klòch la sonnen. Elèv yo rete nan bibliyotèk la pou tout peryòd la epi ta dwe planifye travay yo kòm sadwa. Elèv yo responsab pou netwaye zòn travay yo a ak ladan li pou retounen liv yo nan charyo yo, ranmase papye ki tonbe yo, epi mete chèn yo kote pou yo ye a. Nenpòt elèv ki resevwa yon move nòt nan de oswa plis kou nan tèm avan an dwe swa rete nan etid dirije swa swiv yon sesyon leson patikilye nan matyè (yo) ke li fè move nòt yo.

TELEFÒN SELILÈ AK Lòt APARÈY ELEKTWONIK

Alò ke Norwood High School rekonèt nati ki tout kote ak itilizasyon ke elèv yo paka evite pou aparèy elektwonik pèsònèl yo, elèv ki manke responsablite yo kap sèvi ak elektwonik yo kreye yon gwo distraksyon pou elèv ak pwofesè yo, avek de obstak serye pou aprantisaj. Telefòn selilè yo, ak lòt aparèy elektwonik yo ta dwe etenn epi rantrè tout tan pandan kou, amwens ke yon pwofesè bay yon konsantman afimatif. Sa gen ladan li tou koulwa yo an zòn komen yo (twalèt yo, antre a) pandan tan yap bay kou yo. Nenpòt apèl telefòn dwe fè swa nan Biwo yon administratè swa nan Biwo Oryantasyon an. Aparèy pou jwe epi anrejistre video, bipè, opalè ak pwentè lazè yo entèdi.

NENPÒT ELÈV YO JWENN AK ANREJISTRÈ FOTO AK/OSWA ODYO OSWA VIDEO GEN POSIBLITE POU JWENN SISPANSYON AK ENPLIKASYON LAPOLIS.

Konsekans disiplinè pou vyolasyon règleman aparèy elektwonik la se sak apre a:

- 1^{ve} vyolasyon - Aparèy la remèt bay yon administratè epi yo tounen li bay elèv la nan fen jounen an.
- 2^{zyèm} vyolasyon - Aparèy la remèt bay yon administratè epi yo tounen li bay elèv la nan fen jounen an. Elèv la ap resevwa yon (1) detansyon. Yon administratè pral kominike ap paran/gadyen.detention. An administrator will communicate with parent/guardian.
- 3^{zyèm} vyolasyon - Elèv la dwe remèt aparèy la bay administratè li a, epi yap retounen li bay paran oswa gadyen an. Elèv la pral pèdi privilèj pou li gen aparèy elektwonik nan lekòl la pou jis fen pwochen trimès akademik la.

Si yon elèv kontinye vyole atant sa yo, oswa refize remèt aparèy elektwonik la bay yon manm pèsònèl la lè yo mande li sa, yo ka bay elèv la yon sispansyon andedan lekòl, pou jis oswa amwens ke paran/gadyen elèv la vini lekòl la pour reprann aparèy la (yo). Elèv yo ke yo jwenn ki gen nenpòt aparèy elektwonik vizib pandan yon kesyonè, tès, oswa evalyasyon, amwens ke pwofesè matyè a otorize li, ka resevwa yon zewo (0) pou kesyonè, tès, oswa evalyasyon sa a.

LIVREZON

Livrezon flè, livrezon balon, elatriye ki fèt nan lekòl la yo pral kenbe yo nan biwo pwensipal la pou jis fen jounen an. Yo pral avèti elèv yo pou livrezon an epi yap kapab vin nan biwo a lè lekòl la ap fèmen pou pran livrezon an.

VIZITÈ

Yo pa pèmèt vizit pa elèv ki pan nan Norwood High School pandan jounen an. Tout vizitè dwe anrejistre nan biwo pwensipal la pou resevwa pèmasyon pou yo antre lan bilding lan epi pou resevwa yon lesepase vizitè.

PAKING

Paking elèv sou kanpis la se yon privilèj. Yon kantite espas limite pral disponib pou senyò. Pèmi

pral bay pou sa ki peye yon \$100 frè paking yo epi montre yon lisans chofè Massachusetts valab ak yon anrejistreman oto Massachusetts valab.

KOMISYON ANDEYÒ KANPIS

Elèv yo PA gen dwa kite teren lekòl la pou fè komisyon amwens ke yo jwenn pèmision davans nan men yon administratè lekòl.

RÈG ABIMAN

Responsablite pou abiman ak aparans elèv yo rete nan men chak elèv ak paran/gadyen yo.

Yo gen dwa pou detèmine kijan elèv la pral abiye depi ke rad yo pa destriktif pou pwopriyete lekòl la, respekte règleman pou sante ak sekirite, epi pa lakòz dezòd oswa deranjman. Administrasyon kenbe rezèv jijman epi otorize pou pran aksyon nan ka ke abiman de moun pa respekte kondisyon yo mande yo.

Yap definin rad ki pa kòrèk, men pa sèlman, kòm yon rad ki montre oswa ankouraje, ak foto oswa mo, nenpot langaj sal, endesan oswa ofansif; nenpòt pwodwi tabak oswa itilizasyon pwodwi tabak; nenpòt pwodwi alkolik oswa itilizasyon pwodwi alkolik; materyèl ki gen nati seksyèl ki klè oswa sipoze; nenpòt sibstans ki pa legal oswa itilizasyon sibstans ki pa legal; aksyon vyolans vre oswa sipoze; materyèl ki rezonabman kapab pouse pou oswa lakòz deranjman nan yon kontèks rasyal, relijye, etnik, oswa lòt kontèks.

Sa pa vle di ke gwoup elèv, pwofesè, oswa paran yo pa ka rekòmande abiman kòrèk pou lekòl oswa okazyon espesyal yo. Sa vle di ke yo pap anpeche elèv yo vini lekòl oswa yon seremoni lekòl, oswa sibi diskriminasyon, depi ke abiman yo ak aparans yo respekte kondisyon ki di anlè a.

AKSYON DISIPLINÈ POU VYOLASYON RÈG ABIMAN

Si se yon vyolasyon ekstrèm pou règ abiman, yap mande elèv la pou li chanje rad li oswa yap voye li lakay li pou li chanje rad.

Pou vyolasyon ki pa ekstrèm:

1^{ye} ofans: Avètisman - yo mande elèv la pou li pa mete rad sa a ankò

2^{zyèm} ofans: Yon (1) detansyon nan biwo epi yap mande elèv la pou li chanje rad

3^{zyèm} epi ofans ki apre yo: Yo ka konsidere ke règ konpotman pa respekte.

Nenpòt manto, vès, manto eski, oswa sivètman dwe sere nan kazye elèv la. Pwofesè yo kapab mande tou ke tout elèv yo antre nan klas san sakado yo, epi sakado sa yo ap sere nan kazye yon elèv avan kou a. Règ Abiman sa a pata dwe ranfòse pou jis li kreye konfli ak respè relijye, oswa yon kondisyon medikal dokimante.

KAZYE

Yo asiyen kazye yo dapre yon pwosedi ke yo anonse nan premye jou lekòl la. Paske eta a bay ofisyèl lekòl yo responsablite jere pwogram lan yon jan pou ke sante ak sekirite tout moun ki enplike yo pa an danje, administrasyon gen alafwa dwa epi devwa pou ankete an detay lè yo sispèkte prezans alkòl, dwòg, zam, eksplozif, oswa lòt materyèl danjere. Administrasyon an gen dwa pou li ouvri epi enspekte kazye yon elèv a nenpòt moman. Yap verifiye kazye elèv yo tanzantan. Domaje yon kazye ap lakòz yon konpansasyon lajan pou lekòl la egal a pri li koute pou repare kazye a.

LIV, EKIPMAN, AK PWOPRIYETE LEKÒL

Swen ak pwoteksyon pwopriyete lekòl la se responsablite tout moun nan lekòl la. Liv yo ak ekipman yo se pwopriyete Vil Norwood la epi yo dwe retounen yo nan menm eta ke yo te bay yo. Elèv yo responsab finansyèman pou liv oswa ekipman ki pèdi oswa domaje epi yap mete yo nan lis obligasyon an. Domaj sou pwopriyete lekòl la kapab lakòz detansyon, sispansyon, ranbousman lajan, ak enplikasyon posib lapolis. Si yon liv oswa ekipman pa retounen, elèv la dwe peye pou liv ak/oswa ekipman ki pèdi a.

PATISIPASYON NAN EVENMAN ANDEYÒ PWOGRAM KOU YO

Yon elèv pa gen dwa patisipe nan nenpòt evenman andeyò pwogram kou yo oswa antrenman lan jou ke li absan oswa lè lap sèvi yon sispansyon. Anplis, elèv yo kap patisipe nan aktivite andeyò pwogram kou yo dwe enskri nan Norwood High School oswa nan yon pwogram lekòl-lakay apwouve. Elèv Norwood yo ki nan lekòl prive gen dwa patisipe nan aktivite andeyò kou Norwood High School yo si lekòl pa yo pa ofri yon aktivite konparab.

AKTIVITE

Aktivite tankou, Konsèy Elèv, Klib Franse, G.S.A., S.A.D.D., epi Klib Amitye, reyini nan fen jounen lekòl la epi yo ouvri pou elèv ki enterese epi kalifye yo. Aktivite yo ajoute oswa abandone jan enterè elèv varye epi jan pwofesè konseye yo vin disponib. Kalifikasyon pou aktivite andeyò pwogram kou yo (gen ladan yo tout biwo ki eli yo), atletik, ak mizik tou epi pwogram teyat yo, pral entèprete epi ranfòse dapre menm estanda yo. Yon elèv dwe genyen ven (20) kredi lan fen chak tèm pou li kapab kalifye pou patisipe nan aktivite yo. Nòt final pou ane a dwe montre estanda sa yo pou ka kalifye pou premye tèm nan pwochen ane akademik la.

KONFLI: ATLETIK/ATIZAY PLASTIK

Sak apre a se sa elèv yo ta dwe fè si gen yon konfli ant yon antrenman oswa evenman atletik, avèk yon pratik oswa evenman atizay plastik. Kesyon espesifik yo regadan orè sa a ta dwe refere bay Direktè Atletik la ak Direktè Atizay Plastik la.

Atizay Plastik

Repetisyon

Pèfòmans

Repetisyon

Repetisyon

Repetisyon Abiye

Repetisyon Abiye

Pèfòmans

Atletik

Antrenman

Antrenman

Match

Nwit Rekonpans

Antrenman

Match

Match

Responsablite Elèv la

Antrenman separe

Pèfòmans

Match

Nwit Rekonpans

Repetisyon Abiye

Match premye/Repetisyon dezyèm

Chwa elèv la ak konsekans

Plizyè nan pwogram mizik yo konekte ak nòt akademik yo (Madrigal, Konsè Koral, Konsè Gwoup, Ansanm a Van, epi Òkès). Kou sa yo fèt pandan lajounen avèk kèk sware repetisyon avan pèfòmans yo.

AKTIVITE ANDEYÒ LEKÒL

Etablisman Norwood High School la PAKA sèvi pou okenn kalite pwomnad ki pa òganize pa lekòl la. Sa gen ladan yo sèvi ak avètisman chak jou yo, sal pou reyinyon yo, ak afich sou tablo bilten yo.

VIZIT ANDEYÒ LEKÒL

Sòti edikatif yo òganize tanzantan pou bay yon anrichisman edikasyonèl. Pèmisyon parantal pral nesèsè pou elèv yo patisipe nan okenn sòti edikatif òganize pa lekòl la. Yon elèv ki resevwa yon avètisman "ap echwe" ka pa kalifye pou li patisipe nan okenn aktivite ki gen rapò ak lekòl la, sa ki ka gen kòm rezilta nan absans yo pou nenpòt kou pou rès tèm sa a.

Yon elèv ki echwe nan yon kou pap kalifye pou patisipe nan okenn aktivite ki gen rapò ak lekòl la, sa ki ka gen kòm rezilta absans yo nan nenpòt kou pou omwen kòmansman pwochen tèm lan. Kalifikasyon pou sòti edikatif yo kapab retounen lè rapò pwogrè yo oswa kanè nòt yo bay.

Si yon elèv gen yon alèji ki menase lavi li epi bezwen yon epi-pen, enfimyè lekòl la dwe genyen yon lòd doktè kouran avèk fòm pèmisyon parantal yo ki siyen epi yon epi-pen kouran nan men li yon semèn avan ke elèv la patisipe nan okenn sòti edikatif. Elèv yo kap patisipe oswa frekante aktivite òganize pa lekòl la yo, gen ladan yo atletik, echanj kiltirèl, vwayaj nan peyi etranje, lakay oswa lwen, dwe respekte tout règleman lekòl ak disiplin lekòl.

RANMASAJ LAJAN

Elèv yo pa gen dwa vann oswa pran kòmmand pou okenn machandiz nan lekòl la oswa lan non lekòl la pou yon pwojè ki pa apwouve pa direktè a.

KOMITE KONSÈY ELÈV

Seksyon 38M. Komite lekòl vil yo, vilaj yo epi distrik lekòl rejyonal yo pral reyini omwen yon fwa chak de mwa, pandan mwa ke lekòl yo ap fonksyone, ak yon komite konsiltatif elèv ki gen ladan li senk manm ki se de elèv ki eli pa ansanm elèv lekòl segondè a oswa lekòl segondè nan chak vil, vilaj oswa distrik lekòl rejyonal yo. Manm komite konsiltatif elèv sa yo dwe, pa vòt majorite avan premye jou mwa jwen an nan chak ane eli yon prezidan ki pral sèvi pou yon tèm yon lane. Prezidan sa a se yon manm dofis nan komite lekòl la ki pa gen dwa vote, san dwa pou asiste sesyon egzekitif yo amwens ke komite individyèl lekòl la ba li dwa sa. Prezidan sa a dwe respekte tout règ ak règleman komite lekòl la yo epi dwe sèvi san konpansasyon. Yon komite lekòl la kapab nonmen yon kowòdinatè enfòmasyon elèv pou li asire fòmasyon yon komite konsiltatif elèv epi enfòmasyon komite konsiltatif la regilyèman sou pwogram komite lekòl la.

KONSEY LEKÒL LA

Seksyon 53 Chapit 71 nan Lwa 1993 yo kreye yon konsèy lekòl nan chak lekòl segondè nan Commonwealth la (Kominote a). Chak konsèy dwe genyen kòm manm moun ki apre yo: direktè a, ki sèvi kòm youn lan de ko-prezidan yo; pwofesè yo ki nan lekòl la; paran elèv yo ki nan lekòl la; omwen youn nan elèv lekòl la; ak "lòt moun" ki pa paran oswa pwofesè oswa elèv nan lekòl la. A yon sèl kondisyon se ke kantite paran an dwe egal kantite pwofesè a plis direktè a. Règ ki gen rapò ak konpòtman elèv yo gen pou yo revize chak ane pa konsèy lekòl la. Yap pwograme yon seyans diskisyon nan pwentan an pou rasanble lide ak pwopozisyon nan men ansanm elèv yo.

KONSÈY ELÈV AK BIWO KLAS

Objektif Konsèy Elèv la se pou ankouraje yon pi bon konpreyansyon, pou amelyore relasyon jeneral ant ansanm elèv yo avèk pèsònèl la, epi sipòte oswa egzekite nenpòp pwogram oswa lide ki dwe mennen avantaj bay lekòl la ak tout sa ki konekte avèk li yo.

Eleksyon Ofisye Klas yo fèt chak pwentan nan ane lekòl la. Elèv ki enterese pou vin kandida yo dwe jwenn papye nominasyon ak omwen ven (20) siyati kanmarad klas yo a pou yo ka gen non yo parèt

sou bilten vòt la. Yo eli ofisye ki apre yo: prezidan, visprezidan, sekretè, trezorye, konseye atletik yo (2), epi konseye atizay plastik. Ofisye Klas yo pral patisipe epi jwe yon wòl aktif nan Konsèy Elèv la. Yo eli yo pou reprezante kanmarad yo, alò pwezans ak patisipasyon nan reyinyon Konsèy Elèv la yo ak aktivite yo enpòtan. Manm yo gen obligasyon pou asiste tout reyinyon yo ki fèt an jeneral avan oswa apre lekòl. Pa asiste de reyinyon ka gen kòm rezilta ke yo retire moun lan nan Biwo Klas la ak Konsèy Elèv la tou. Yon soukomite ofisye klas pral patisipe nan Komite Konsiltatif Elèv nan Komite Norwood School la.

RÈGLEMAN AK BIWO ELEKSYON

Elekasyon pou Konsèy Elèv ak Biwo Klas la konsidere kòm alafwa yon pwivilèj epi yon responsablite ki enpòtan anpil. Kesyon ragadan règ ak règleman eleksyon yo kapab revize avèk Komisyon Eleksyon an. Yo pral bay kandida yo senk (5) jou pou pi piti pou rasanble siyati obligatwa pou yo ka mete yo sou bilten vòt la. Elèv kap kandida pou Biwo Klas Senyò yo dwe pou yo te yon manm aktif nan Konsèy Elèv la pandan omwen yon (1) lane avan (asiste omwen 50% reyinyon Konsèy Elèv yo).

Ofisye Klas:

Prezidan

Visprezidan

Sekretè

Trezorye

Konseye Atletik (2)

Konseye Atizay Plastik

RESTRIKSYON ELEKSYON

Elèv ki entere pou kandida pou Biwo Klas yo dwe jwen yon fòm nominasyon ak omwen ven (20) siyati kanmarad klas li, epi asiste yon reyinyon avèk konseye Konsèy Elèv la pou yo gen non yo parèt sou bilten vòt la. Papyè nominasyon yo disponib nan men konseye Konsèy Elèv la. Yo pap aksepte okenn kandidati ekri alamen.

Pou li kapab kandida pou nenpòt biwo senyò, yon elèv dwe te sèvi nan Konsèy la pou yon peryòd yon (1) lane. Elèv ki entere sèvi kòm yo repwezantan dwe jwenn enfòmasyon nan men konseye Konsèy Elèv la. Tout kandida ak ofisye eli yo dwe resevwa nòt ki fè yo reyisi nan tout matyè yo epi pou yo gen bon eta disiplinè*. Si yon elèv pa reyisi rive nan estanda sa a, yap mete li nan pwobasyon (peryòd esè) pou tèm apre a. Pandan pwobasyon an yo atann ke elèv yo patisipe nan tout aktivite Konsèy Elèv yo men pa lan yon pozisyon dirijan. Si elèv la apre sa atenn estanda a nan tèm pwobasyon an, lap retounen nan biwo a epi li kalifye pou li kandida pou eleksyon. Chak ofisye gen dwa pou YON tèm pwobasyon. Nan ka ke ofisye a revoke, yap bay kandida ki te vin apre li nan eleksyon final la pozisyon an.

Nenpòt aksyon disiplinè pou yon elèv ki gen yon pòs eli pral gen kòm rezilta yon revizyon kalifikasyon li yo pa yon administratè pou detèmine si elèv la dwe ale nan pwobasyon oswa revoke de pozisyon an. Jan li ekri anlè a, yo pèmèt chak ofisye sèlman YON tèm pwobasyon, swa akademik swa disiplinè.

*Sa aplike pou tout elèv yo ki gen yon pozisyon eli nan nenpòt klib oswa aktivite.

RÈGLEMAN AK PIBLISITE KANPAY

Yo akouraje elèv yo pou yo afiche ansèy kanpay yo sou tablo bilten an nan tout bilding lan ak nan

salamanje elèv la. Ansèy yo dwe apwouve pa yon asistan direktè oswa konseye Konsèy Elèv la. Ansèy ki negatif oswa pa apwopriye yo manm pèsonèl yo ap retire yo. Atik ki gen rapò ak piblisite pou kanpay la dwe apwouve pa yon administratè oswa konseye Konsèy Elèv.

"Morning news" la (nouvèl maten yo) disponib pou enfòmasyon sou kanpay lèw kontakte konseye nouvèl maten yo. Pap gen kanpay nan televizyon pou jou eleksyon an. Yap entèdi fè kanpay nan salamanje elèv la nan Jou Eleksyon an. Sa gen ladan li distribye materyèl kanpay, sipòte yon kandida aloral, abiye ak materyèl kanpay nan jou eleksyon an, oswa afiche ensèy kanpay yo.

KOMISYON ELEKSYON

Règ ak Règleman eleksyon yo pral ranfòse pa Komisyon Eleksyon an ki fòm pa direktè a, konseye Konsèy Elèv la, yon administratè, epi de elèv. Tout pwoblèm ki konsène kalifikasyon, pwosedi bilten vòt, epi vote kapab refere bay Komisyon an. Komisyon Eleksyon an pral reyini nan prentan an pou revize epi/oswa chanje pwosedi eleksyon yo.

SOSYETE NASYONAL ONÈ

Rezime

Manm nan National Honor Society (Sosyete Onè Nasyonal) se youn nan pi gwo onè ke yo ka bay yon elèv lekòl segondè. Vin yon manm se menm plis pase yon onè; li gen landan li responsablite. Elèv yo dwe fè efò pou respekte valè fondamantal etid yo, lidèchip, sèvis, epi moralite chak jou epi toulèjou.

Pou kalifye pou vin manm, yon elèv dwe se yon manm klas jinyò oswa senyò epi te nan Norwood High School pou piti yon tèm. Apre nòt premye tèm lan yo afiche, jinyò ak senyò yo ki gen yon GPA 3.5 adisyonen oswa pi wo, yo envite yo pou soumèt yon fòm pou seleksyon nan sosyete a. Kòmanse ak klas 2026 la, jinyò ak senyò ki gen yon GPA 4.0 adisyonen oswa pi wo, yo envite yo ou soumèt yon fòm pou seleksyon nan sosyete a.

Seleksyon yon elèv nan òganizasyon sa a pa baze sèlman sou ekselans akademik. Konsèy Pwofesè a ap revize aplikasyon yo epi seleksyone elèv ki montre edikasyon, moralite, lidèchip epi sèvis pou seleksyon nan National Honor Society a. Tout kesyon ki konsène pwosesis seleksyon an oswa kondisyon sosyete yo ta dwe al jwenn konseye chapit la. Yon pake enfòmasyon pou National Honor Society disponib pou elèv enterese yo sou demann.

Yon fwa yo investi, yo attann ke manm yo kenbe yon estanda ki etabli nan règleman ak Konstitisyon chapit la epi dwe kenbe tou yon GPA 3.5 (4.0 kòmanse ak klas 2026 la). Jinyò yo ki pa kalifye oswa ki pa seleksyone yo pral gen yon lòt chans pou yo konsidere yo pou seleksyon lan otòn ane senyò yo a depi yo genyen estanda pou kalifikasyon yo nan moman sa a.

Norwood Chapter of the Honor Society a (Branch Sosyete Onè Norwood) òganize yon pwogram lesan patikilye pa kanmarad yo nan diferan matyè. Elèv kap chèche èd ta dwe fè aranjman atravè konseye oryantasyon yo a.

Pwosedi Seleksyon yo

Pwosedi seleksyon an prepare pa konsèy pwofesè a, yon komite seleksyon ki gen 5 manm ke konseye branch la dirije, epi ki apwouve pa direktè a. Pwosedi seleksyon an disponib pou elèv yo, pwofesè yo ak paran yo ka egzamine.

Kalifikasyon Akademik: Kòm premye pa nan pwosesis la, dosye akademik elèv yo egzamine pou detèmine moun ki kalifyab nan domèn eskolè a pou yo vin manm. Minimòm GPA adisyone Norwood High School pou kalifikasyon se 3.5. Kòmanse ak klas 2026 la, minimòm GPA adisyone a

ap 4.0. Estanda minimòm sa a aplike yon jan egal epi pèmanan pou tout kandida ki gen ladan yo kandida ki gen andikap. Pou kalifye pou vin manm, yon elèv dwe yon manm klas jinyò oswa senyò epi te nan Norwood High School pou yon tèm pou pi piti.

Avètisman Kandida ak fòm yo: Elèv ki kalifye yo (egzanp kandida) yap avèti epi enfòmasyon yo ke pral gen plis konsiderasyon pou seleksyon pou branch la, yo gen pou yo ranpli fòm enfòmasyon kandida a. Fòm sa a montre reyalizasyon kandida a nan domèn sèvis ak lidèchip. Yon reyinyon pou tout elèv ki kalifyab yo pral fèt pou yo esplike eleman ki nan fòm lan epi yap ofri asistans jeneral. Elèv ak gadyen yo dwe siyen fòm sa a, pou di ke kontni a alafwa konplè epi kòrèk. Yo dwe remèt fòm yo avan dat limit la. Nenpòt fòm ki pa konplè oswa fòm ki remèt apre dat limit la yo pap konsidere yo.

Opinyon Pwofesè Anplis: Yo envite tout manm fakilte yo (pwofesè yo) pou bay opinyon yo sou kandida yo atravè yon fòm opinyon pwofesè. Manm fakilte yo dwe konsidere opinyon evalyatif yo nan fason ki pi pwofesyonèl epi kapab jistifye deklarasyon yo ak aksyon pwofesyonèl. Tout opinyon pwofesè yo dwe siyen. Fòm yo rapòte bay konsèy fakilte a pou yo ajoute enfòmasyon pa yo lè yap konsidere seleksyon yo. Seleksyon reyèl manm yo fèt pa senk manm konsèy fakilte ke yo nonmen yo.

Egzamine, delibere, epi vote: Fòm kandida a egzamine pa konsèy fakilte a, an menm tan ke lòt enfòmasyon verifyab sou kandida yo ki gen rapò ak kandidati yo, sa gen ladan li kelkeswa si kandida yo make kòm genyen yon andikap ki ta kapab afekte konsiderasyon yo. Yo egzamine Lidèchip, sèvis ak moralite tout kandida yo avèk swen. Manm konsèy fakilte yo ap delibere pou garanti ke desizyon yo baze sou konpreyansyon kòrèk epi konplè pou tout enfòmasyon prezante pou egzamine. Avèk vòt pou chak kandida, sa kap resevwa majorite nan vòt konsèy fakilte a yap envite yo pou yon enstale yo nan branch la. Tout kandida ke yo idantifye oswa make kòm "pa seleksyone" (egzanp sa ki pa resevwa majorite vòt konsèy fakilte a) yap avèti yo tou.

Rapò rezilta yo bay direktè a: Avan ke yo avèti kandida yo, koseye branch la dwe rapòte bay direktè a rezilta delibere konsèy fakilte a pou li apwouve. Lis elèv ki seleksyone epi ki pa seleksyone yo ak rezon ki fè yo pa seleksyone yo dwe antre nan rapò sa a.

Avètisman: Konseye chapit la pral voye yon avètisman fòmèl bay tout kandida seleksyone yo ak gadyen yo pou enfòmasyon yo alekri sou seleksyon an lè seremoni enstalasyon an pral fèt. Yap avèti alekri elèv ki pa seleksyone yo tou, ak ladan li domèn kandidati elèv la ki ta kapab amelyore. Yap ofri elèv ki pa seleksyone yo opòtinite pou pale ak konseye branch la sou mwayen pou ranfòse kandidati pou seleksyon posib nan ane apre a. Yap bay kandida ki pa seleksyone yo yon opsyon pou apèl.

Verifikasyon ak enstalasyon: Verifikasyon manm yo ap fèt atravè yon repons nan men elèv seleksyone a ak gadyen li an ke yap antre nan branch la epi ke yap vini nan seremoni enstalasyon an.

SOSYETE ONÈ ATIZAY NASYONAL

Sosyete Onè Atizay Nasyonal la sipòte pa Asosyasyon Nasyonal Edikatè Atizay la. Chapit Norwood High School la te kreye an 1982 epi li te 143yèm branch ki fòm nan tout peyi a. Seleksyon nan gwoup sa a vle di ke yon elèv, atravè efò li, konpòtman li ak sans devouman li nan domèn atizay la, pwouve an pèmanans kalite ki pi wo yo nan domèn etid, sèvis ak moralite li. Pou li kalifyab akademikman, yon elèv dwe enskri nan kou atizay pou yon peryòd egal ak yon (1) semès nan lekòl sa a. Kandida ki kalifyab yo gen pou yo se yon elèv lekòl segondè (Sofomò (elèv 2zyèm ane segondè), jinyò, epi senyò) epi te kenbe yon 85% nan kou atizay li ak yon minimòm mwayèn adisyone 80% lan lòt matyè li yo. Anplis tout nòt konpòtman ak efò yo dwe O oswa S. Pou li ka rete manm, elèv atizay la dwe kenbe yon mwayèn 80% nan tout kou atizay yo.

SÈVIS PATNÈ NAN NORWOOD (PINS)

Norwood High School lanse yon pwojè sèvis kominotè nouvo ke yo rele 'PINS' (Partners In Norwood Service)(Sèvis Patnè Nan Norwood). Gras a efò kolaborasyon Konsèy Elèv la, pwofesè yo, ak administratè yo, yo te ekri yon kontra ki pèmèt yon egzanpsyon pou premye oswa dènye pati etid dirije pou nenpòt senyò ki te fè sèvis kominotè pandan mwa ete yo ak pandan ane senyò a. Kredi PINS la pral sèlman bay pou senyò ki gen bon estati akademik ak prezans. Yon kopi objektif yo ak kondisyon kontra yo ak tout yon aplikasyon disponib nan biwo direktè a pou moun yo ki enterese pou patisipe nan pwogram lan.

ANREJISTEMAN VOTÈ

Elèv ki sitwayen Etazini yo epi ki pral gen dizwit (18) an nan rive nan Jou Eleksyon an kalifye pou anrejistre. Pandan ane lekòl la manm League of Women Voters (Lig Fanm Votè) yo ap sou kanpis la pou fè anrejistreman votè yo.

RÈG KONPÒTMAN

RÈGLEMAN DISIPLIN

Règ disiplin lan te fèt pou bay yon atmosfè ki pou ede reyalizasyon akademik ki pi wo posib yo.

**A. Elèv yo ke yo jwenn ki komèt ofans ki apre yo ka resevwa
DETANSYON PWOFESE:**

1. Reta nan kou
2. Pa fè devwa lakay
3. Pa kouvri liv yo
4. Pa pote materyèl obligatwa nan klas la
5. Lòt ofans pou ki pwofesè a ka deside ke detansyon nesèsè

**B. Elèv yo ke yo jwenn ki komèt ofans ki apre yo ka resevwa
DETANSYON BIWO OSWA PWOLONJE**

1. Reta nan kou ak/oswa lekòl apre 8:15 oswa pa pwezante nan biwo prensipal lè li anreta
2. Paking nan paking pwofesè yo oswa sou teren lekòl la san pèmi otorize
3. Kite teren lekòl la san pèmisyon - premye ofans
4. Sote kou
5. Deranje pwosesis edikasyon an
6. Pa vin lekòl
7. Konpòtman anti espòtif nan aktivite oswa konkou atletik yo
8. Pa prezante nan salamanje elèv la pandan segman dejene a nan dis (10) minit apre klòch la san yon nòt
9. Pa fè devwa klas la
10. Bay manti
11. Vann nenpòt ki atik ki pa apwouve pa administrasyon an
12. Yon vyolasyon Technology Acceptable Use Policy (Règleman Itilizasyon Akseptab Teknoloji) a jan yo di nan liv gid sa a.
13. Pa prezante nan yon detansyon pwofesè bay pral gen kòm rezilta de (2) detansyon biwo

**C. Elèv ke yo jwenn ki komèt ofans ki apre yo ka resevwa
SISPANSYON:**

1. Fimen oswa sèvi ak pwodui tabak san lafimen (gen ladan yo vaporizatè ak sigarèt elektwonik yo) nan bilding lekòl la oswa nan lakou lekòl la nenpòt kilè. Sa pral gen ladan li tou posede yon pwodui tabak oswa yon briki.
2. Pran dwòg oswa alkòl nan lekòl la oswa nan aktivite lekòl la òganize, oswa avan li vin lekòl oswa nan aktivite lekòl la oganize yo, oswa si yon administratè oswa enfimyè a detèmine ke li sou efè dwòg oswa alkòl oswa akseswa dwòg nan lekòl la oswa nan aktivite òganize pa lekòl la yo.
3. Posesyon dwòg oswa alkòl oswa akseswa dwòg nan lekòl la oswa nan aktivite òganize pa lekòl la.
4. Enplike nan distribisyon (bay, ofri, twoke, oswa fè echanj) dwòg oswa alkòl nan lekòl la oswa nan aktivite lekòl la òganize.
5. Batay fizik
6. Menase atak fizik

7. Atak fizik /Agresyon (ki pa seksyèl)
8. Asèlman Seksyèl
9. Agresyon Seksyèl
10. Vòlè (byen lekòl la, pèsònèl la oswa elèv)
11. Menase vòlè
12. Sèvi ak fòs pou vòlè
13. Vandalis/Destriksyon Pwopriyete
14. Destriksyon pwopriyete ak dife
15. Zam nan lekòl la
16. Lòt vyolans, oswa ofans an rapò ak sibstans (nenpòt ofans vyolans enpòtan oswa ofans an rapò ak dwòg ki pa di avan sa a).
17. Kondanasyon pou krim andeyò lekòl la
18. Brimad
19. Asèlman
20. Matirize yon elèv
21. Vyolasyon Academic Integrity Policy (Règleman Entegrite Akademik)
22. Pa prezante nan biwo oswa biwo yon administratè lè yon manm pèsònèl la bay lòd la
23. Pa swiv an plizyè fwa oswa volontèman direksyon nenpòt pèsònèl lekòl la bay epi kap ajè ak lejitimite nan kapasite ofisyèl yo
24. Sote de kou
25. Pa vin lekòl
26. Kite lakou lekòl la
27. Konpòman frekan, di gwo mo, di de bagay ki pa kòrèk oswa ki ofansif (ki pa limite nan di gwo mo oswa pwofanite)
28. Goumen
29. Menase yon manm pèsònèl la
30. Fè fo
31. Ekstòsyon ak/oswa koripsyon
32. Anregistreman oswa pran foto san otorizasyon
33. Jwèt aza ak/oswa vann materyèl jwèt aza (egzanp, nenpot kat pou mize sou espò)
34. Patisipasyon nan lakòz nenpòt deranjman lekòl la (gen ladan li, men pas sèlman sa, peta, bonm lafimen, alèt bonm, fo alam dife, elatriye.)
35. Ankouraje vyolans atravè kominikasyon alekri, aloral, oswa lòt jan.
36. Antre sou pwopriyete Norwood Public School la pandan lè ke pa gen lekòl
37. Konpòtman anti espòtif nan aktivite oswa konkou atletik yo
38. Nenpòt ofans ki repete ki ka gen kòm rezilta yon detansyon
39. Pa identifye tèt li bay yon manm pèsònèl la
40. Posede yon bagay vòlè
41. Domaje yon byen ki pou lekòl la oswa pou yon manm pèsònèl la oswa yon lòt elèv
42. Bay manti
43. Refize bay yon manm pèsònèl la yon aparèy elektwonik lè li mande fè sa
44. Kreye dezòd an salamanje elèv la oswa lòt zòn kote anpil elèv rasanble
45. Konpòtman pou fè pè (entimidasyon)
46. Pran yon pozisyon oswa yon konpòtman yon jan ki menen direkteman nan yon batay
47. Konfli vèbal
48. Kontak ki pa kòrèk
49. Fè yon fo apèl sou liy absans lekòl la
50. Nenpòt ak ki pa konfòm ak valè epi/oswa kalite ki di nan Deklarasyon Misyon Norwood Public School la

Administrasyon rezève dwa pou li ogmante longè yon sispansyon pou nenpòt kantite jou rive epi

enkli dis (10) pou yon sispansyon tèm kout epi katrevendis (90) pou yon sispansyon tèm long. Sa gen dwa fèt nan de sitiyasyon ke yo konsidere sevè oswa vyolasyon disiplinè repete ak/oswa de sitiyasyon kote elèv la pat respekte de mezi koreksyon. Se entansyon Norwood Public School la pou li kreye epi kenbe yon anviwònman ki gen sekirite nan chak bilding lekòl la. An plis de estanda konpòtman yo jan yo di nan Liv Gid Elèv la, direktè a gen otorite pou li detèmine si yon aksyon se yon menas pou antretyen yon anviwònman ki gen tout sekirite. Pou plis, direktè a gen otorite pou li detèmine ki aksyon disiplinè apwopriye ki jistifye. Referans bay administrasyon pou aksyon disiplinè yo ka gen pou rezilta nan obligasyon pou yon evalyasyon sante mantal, ak dokimantasyon nan men doktè medikal la ke elèv la pa yon risk enpòtan pou tèt li oswa lòt yo. Referans bay administrasyon pou aksyon disiplinè kapab gen pou rezilta tou ke yo kreye yon plan sekirite an rapò ak elèv (yo).

****Domaj sou pwopriyete lekòl la ka gen pou rezilta detansyon, sispansyon, ranbousman lajan ak enplikasyon posib lapolis. Yon moun ke yo sispann pou domaje byen lekòl la lè yon sispansyon konsa ta pwolonje rive nan wikenn gradyasyon an pap ka patisipe nan egzèsis gradyasyon yo.**

***** Elèv ki sispann pou vyolasyon règleman lekòl yo an rapò ak alkòl epi dwòg, yap entèdi yo asiste oswa reprezante lekòl la nan okenn evenman andeyò pwogram kou yo takou prom yo (bal fen ane), dans, aktivite atletik ak mizik yo, jou klas, epi egzèsis gadyasyon yo pou yon minimòm kat (4) semèn lekòl apati de dat ofans lan. Elèv yo ki enplike lan achte dwòg oswa alkòl pap gen dwa patisipe nan okenn aktivite ki gen rapò ak lekòl yo pou yon minimòm sis (6) semèn. Paske se yon ofans serye, yo dwe note ke, lè lap retounen lekòl, elèv la dwe reyini ak yon komite revizyon disiplin. Komite a, apre ke li tande prèv yo, gen dwa anpeche elèv la asiste tout aktivite andeyò pwogram lekòl yo pou rès ane lekòl la.**

D. Elèv yo ke yon jwenn ki komèt ofans apre yo kapab jwenn EKSPILSYON:

1. Distribye oswa posede (bay, ofri, twoke, oswa fè echanj) alkòl oswa dwòg sou teren lekòl la oswa nan evenman lekòl yo.

“Chapit 94C, seksyon 32J nan Lwa Jeneral Massachusetts yo mande pou yon DE LANE MINIMÒM SANTANS OBLIGATWA pou nenpòt moun ki, pandan li nan twa san pye distans yon bilding lekòl, te kondane pou nenpòt sa kap swiv yo:

- a. Vann oswa fè kado nenpòt dwòg
- b. Fè trafik nenpòt dwòg
- c. Posede nenpòt dwòg ak lide pou vann li oswa fè kado li.
- d. Fabrike nenpòt dwòg oswa
- e. Kiltive mariwana
2. Vyolans ak/oswa agresyon sou yon manm pèsònèl oswa pwopriyete li
3. Vyolasyon repete règleman sou dwòg ak alkòl yo
4. Asèlman pwofesè oswa elèv
5. Matirize elèv (yo)
6. Mete dife oswa lòt ensidan vandalis ekstrèm
7. Posede oswa sèvi ak atik danjere (kouto, revolvè, eksplozif, oswa nenpòt kisa ki sèvi pou menase epi/oswa atake yon manm pèsònèl oswa yon elèv)
8. Refi repete ak/oswa volontè pou swiv direksyon nenpòt pèsònèl lekòl kap ajì ak lejitimite nan kapasite ofisyèl yo ki gen pou rezilta yon deranjman enpòtan nan edikasyon oswa byennèt jeneral lòt elèv yo.
9. Batay fizik oswa vèbal repete

10. Menase yon manm pèsònèl epi/oswa keye yon atmosfè ki menase pou yon manm pèsònèl

Yo ta dwe remake ke domèn règ disiplin sa a kouvri a ap gen ladan li tout aktivite an rapò al lekòl yo, ak ladan yo transpò pou vini oswa sòti lekòl. Elèv yo gen dwa pou fè apèl pou sispansyon tèm long ak desizyon ranvwa yo bay sipè-entandan lekòl yo.

E. DEFINISYON

1. **Koupi (Cut)** - absans ki pa otorize nan nenpòt peryòd kou yo bay
2. **Absanteyis (Truancy)** - absans ki pa otorize nan plis pase de (2) peryòd kou yo bay nan yon (1) jou
3. **Detansyon** - prezans obligatwa pou vyolasyon règleman lekòl yo - se gen dwa yon pwofesè oswa yon adimistratè ki bay li
4. **Detansyon gen priyorite sou tout angajman nan lekòl oswa andeyò lekòl yo.** Move konpòtman lan detansyon oswa pa vini lan detansyon ka gen pou rezilta plis jou detansyon oswa sispansyon.
5. **Sispansyon/Eksklizyon** - Al gade seksyon Due Process (Pwosesis Nòmral) nan liv gid la

MEMORANDUM OF UNDERSTANDING (M.O.U.) (DEKLARASYON KONPREYANSYON)

Norwood Public Schools ak Depatman Lapolis Norwood patisipe epi kowopere pou bay yon anviwònman ki gen tout sekirite pou jèn moun nan lekòl la ak nan kominote a.

Kontak desiye lapolis la ap enfòmè direktè a si gen okenn arestasyon oswa pwoblèm sekirite ak aktivite ki pa kriminel ki enplike elèv Norwood Publik School yo. Elèv ki enplike nan nenpòt pwoblèm sa yo kapab jwenn sanksyon lekòl oswa atletik. Deklarasyon Konpreyansyon konplè a yo ka egzamine li nan biwo direktè a.

KONTRA PROM (Kontra Bal fen ane)

Tout senyò Norwood High kap patisipe nan bal senyò a, ak yon paran/gadyen, oblije siyen yon kontra. An plis referans pou pòsyon règleman disiplin lekòl ki aplikab yo, kontra a gen ladan li sak apre yo:

"Lè yon tikè achte pou, oswa gen entansyon vini nan bal senyò a, nou, ki siyen anba a, rekonèt responsablite ak obligasyon yo dapre règleman lekòl yo. Nou aksepte tou sak apre yo:

1. Paran/gadyen pap òganize yon fèt kòktèl avan evenman an kote pral gen tafya disponib.
2. Paran/gadyen pap, lè yo volontèman pèmèt yon pitit gason/fi pou patisipe nan yon fèt avan evenman an ki gen tafya disponib.
3. Elèv ak paran/gadyen konprann ke pèsonn pap ka rantre nan evenman an pita pase yon èdtan apre lè lap kòmanse a amwens ke gen yon otorizasyon alekri ke yon adimistratè te bay.
4. Elèv ak paran/gadyen konprann ke nenpòt lè yo sispèk yap bwè oswa sevi ak dwòg ki gen rapò ak yon elèv yap refere li bay lapolis pou yo trete sa tankou yon vyolasyon lalwa.
5. Elèv ak paran/gadyen konprann ke bwè nan machin ak limouzin se yon vyolasyon lalwa tou, epi yap trete li kòm yon afè lapolis.
6. Elèv ak paran/gadyen konprann ke nenpòt senyò ki sispann pou dwòg oswa alkòl paka patisipe nan jou klas oswa gradyasyon.
7. Nenpòt vyolasyon dwòg oswa alkòl nan fèt apre bal la

ONÈTETE AKADEMIK

Entegrite akademik rete lan sant Pòtre Diplome (Portrait of the Graduate) Norwood High School la (Kominikasyon, Kolaborasyon, Kreyativite, Panse kritik ak Rezoud Pwoblèm, epi Sitwayènte). Nou atann ke elèv nou yo pou ye fè pi bon efò pa yo ak pi bon travay yo chak jou. Avek sa nan lespri nou, nou swiv règleman Entegrite Akademik la pou asire ke elèv yo ap rive nan estanda wo sa yo.

TRICHE

Norwood High School defini triche nan jan ki apre yo:

Chèche amelyore nòt nan yon evalyasyon majè oswa minè atravè de pratik malonèt oswa ki fo

Tout sa kap swiv yo konsidere kòm triche:

- Fè travay yon lòt moun pase pou paw;
- Ede oswa pèmèt yon moun kopye travay ou epi prezante li kòm pa li;
- Kopye enfòmasyon ak/oswa repons yon lòt elèv pandan yon evalyasyon majè oswa minè
- Sèvi ak materyèl ki pa otorize ki gen ladan yo liv, nòt, kalkilatris, oswa pwogram òdinatè pandan yon egzamen oswa lòt devwa;
- Pataje kesyon tè ak/oswa repons yo avèk elèv nan klas ou oswa nan yon lòt klas;
- Resevwa kesyon tè ak/oswa repons nan men yon elèv klas ou oswa nan lòt klas

KOPYE (PLAJYA)

Norwood High School defini plajya nan fason ki apre yo:

1. Volè epi fè pase (lide oswa mo yon lòt moun) pou paw
2. Sèvi (pwodiksyon yon lòt moun) san bay sous la kredi

Prezante yon lide oswa yon pwodui ki soti nan yon lòt sous ki egziste kòm nouvo epi orijinal

Tout sa kap swiv yo konsidere tankou plajya:

- Remèt travay yon lòt moun kòm paw
- Kopye mo oswa lide nan yon lòt sous san bay kredi
- Pa mete yon sitasyon ant gimè
- Chanje mo yo men kopye estrikti fraz la ki nan yon sous san bay kredi
- Kopye tèlman mo oswa lide nan yon sous ke li tounen majorite travay ou a, kelkeswa kew bay oswa ou pa bay kredi

PARAFRAZE

Norwood High School defini parafraze nan jan apre a:

"Parafraze vle di pran lide yon lòt moun epi mete lide sa yo ak pwòp mo paw.

Parafraze PA vle di chanje youn oswa de mo lan fraz yon lòt moun, chanje estrikti fraz pandan ke wap kenbe mo orijinal yo, oswa chanje kèlke mo pou sinonim yo. Si wap eseye reranje yon fraz nan nenpòt fason sa yo, wap ekri tou pre orijinal dokiman an. Se plajya, se pa parafraze."

<http://www.unc.edu/depts/wcweb/handouts/plagiarism.html>

Google Translate ak lòt sèvis tradiksyon elektwonik

Entegrite Akademik nan kou World Language (Lang Mond) gen ladan li itilizasyon kòrèk tradiktè an liy yo. Sèvi ak yon sit entènèt tradiksyon tankou Google Translate, pou ekri Espanyòl, Franse, oswa Latèn konsidere tankou triche epi se yon vyolasyon entegrite akademik. Pwofesè World Language ou a pral montre ou epi aprann ou fason kòrèk epi ak etik pou sèvi ak diksyonè an liy yo. Sèl sit entènèt ki rekòmande pou elèv yo se www.wordreference.com.

Kolaborasyon pa Dokiman Elektwonik

Kolaborasyon se yon pati enpòtan na edikasyon ou. Aprantisaj kanmarad-ak-kanmarad ede elèv yo konprann pi byen, men li nesèsè nan chak aktivite kolaboratif pou rekonèt kote efò kolaboratif la fini epi enpòtans pou bay panse endividyèl, kontribisyon, epi travay pa nou valè. Travay ou, pale, ekri, nimerik, epi vizyèl fèt pou konplete sèlman ak pwòp efò paw.

PWOSESIS

Nan ka ke yo sispèk yon elèv vyole Règleman Entegrite Akademik la, pwofesè klas la dwe

1. Pale ak elèv la sou ensidan an
2. Rapòte ensidan an bay direktè depatman an pou diskite sou ofans lan epi detèmine konsekans akademik yo.
3. Rapòte ensidan an atravè referans ASPEN
4. Pale ak administratè konsène a regadan ofans la, egzanp ofans 1,2,3
5. Rapòte ensidan an bay koseye oryantasyon konsène a (si se konfime)
6. Si yo jwenn ke elèv la te vyole. règleman an, pwofesè klas la pral, apre li konsilte direktè depatman an epi enfòmè yon administratè, deside konsekans akademik apwopriye yo epi avèti paran/gadyen an sou ensidan an.

KONSEKANS

Yon administratè kapab asiyen de konsekans disiplinè baze sou sak apre yo:

Premye ensidan pandan karyè yon elèv lekòl segondè ka gen kòm rezilta yon zewo pou devwa a, kapab jwenn de konsekans disiplinè, epi yon reyinyon paran. Yo ka mande elèv yo pou fini yon devwa oswa kou pou yo ka montre yon pi bon konpreyansyon entegrite akademik. Anplis, manm kouran ak kandida pou National Honor Society yo dwe respekte règ ak pwosedi yo.

Dezyèm ensidan nan nenpòt moman pandan karyè yon elèv lekòl segondè ka gen kòm rezilta yon zewo pou devwa a oswa yon diminisyon 10 pwen lan nòt tèm lan, nenpòt sa ki pi gwo a. Elèv yo ka jwenn konsekans disiplinè epi pral pèdi nenpòt pozisyon lidèchip pou rès lane lekòl la. Anplis, manm kouran ak kandida pou National Honor Society yo dwe respekte règ ak pwosedi yo.

Twazyèm ensidan ak tout ensidan ki vin apre pandan karyè yon elèv lekòl segondè ka gen kòm rezilta yon nòt ki fè li echwe pou tèm kouran an. Nan ka ki serye oswa ka ekstrèm ki repete yo, elèv yo ka jwenn sispansyon andeyò lekòl pou rive 5 jou epi yo ka pèdi nenpòt pozisyon lidèchip pou rès lane lekòl la. Anplis, manm kouran ak kandida pou National Honor Society yo dwe respekte règ ak pwosedi yo.

DISIPLIN ELÈV KI GEN BEZWEN ESPESYAL AK ELÈV KI LAN PLAN 504 YO

Yo atann ke tout elèv yo respekte kondisyon konpòtman ki etabli nan liv gid sa a. Lwa ak Règleman Federal yo egzije ke de aranjman anplis fèt pou elèv ki gen andikap yo. Direktè a oswa moun ki deziyen an dwe avèti Direktè Edikasyon Espesyal la pou ofans ki ka lakòz sispansyon yon elèv ak swa yon IEP oswa yon Plan Akomodasyon 504.

Pèsonèl Administratif Lekòl la kapab ranvwaye yon elèv ki gen andikap nan lekòl la pou yon vyolasyon disiplinè pou pa plis ke 10 jou youn apre lòt (akondisyon ke opsyon sa yo aplike pou elèv ki gen andikap), epi pou renvwa anplis pou pa plis ke 10 jou nan menm ane lekòl la pou de ensidan

move konpòtman separe (depi ke ranvwa sa yo pa chanjman nan plasman) egal ak disiplin ki pa enpoze sou elèv ki pa gen andikap yo pou menm ofans lan. IDEA 2004, Section 615 (k) (1) (B).

Aprè ke yon timoun ki gen andikap vin ranvwaye soti nan plasman li pou 10 jou lekòl nan menm ane a, pandan nenpòt jou apre yo ranvwaye li, timoun lan dwe kontinye resevwa sèvis ki pèmèt li patisipe nan pwogram edikasyon jeneral la, malgre ke li nan yon lòt anviwònman, epi pou li fè pwogrè pou li rive jwenn objektif yo ke yo di lan IEP timoun lan; epi timoun lan dwe resevwa, kòmsadwa, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, ak sèvis entèvansyon konpòtman yo ak chanjman, ki fèt pou adrese vyolasyon konpòtman an pou sa pa rive ankò.

Nan 10 jou yo kap swiv desizyon pou chanje plasman yon timoun ki gen andikap akòz yon vyolasyon yon règ konpòtman elèv, distrik la, paran an(yo), ak manm ki konsène nan Ekip IEP timoun lan dwe egzamine enfòmasyon ki gen rapò yo nan dosye elèv la, sa gen ladan li IEP timoun lan, nenpòt obsèvasyon pwofesè yo, ak nenpòt enfòmasyon an rapò ke paran oswa gadyen yo bay pou detèmine si: konpòtman konsène a te fèt akòz, oswa te gen yon relasyon dirèk epi enpòtan ak, andikap timoun lan, oswa konpòtman konsène a te yon rezilta dirèk echèk distrik la nan egzekisyon IEP an

Yo dwe detèmine ke konpòtman an se yon manifestasyon andikap timoun lan si distrik la, paran an, ak manm konsène nan Ekip IEP timoun lan yo detèmine ke se te yon kondisyon ki nan paragaf (i) oswa (ii). Ekip la pral fè yon konsta, yon detèminasyon pou manifestasyon, si gen rapò ant move konpòtman elèv la ak kondisyon andikap li, fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl si sa nesèsè, epi modifiye oswa chanje IEP a pou bay sèvis Edikasyon Espesyal yo pandan sispanasyon an, oswa pou mete yon plan entèvansyon konpòtman ladan li. Si distrik la, paran an(yo), ak manm Ekip IEP konsène yo detèmine ke konpòtman an te yon manifestasyon andikap timoun lan, Ekip IEP a dwe swa;

- (a) Fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl amwens ke distrik la te fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl avan konpòtman an ki te gen kòm rezilta yon chanjman plasman ki te rive epi te egzekite yon plan entèvansyon konpòtman pou timoun lan, oswa
- (b) Si yon plan entèvansyon konpòtman te deja devlope, egzamine plan entèvansyon konpòtman an epi modifiye li jan sa nesèsè pou adrese konpòtman an.

Eksepte jan yo di nan 34CFR 300.530(g) seksyon sa a, retounen timoun lan nan plasman ke yo te retire li a, amwens ke paran an ak distrik la dakò pou yon chanjman plasman kòm yon pati nan modifikasyon plan entèvansyon konpòtman an.

Gen de sikonstans espesyal kote ke distrik la kapab poukont li retire yon elèv epi mete li nan yon anviwònman Interim Alternative Education (Edikasyon Altènatif Enterimè) san kenbe kont si konpòtman an te detèmine kòm yon manifestasyon andikap timoun lan. Espesifikman, pèsonèl lekòl la kapap retire yon elèv nan yon Edikasyon Altènatif Enterimè pou pa plis pase 45 jou san kenbe kont si konpòtman an te detèmine kòm yon manifestasyon andikap timoun lan si timoun lan:

- (a) Gen yon zam sou li oswa posede yon zam nan lekòl la, sou teren lekòl la, oswa pote oswa posede yon zam nan yon evenman nan yon lekòl ki sou jiridiksyon distrik la, oswa
- (b) Volontèman posede oswa itilize dwòg ki pa legal oswa vann oswa mande vant yon sibstans kontwole pandan li nan lekòl la, sou teren lekòl la, oswa nan yon evenman nan yon lekòl ki sou jiridiksyon distrik la, oswa

- (c) Te lakòz blesi kòporèl grav sou yon lòt moun pandan yo lekòl la, nan lokal lekòl yo, oswa nan yon evenman nan yon lekòl ki sou jiridiksyon distrik la.

Lan dat ke yo te pran desizyon pou fè yon ranvwa ki se yon chanjman plasman yon timoun ki gen andikap akòz yon vyolasyon règ konpòtman lekòl la, distrik la dwe avèti paran yo pou desizyon sa a, epi bay paran yo avètisman pwosedi pwoteksyon yo ke yo dekri nan 34 CFR 300.504. Direktè etablisman an pral avèti Direktè Edikasyon Espesyal la, epi lap avèti Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè jan yo mande a jan plan aksyon an egzije a. Chanjman lwa eta oswa federal ki vin apre yo ap ranplase règleman ki kontrè yo nan liv gid lan.

Yon elèv ki poko kalifye pou Edikasyon Espesyal kapab pwotege dapre règleman IDEA 2004 yo si yo ka konsidere ke distrik la te konnen ke elèv la te gen yon andikap. Yo ta dwe konsidere ke distrik la gen konesans ke yon timoun gen yon andikap si avan konpòtman ki lakòz aksyon disiplinè a te fèt:

- (a) Paran timoun lan te pale de enkyetid li alekri bay yon pèsonel sipèvizyon oswa administratif ki nan yon ajans edikasyon apwopriye, oswa yon pwofesè timoun lan, ke timoun lan bezwen Edikasyon Espesyal ak sèvis ke gen rapò yo, oswa
- (b) Paran timoun lan(yo) te mande yon evalyasyon dapre Sec 300.300 through 300.311, oswa
- (c) Pwofesè timoun lan oswa lòt pèsonel distrik la montre de enkyetid espesifik pou konpòtman timoun lan montre direktèman bay Direktè Edikasyon Espesyal ajans lan oswa pèsonel sipèvizyon ajans lan.

Yo pap konsidere ke distrik la okouran si:

1. Paran timoun lan:
 - (a) Pa aksepte yo fè yon evalyasyon timoun lan dapre 34 CFR 300.300 through 300.311, oswa
 - (b) Te refize sèvis dapre IDEA
2. Yo te evalye timoun lan an akò avèk Sec. 300.300 through 300.311 epi yo te detèmine ke li pa yon timoun ki gen andikap dapre pati sa a.

Si distrik la pa gen konesans ke yon timoun ki gen andikap (dapre paragraf (b) ak (c) nan seksyon sa a) avan ke yo pran mezi disiplinè kont timoun lan, timoun lan ka jwenn mezi disiplinè ki aplike pou timoun ki pa gen andikap ki angaje nan menm kalite konpòtman sa yo. Si yo fè yon demand pou yon evalyasyon yon timoun pandan peryòd tan ke timoun lan genyen de mezi disiplinè dapre 34 CFR 300.530, evalyasyon an dwe fèt nan yon fason akselere.

Pou jis evalyasyon an fini, timoun lan ap rete nan plasman edikasyon ki te detèmine pa otorite lekòl yo, sa ki ka gen landan li sispansyon oswa ranvwa san sèvis edikasyonèl. Si yo detèmine ke timoun lan se yon timoun ki gen andikap, lè yo konsidere ke enfòmasyon nan evalyasyon ke paran yo te bay, ajans lan dwe bay sèvis Edikasyon Espesyal ak sèvis ki gen rapò yo an akò ak pati sa a, ki gen landan li kondisyon yo ki nan 34 CFR 300.530 rive nan 300.536 ak IDEA 2004 section 612 (a)(1)(A).

Paran yon timoun ki gen andikap ki pa dakò ak nenpòt desizyon ki konsène plasman nan kontèks sa a pou detèminasyon manifestasyon an oswa yon distrik ki kwè ke kenbe plasman timoun lan landa li a siseptib anpil pou gen kòm rezilta fè timoun lan mal oswa lòt moun gen dwa fè apèl pou desizyon an epi pou fè sa mande yon odyans ak Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Biwo Apèl Edikasyon Espesyal.

SEKSYON 504

1. An tan ke lwa kont diskriminasyon, Seksyon 504 entèdi distrik la pou li pini elèv ki gen andikap pi di pase elèv ki pa gen andikap ta dwe pini nan menm sikonstans yo. Anplis, elèv ke yo idantifye ki gen andikap dapre Seksyon 504 yo pa gen dwa mete yo deyò oswa sispansyon yo nan lekòl la pou plis pase 10 jou nan yon ane lekòl pou move konpòtman ki se yon manifestasyon andikap elèv la.

2. Si yon sispansyon pa depase 10 jou lekòl youn apre lòt epi pa gen pou rezilta ke elèv la reswva plis pase 10 jou lekòl sispansyon adisyonen pandan ane lekòl la, yo gen dwa pini elèv la menm jan ak yon elève ki pa gen andikap nan menm sikonstans yo. Yo ka sispansyon elèv la pou plis pase 10 jou, youn apre lòt oswa adisyonen, sèlman si Ekip Seksyon 504 la detèmine ke konpòtman konsène a pat yon manifestasyon andikap elèv la.

3. Si yo pwopoze yon sispansyon ki depase limit 10 jou a, Ekip Seksyon 504 la dwe reyini epi fè detèminasyon manifestasyon dapre pwosedi detèminasyon manifestasyon distrik 504 la.

4. Malgre sa, yon egzamen detèminasyon manifestasyon pa obligatwa, kelkeswa longè sispansyon oswa ekspilasyon an, si elèv la te abitye sèvi ak alkòl oswa dwòg ki pa legal yo epi konpòtman ki bay pou rezilta yon aksyon disiplinè se yon enfraksyon alkòl oswa dwòg. Nan sikonstans sa yo, yo ka pini elèv la menm jan ak lòt elèv yo nan menm sikonstans yo.

RÈGLEMAN DETANSYON

Detansyon ap fèt Lendi rive Vandredi. Elèv yo pral dirèkteman lan sal detansyon an ak materyèl pou etidye; yo pap ka antre san materyèl etid/lekti. Yo pap aksepte rive an reta oswa sòti bonè amwens ke sa apwouve pa yon administratè. Si gen yon pwoblèm ak konpòtman, yap voye elèv la nan biwo yon administratè, li pap resevwa kredi pou detansyon, epi lap ka resevwa plis aksyon disiplinè.

Pandan detansyon yo pap pèmèt privilèj pale, aparèy elektwonik, manje, manje chiklèt, pye sou mèb, ak tèt nan pozisyon dòmi. Yo pap bay elèv yo tès ratrapaj.

DETANSYON: PWOSESÈ/BIWO

Elèv yo ke travay yo oswa konpòtman yo pa bay satisfaksyon, yo ka mande yo pou rete apre lekòl pou detansyon pwofesè. ***Detansyon disiplinè pran priyorite sou tout angajman nan lekòl ak andeyò lekòl yo.*** Move konpòtman pandan detansyon oswa pa vini lan detansyon ka gen pou rezilta plis detansyon. Pa vinin plizyè fwa nan detansyon ap gen pou rezilta sispansyon nan lekòl la epi refere bay administrasyon an.

SISPANSYON

Elèv ki gen sispansyon lekòl la pa kapab asiste kou regilye yo, yo paka asiste okenn evenman lekòl la òganize, epi paka patisipe nan okenn antrenman espò/match oswa aktivite andeyò kou yo pandan peryòd sispansyon an. Pou plis ankò, elèv kap sèvi yon sispansyon deyò lekòl yo dwe rete andeyò teren lekòl la pandan tan sa a epi rete lakay yo pandan lè nòmal lekòl yo.

PWOSEDI REGILYE

Tout elèv yo dwe benefisye yon pwosedi nòmal chak fwa ke yo anpeche dwa yo pou edikasyon atravè esklizyon nan enstriksyon sal klas regilye oswa aktivite lekòl yo, sa gen ladan li sispansyon,

ekspilasyon ak retire privilèj yo. Dwa pou pwosedi nòmal la gen ladan li dwa pou yon odyans ekitab avan nenpòt lan eksklisyon anè a yo, eksepte pou yon ranvwa an ijans pou rive de jou jan yo di lan G.L. c. 71 Section 37H $\frac{3}{4}$ kote ke yap bay yon odyans nan yon peryòd de jou.

Règ Disiplin Konpòtman Norwood Publik School la fèt pou li enstriktif, pa pinitif, epi li baze sou pwensip disiplin prevantif epi pozitif. Li konsantre sou adrese lakòz move konpòtman yo, rezoud konfli yo, satisfè bezwen elèv yo, epi kenbe elèv yo lekòl pou yo aprann. Ofans disiplinè yo ka varye soti nan enfraksyon minè rive nan ensidan ki vyole lalwa epi gen efè negatif enpòtan sou byennèt jeneral lekòl la. Menm jan an, direktè lekòl la oswa moun yo deziyen an kapab aplike de estrateji disiplinè ki kapab soti depi aktivite entèvansyon tankou yon nouvo plas pou chita oswa mete l nan yon lòt klas, pèdi yon telefòn/aparèy elektwonik, revoke patisipasyon ak/oswa asiste nan de aktivite andeyò pwogram kou yo, oswa pratik restoratif rive nan ekspilasyon soti nan lekòl la baze sou enpòtans enfraksyon an.

Kategori sispansyon yo se sak apre yo:

Sispansyon nan lekòl vle di retire yon elèv nan aktivite regilye klas la, men pa nan etablisman lekòl la, pou pa plis pase dis (10) jou lekòl youn apre lòt, oswa pa plis pase dis (10) jou lekòl adisyone pou plizyè enfraksyon pandan ane lekòl la. Retire l sèlman nan patisipasyon nan aktivite andeyò pwogram kou yo oswa evenman òganize pa lekòl la, oswa tou le de, pap konte lan kalkil jou lekòl pou retire li. Gen de ka ke, sou desizyon direktè a oswa moun ki desiyen an, dakò ak elèv la epi gadyen an, konplete ak siksè pwogram Restorative In School Education (RISE) la kapab konte kòm yon opsyon lan plas yon sispansyon nan lekòl.

Sispansyon tan kout vle di retire yon elèv soti nan lekòl la ak aktivite regilye klas yo pou dis (10) jou lekòl youn apre lòt oswa mwens. Yon direktè kapab, si li decide sa, pèmèt yon elèv pou li sibi yon sispansyon tèm kout nan lekòl. Retire l sèlman nan patisipasyon nan aktivite andeyò pwogram kou yo oswa evenman òganize pa lekòl la, oswa tou le de, pap konte lan kalkil jou lekòl pou retire li. Gen de ka ke, sou desizyon direktè a oswa moun ki desiyen an, dakò ak elèv la epi gadyen an, konplete ak siksè pwogram Restorative In School Education (RISE) la kapab konte kòm yon opsyon lan plas yon sispansyon tèm kout.

Sispansyon tan long vle di retire yon elèv soti nan lekòl la ak aktivite regilye klas yo pou plis pase dis (10) jou lekòl youn apre lòt, oswa plis pase dis (10) jou lekòl adisyone pou plizyè ofans disiplinè nan nenpòt ane lekòl. Retire l sèlman nan patisipasyon nan aktivite andeyò pwogram kou yo oswa evenman òganize pa lekòl la, oswa tou le de, pap konte lan kalkil jou lekòl pou retire li. Eksepte pou elèv yo ki fè yon ofans disiplinè ke yo di lan sou-seksyon (a) oswa (b) nan G.L. c. 71, §37H, §37H, oswa nan seksyon 37H $\frac{1}{2}$ of G.L., c. 71, okenn elèv ta dwe jwenn yon sispansyon tèm long pou youn oswa plis ofans disiplinè pou plis pase katrevendis (90) jou lekòl nan yon ane lekòl pou kòmanse konte depi premye jou yo retire li nan lekòl la. Okenn sispansyon tèm long dwe depase fen ane lekòl ke yo bay sispansyon an.

Ranvwa an Ijans vle di ranvwaye yon elèv pou yon tan lè yon elèv fè yon ofans disiplinè epi prezans pèmanan elèv la prezante yon danje pou moun oswa pwopriete, oswa deranje materyèlman epi sibstansyèlman lòd lekòl la, epi ke nan jijman direktè a, pa gen lòt opsyon disponib pou soulaje danje oswa deranjman an.

Ekspilasyon vle di ranvwaye yon elèv soti nan etablisman lekòl la, aktivite klas regilye yo, ak aktivite regilye yo pou plis pase katrevendis (90) jou lekòl, endefiniman, oswa an pèmanans, jan yo pèmèt li lan G.L. c. 71, §§37H or 37H $\frac{1}{2}$ pou: a) posasyon yon zam danjere; b) posasyon yon sibstans

kontwole; c) atak sou yon manm pèsonèl edikatif la; oswa d) yon akizasyon pou krim, oswa yon plent oswa kondanasyon pou delenkans kriminel, oswa yon jijman oswa admisyon ke li koupab krim sa a, si yon direktè detèmine ke prezans pèmanan elèv la kapab gen yon efè enpòtan ki pa bon pou byennèt jeneral lekòl la jan yo di nan G.L. c. 71 §§37H or 37H ½.

Règleman Eta (603 CMR 53.04) yo pa anpeche yon administratè lekòl menen yon ankèt, ak ladan li de entèvyou ak elèv, sou yon ensidan disiplinè an rapò ak lekòl pandan yap ankete sou de ensidan disiplinè.

Avan ke yon direktè oswa yon moun deziyen enpoze yon **sispansyon deyò lekòl** kòm konsekans pou yon ofans disiplinè li pral:

- bay elèv la ak paran li yon avètisman vèbal epi alekri,
- bay elèv la yon chans pou yon odyans sou akizasyon an epi bay paran an yon chans pou patisipe nan odyans sa a, epi
- avètisman alekri a ap gen ladan li:
 1. ofans disiplinè an;
 2. baz akizasyon an;
 3. konsekans posib yo, ak ladan yo longè posib sispansyon elèv la
 4. opòtinite pou ke elèv la gen yon odyans ak direktè a regadan sispansyon yo pwopoze a, ki gen ladan li opòtinite pou denye akizasyon yo epi prezante esplikasyon elèv la sou ensidan sipoze an, epi pou paran an asiste odyans la;
 5. dat, lè, epi kote odyans lan ap fèt;
 6. dwa pou elèv la ak paran li gen sèvis entèprèt nan odyans la si yo bezwen patisipe;
 7. si yo ka mete elèv la nan yon **sispansyon tèm long** apre odyans ak direktè a:
 - (i) Dwa ki etabli lan 603 CMR 53.08 (3)(b);
 - (ii) Avan odyans lan, elèv/paran an ap jwenn opòtinite pou egzamine dosye ak dokiman elèv la ke direktè a ka baze sou yo;
 - (iii) Elèv la gen dwa pou yon avoka oswa yon moun ki pa pwofesyonèl reprezante li ke lap peye li menm;
 - (iv) Elèv la gen dwa pou mennen yon temwen epi pou prezante esplikasyon pa li sou ensidan an. Temwen ki elèv/viktim yo pa oblije konvoke yo si direktè a deside espesifikman, aloral oswa alekri, nan odyans lan, si ke idantifikasyon yon elèv ki temwen, oswa prezans yon temwen/viktim lan odyans lan, kapab mete an danje sekirite fizik li oswa lakòz entimidasyon. Tout temwen dwe volontè epi akonpaye pa yon gadyen si li gen mwens ke 18 an.
 - (v) Elèv la gen dwa kesyonnen temwen ke distrik lekòl la prezante yo. Tout temwen dwe volontè epi akonpaye pa yon gadyen si yo gen mwens ke 18 an.
 - (vi) Elèv la gen dwa pou li mande ke odyans la anrejistre epi pou li resevwa yon kopi anrejistremman odyo a si direktè a te mande yon anrejistremman odyo.
 - (vii) Yo ka fè apèl pou sispansyon long tèm pou plis pase dis (10) jou youn apre lòt oswa adisyone bay sipè-entandan an nan twa (3) jou ki apre desizyon direktè a epi yo ka pwolonje li pou rive 7 jou kalandriye sou demand.
- Direktè a oswa moun deziyen an pral fè efò rezonab pou avèti paran an vèbalman sou opòtinite pou asiste odyans lan. Pou fè yon odyans san paran an pa la, direktè a dwe kapab dokimante efò ki fèt yo pou mete paran an ladan li. Direktè a sipoze te fè de efò rezonab si

li te voye avètisman alekri epi te dokimante omwen de (2) esè pou kontakte paran an jan paran an te mande pou avètisman ijans yo.

- Avètisman alekri pou paran an dwe fèt pa livrezon dirèk ala men, lapòs premye klas, lapòs sètifye, voye pa imel nan yon adrès ke paran an te bay pou koninikasyon ak lekòl yo, oswa nenpòt metòd livrezon ke direktè a ak paran an te aksepte.

Avan ke yon direktè oswa yon moun deziyen enpoze yon **sispansyon nan lekòl** kòm konsekans pou yon ofans disiplinè yo pral fè sa ki apre a:

- Direktè a dwe enfòmè elèv la sou akizasyon pou ofans disiplinè a ak baz akizasyon an, epi bay elèv la opòtinite pou li konteste akizasyon an epi esplike sikonstans ki te genyen lè ensidan a pase. Si direktè a detèmine ke elèv la komèt ofans disiplinè yo, direktè a pral enfòmè elèv la sou longè sispansyon nan lekòl la, ki paka depase 10 jou, adisyone oswa youn apre lòt, nan yon lane lekòl.
- Lan menm jou ak desizyon sispansyon nan lekòl la, direktè a dwe fè efò rezonab pou avèti paran an vèbalman sou ofans disiplinè a, rezon ki fè yo jwenn ke elèv la komèt yon enfraksyon, ak longè sispansyon nan lekòl la. Direkte a dwe an menm tan envite paran an nan yon reyinyon pou diskite sou pèfòmans akademik ak konpòtman elèv la, estrateji pou angajman elèv, ak repons dirèk pou konpòtman an. Reyinyon sa a dwe pwograme nan jou sispansyon an si sa posib, sinon pi vit ke li posib apre sa. Si direktè a pa kapab jwenn paran an apre ke li fè epi dokimante omwen de (2) esè pou li fè sa, esè sa yo ap repwezante efò rezonab yo pou kapab avèti vèbalman paran yo sou sispansyon nan lekòl la.
- Direktè a oswa moun deziyen an dwe voye yon avètisman alekri bay elèv lan ak paran an sou sispansyon nan lekòl la, sa gen ladan li rezon ak longè sispansyon nan lekòl la, epi envite paran an nan yo reyinyon ak direktè a. Livrezon avètisman alekri a dwe fèt delamen alamen, pa lapòs sètifye, lapòs premye klas, imel nan yon adrès ke paran an te bay pou kominikasyon ak lekòl la, oswa nenpòt lòt metòd livrezon ke direktè a ak paran an te aksepte.

Yon elèv kap sèvi yon sispansyon nan lekòl, sispansyon tèm kout, sispansyon tèm long, oswa ekspilsyon dwe gen opòtinite pou genyen kredi, jan sa aplikab, fè devwa, tès, papye, ak lòt travay lekòl jan li bezwen pou fè pwogrè akademik pandan peryòd ke yo retire li nan klas la oswa lekòl la. Direktè a dwe enfòmè elèv la ak paran an pou opòtinite sa a alekri lè yo enpoze yon sispansyon oswa ekspilsyon konsa. Lan tout ka sispansyon andeyò lekòl yo pou elèv Pre-K 3yèm Ane, direktè a oblije voye yon kopi detèminasyon an alekri bay sipè-entandan an epi esplike rezon ki fè yo enpoze yon sispansyon, avan ke sispansyon tèm kout la kòmanse.

Ranvwa an Ijans - Yo kapab ranvwaye yon elèv pou pa plis ke de (2) jou lekòl apre dat yon sispansyon an ijans si elèv la akize pou yon ofans disiplinè epi ke prezans elèv la se yon danje pou moun oswa pwopriyete oswa deranje materyèlman ak sibstansyèlman lòd lekòl la, epi, dapre jijman direktè a, pa gen lòt opsyon pou diminye danje oswa deranjman an. Direktè a pral avèti menm lè a sipè-entandan an alekri sou ranvwa a ak rezon yo fè li an, epi dekri danje ke elèv la reprezante a. Ak sa direktè a pral:

- Fè efò rezonab menm lè a pou avèti vèbalman elèv la ak paran li sou ranvwa an ijans lan ak rezon ki fè ke yo bezwen ranvwa an ijans lan epi swiv pwosedi pou yon sispansyon andeyò

lekòl jan yon di anlè a.

- Bay paran yo yon opòtinite pou yo asiste odyans la avan ekspirasyon de (2) jou lekòl yo, amwens ke gen yon pwolongasyon tan pou odyans la ki te aksepte pa direktè a, elèv la, epi paran an.
- Direktè a dwe bay yon desizyon vèbalman lan menm jou odyans lan, epi alekri pa pi ta. pase jou lekòl ki apre a dapre desizyon ki fèt pou yon sispansyon tèm kout.

Tèks konplè Student Discipline Regulations (Règleman Disiplin Elèv) la disponib sou site entènèt Massachusetts Department of Elementary & Secondary Education lan sou:
<http://www.doe.mass.edu/lawsregs/603cmr53.html>

FIMEN

Posesyon, ak/oswa itilizasyon, nenpòt pwodui tabak nan bilding lekòl la, etablisman lekòl la, sou teren lekòl la, oswa bis lekòl la entèdi. Paran/gadyen nenpòt elèv ke yo jwenn ki gen **posesyon** pwodui tabak, jan yo di anlè an, adiministratè a pral kontakte yo. Teren lekòl la gen ladan li paking kanpis la yo, teren espò yo, lòt instalasyon lekòl la yo, ak lari/twotwa ki toutotou pwopriyete lekòl la. Lòt ofans apre sa ka gen kòm rezilta yon sispansyon nan men lekòl la. Nenpòt elèv kap sèvi ak pwodui tabak, ak ladan yo vaporizatè ak e-sigarèt, jan yo di anlè a, pral resevwa yon sispansyon pou youn rive twa (1-3) jou.

SANTE CHIMIK AK KALIFIKASYON ATLETIK

Pandan sezon antrenman oswa match, yon elèv pa dwe, kelkeswa kantite a, sèvi ak oswa konsome, genyen, achte/vann, oswa fè kado nenpòt bwason ki gen alkòl, tabak san lafimen, mariwana, oswa nenpòt sibstans kontwole. Se pa yon vyolasyon pou yon elèv gen lan men li yon dwòg ki defini kòm legal ke doktè li preskri espesifikman pou pwòp itilizasyon elèv la.

1. **Premye vyolasyon:** Lè direktè a konfime, apre ke yon elèv te gen opòtinite pou yo tande li, ke yon vyolasyon te fèt, elèv la pral pèdi kalifikasyon pou 25% sezon an.
2. **Dezyèm Volasyon** ak sak Apre yo: Lè direktè a konfime, apre ke yon elèv te gen opòtinite pou yo tande li, ke yon dezyèm vyolasyon oswa sak apre yo te fèt, elèv la pral pèdi kalifikasyon pou 60% sezon an.

Gen anpil lòt règ, règleman, ak direksyon ki nan Athletic Handbook (Liv Gid Atletik) la. Pale ak direktè a oswa direktè atletik la pou nenpòt kesyon.

HAZING (BRIMAD INISYASYON) Chapit 536 Lwa Jeneral Massachusetts

Mo "hazing" ("brimad inisyasyon") lan vle di nenpòt ki konpòtman oswa metòd inisyasyon nan nenpòt òganizasyon elèv, ke li sou pwopriyete piblik oswa prive, ki volontèman oswa sa pridans mete an danje sante fizik oswa mantal nenpòt elèv oswa lòt moun. Yon konpòtman konsa gen ladan li, fwete, bat, make, egzèsis fòse, ekspoze nan move tan, konsomasyon fòse nenpòt manje, likè, bwason, dwòg oswa lòt sibstans, oswa nenpòt lòt tretman brital oswa aktivite fizik fòse ki gendwa afekte yon fason negatif sante fizik oswa sekirite nenpòt elèv oswa lòt moun, oswa ki soumèt elèv sa yo oswa lòt moun anba estres mantal ekstrèm, sa gen ladan li anpeche dòmi oswa repoze oswa izole pandan lontan.

Kelkeswa moun ki òganizatè oswa patisipe lan krim hazing lan pral jwenn pinisyon pa yon amann pa plis ke mil dola oswa al nan prizon nan yon mezon koreksyon pou pa plis pase san jou, oswa tou

de amann sa a ak jou prizon sa yo.

Kelkeswa moun ki nonnen ke yon lòt moun se yon viktim hazing epi li nan kote krim sa fèt la, a kondisyon ke moun sa a kapab fè sa san danje pou li menm oswa lòt moun, dwe rapòte krim sa a bay yon ofisye ranfòsman lalwa konsène pi vit ke sa ka fèt yon fason rezonab. Kelkeswa moun ki pa rapòte krim sa a yap pini li ak yon amann pa plis ke senksan dola.

ZAM

Massachusetts G.L. C 269 section 10 (j) deklare: "Nenpòt moun, ki pa yon ofisye ranfòsman lalwa, epi malgre nenpòt lisans ke li gen nan men li dapre dispozisyon chapit sankarant lan, gen sou li yon zam-a-fe jan yo di apre a, chaje oswa dechaje oswa lòt zam danjere nan nenpòt bilding oswa teren nenpòt lekòl elemantè oswa segondè, kolèj oswa inivèsite san otorizasyon alekri konsèy la oswa ofisye ki an chaj lekòl elemantè oswa segondè sa a, kolèj oswa inivèsite sa a pral pini ak yon amann pa plis pase mil dola oswa pran prizon pou pa plis pase yon lane, oswa tou de. Pou sèvis paragraf sa a, "zam-a-fe" vle di nenpòt pistòlè, fizi, oswa zam kannon lis ki kapab tire bal, plon pa nenpòt mwayen.

Yon ofisye responsab pou yon lekòl elemantè oswa segondè, kolèj oswa inivèsite oswa nenpòt manm fakilte oswa ofisye administratif nan yon lekòl elemantè oswa segondè, kolèj oswa inivèsite ki pa rapòte vyolasyon nan paragraf sa yo ap koupab pou yon krim minè epi pini ak gen yon amann pa plis ke senksan dola."

RÈGLEMAN APA

RÈGLEMAN POU FOUYE

Kazyè elèv yo, biwo yo, ak lòt pwopriyete lekòl la ke yo bay pou estoke materyèl lekòl yo se pwopriyete Norwood Public School. Elèv yo pa gen dwa sèvi ak pwopriyete sa yo pou sere de atik tankou, men pa limite ak, sibstans kontwole, bwason alkolik, zam, byen ke yo vòlè, oswa pwodwi chimik. Norwood Public School rezèvwe dwa pou li enspekte regilyèman kazyè, biwo, ak lòt pwopriyete lekòl san avèti elèv la, san konsantman li, epi san prezans elèv la pou respekte règ ak règleman lekòl yo. Ak kowoperasyon Depatman Lapolis Norwood la, yap sèvi ak Norfolk County Sheriff's Department Canine Unit la (Depatman Chen Cherif Konte Norfok) pou fè de fouy pandan ane an.

Fouy ak sesisman de byen ki enplike de elèv oswa de byen pèsònèl gen dwa fèt tou dapre de prensip ki rekonèt kòm legal ki aplike pou anviwònman lekòl. Refize pou pèmèt fouy sa yo ap gen pou rezilta aksyon disiplinè ak entèvansyon posib lapolis. Tout bagay entèdi ke yo konfiske pandan fouy yon elèv, byen li, oswa byen lekòl la ap vinn pwopriyete lekòl la epi yo pap retounen yo bay yon elèv oswa paran/gadyen li. Dapre nati bagay ki entèdi a, Norwood High School gen dwa kenbe li kòm prèv, retounen li bay Depatman Lapolis Norwood kòm prèv, oswa jete/detwi li.

PÈSEKISYON

Nenpòt pèsèkisyon ki fèt sou elèv ak/oswa manm pèsònèl la pral gen pou rezilta yon aksyon disiplinè ke administrasyon an ap pran. Konsekans disiplinè yo pou pèsèkisyon ka gen ladan yo, men pa sèlman, detansyon, sispansyon, ekspilsyon, epi/oswa refere bay Depatman Polis Norwood.

RÈGLEMAN DISKRIMINASYON

Pou bay opòtinite edikasyon egal pou tout elèv nou yo sou yon baz ki pa fè diskriminasyon, se règleman Norwood Public School pou li respekte konplètman Chapit 76, seksyon 5 Lwa Jeneral Massachusetts, Tit VI nan Lwa Dwa Sivil 1964 yo, Tit IX nan Amandman Edikasyon 1972 yo, Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon 1973 la, Tit II nan Lwa Ameriken ki gen Andikap 1990 la, epi avèk Règleman Pèsekisyon Seksyèl Komite Norwood Public School la.

Règleman Norwood Public School yo ki konsène Chapit 76, seksyon 5, Tit IV, Tit IX, Seksyon 504, Tit II, ak pèsekisyon seksyèl entèdi diskriminasyon pou kòz ras, koulè, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon oswa orijin nasyonan ak andikap, tankou move vizyon oswa tandè, nan domèn apre yo: admisyon nan sistèm lekòl yo; admisyon nan kou etid; opòtinite oryantasyon; opòtinite pwogram etid; aktivite andeyò kou; bous etid ak rekonpans lajan; travay; epi sèvi ak ekipman yo. Norwood High School gen entansyon swiv dokiman oryantasyon yo ki pibliye pa DESE's Safe Schools Program for LGBTQ Students (Pwogram DESE pou Pwogram Sekirite Lekòl pou Elèv LGBTQ).

An plis de sa, yo te etabli yon pwosedi doleyans pou elèv ak anplwaye yo. Pwosedi doleyans lan kòmanse ak Direktè bilding lan kote ke diskriminasyon oswa pèsekisyon sipoze a te fèt la. Si yo pa jwen yon solisyon nan nivo bilding lan sou 20 jou apre ke yo resevwa plent lan, yap refere afè a bay Asistan Sipè-Entandan an pi vit posib, ak ladan li nenpòt enfòmasyon ki koresponn. Asistan Sipè-Entandan an pral mennen yon ankèt sou afè a epi reponn tout demann alekri sou 20 jou lekòl apre ke li resevwa plent ki pat rezoud la. Si sa apwopriye, plan pou korije nenpòt inegalite ap antre nan repons lan tou. Lan ka yon pèsekisyon seksyèl, premye pa a ap gen ladan li yon deskripsyon pèsekisyon ke moun lan sipoze fè a.

Si li pa rezoud oswa pa rezoud pou satisfè li, moun ki fè plent lan ka fè yon demand alekri bay Sipè-Entandan Lekòl yo. Sipè-Entandan an, oswa moun li deziyen an, pral fè yon ankèt tou epi eseye rezoud pwoblèm lan nan 20 jou apre ke li resevwa plent ke sa pat rezoud la. Sipè-Entandan an pral reponn demandè a alekri apre ankèt la. Yap kenbe yon dosye separe sou tout aksyon ki pran yo dapre pwosedi doleyans lan.

Komite lekòl la pral sèvi kòm konsèy apèl final yo pou tout afè ke Sipè-entandan an oswa moun li deziyen an, pa kapab rezoud. Aksè ak Komite Lekòl la fèt pa avètisman alekri voye bay Prezidan an pou dekri pwoblèm lan epi mande opòtinite pou egzamine afè a avèk Komite Lekòl la. Dokiman yo dwe akonpaye demand alekri a pou egzamen.

Pwoblèm pèsekisyon seksyèl la pral diskite ak tout elèv yo nan kòmansman ane akademik la, epi yap prezante de pwogram pandan ane an pou elèv yo ak pwofesè yo ka abitye ak lwa a.

Pwosedi doleyans lan nan yon dosye nan biwo direktè a. Nenpòt kesyon dwe refere bay yon manm pèsònèl la. Direktè a ak yon manm pèsònèl pwofesyonèl la ap sèvi kòm ofisye doleyans pou plent pèsekisyon seksyèl yo.

AKOMODASYON: SEKSYON 504

Yap bay akomodasyon 504 pou tout elèv ke yo jwenn ki gen difikilte fizik oswa mantal ki limite seryezman youn oswa plis aktivite enpòtan nan lavi yo (gen ladan li aprann). Lekòl la gen pou responsablite pou li idantifye, evalye, epi, si timoun lan detèmine kòm kalifye dapre Seksyon 504, pou li resevwa aksè nan sèvis edikasyon apwopriye yo. Elèv ke yo detèmine ki andikape dapre

seksyon 504 mande yon repons nan men pèsònèl edikasyon regilye (jeneral) la nan pwogram edikasyon jeneral la. Yon ekip moun ki gen konesans sou elèv la (gen ladan sa paran/gadyen yo) ap egzamine nati andikap elèv la pou detèmine si oswa kijan andikap la afekte edikasyon elèv la epi detèmine ki akomodasyon avèk/oswa sèvis sa mande. Yo ofri yon varyete akomodasyon ak sèvis dapre Plan Akomodasyon 504 yo; ke yo dokimante epi revize tanzantan. Ofisye an Chèf pou Konfòmite a se Kowòdinatè 504 pou distrik la.

RÈGLEMAN ENTÈDIKSYON AK PREVANSYON BRIMAD

Brimad se yon fòm pèsèkisyon. Norwood Public School rekonèt ke brimad ak pèsèkisyon gen yon efè negatif sou pwosesis edikasyon an. Reporting Requirements 370(g) (Kondisyon pou Rapòte 370(g)) Lwa ki enpoze kondisyon rapò obligatwa yo pou tout manm pèsònèl lekòl yo, pa sèlman tout pèsònèl anseyan yo, pou yo imedyatman rapòte nenpòt ak brimad oswa vanjans ke manm pèsònèl la swa temwen, oswa vin aprann, bay direktè oswa moun lekòl la idantifye nan plan an ki responsab pou resevwa rapò sa yo oswa tou de.

Brimad se yon fòm pèsèkisyon. **Norwood Public School** rekonèt ke brimad ak pèsèkisyon gen yon efè negatif sou pwosesis edikasyon an.

Kondisyon pou Rapòte 370(g) - Lwa a egzije de kondisyon pou fè rapò **obligatwa** pou tout manm pèsònèl lekòl la, pa sèlman pèsònèl anseyman yo, pou yo rapòte imedyatman nenpòt ak brimad oswa vanjans ke manm pèsònèl la temwen oswa vin aprann, bay Direktè a oswa moun lekòl la deziyen an. Pèsònèl la dwe imedyatman rapòte nenpòt ak brimad oswa vanjans ke manm pèsònèl yo temwen oswa vin aprann, bay Direktè a oswa ofisyèl lekòl la idantifye nan plan an kòm reponsab pou resevwa rapò sa yo oswa tou de.

1. **Definisyon Brimad** (ki lan “*Chapter 92 of the Acts of 2010 - AN ACT RELATIVE TO BULLYING IN SCHOOLS.*”) (“*Chapit 92 lan Lwa 2010 lan - YON LWA KI GEN RAPÒ AK BRIMAD NAN LEKÒL YO.*”)

- a. “*Brimad*”, itilizasyon an plizyè fwa pa youn oswa plis elèv yon ekspwesyon ekri, vèbal, oswa elektwonik, oswa yon ak oswa jès fizik oswa nenpòt nan konbinezon sa yo, dirije sou yon viktim ki: lakòz fè mal fizik oswa emosyonèl pou viktim lan oswa domaje byen viktim lan; (ii) mete viktim lan yon laperèz rezonab pou fè tèt li mal oswa domaje byen li; (iii) kreye yon anviwònman ostil pou viktim lan nan lekòl la; (iv) vyole dwa viktim lan nan lekòl la; oswa (v) deranje materyèlman ak sibstansyèlman pwosesis edikasyon an oswa bon fonksyonman yon lekòl. Pou rezon nan seksyon sa a, **brimad dwe gen ladan li brimad pa entènèt ak vanjans.**
- b. “*Cyberbullying*”, (*Brimad pa Entènèt*), brimad atravè itilizasyon teknoloji oswa nenpòt kominikasyon elektwonik, ki dwe gen ladan yo, men pa limite ak, nenpòt transfè siy, siyal, ekriti, imaj, son, done oswa entelijans nan nenpòt nati ki transmèt antye oswa an moso pa yon sistèm kab, radyo, elektwomayetik, fotoelektronik, oswa foto optik, ak ladan yo, men pa limite ak, kourye elektwonik, kominikasyon entènèt, mesaj dirèk, oswa kokinikasyon pa faks. Brimad pa entènèt gen ladan li (i) kreyasyon yon paj entènèt oswa blòg ke ladan li moun ki kreye li asime idantite yon moun oswa (ii) pran idantite yon lòt moun volontèman pou fè kòm si se moun sa a ki fè kontni oswa mesaj ki poste yo, si kreyasyon oswa pran pòz se yon lòt ki lakòz nenpòt lan kondisyon ke yo site nan pati (i) rive nan (v) enkli, definisyon brimad la. Brimad pa entènèt dwe gen ladan li distibisyon pa yon mwayen kominikasyon elektwonik bay plis pase yon moun oswa poste materyèl

sou yon medyòm elektwonik ke youn oswa plis moun kapab gen aksè a li, si distribisyon oswa pòs la kreye nenpòt lan kondisyon ke yo di nan seksyon (i) rive nan (v),enkli, nan definisyon brimad la.

- c. "*Vanjans*," nenpòt fòm entimidasyon, reprezay, oswa pèsikisyon ki dirije sou yon elèv ki rapòte brimad, bay enfòmasyon pandan yon ankèt pou brimad, oswa temwen oswa gen enfòmasyon valab sou brimad
1. **Brimad Entèdi** - Konpòtman sa a deranje pwosesis edikasyon an; alò, fè konnen ke brimad pa yon konpòtman akseptab nan Norwood Public School epi li entèdi.
2. **Brimad Dwe Entèdi** - (i) sou teren lekòl yo, pwopriyete ki touswit akote teren lekòl la yo, oswa nan aktivite lekòl la òganize yo, evenman oswa pwogram swa sou oswa andeyò teren lekòl la, nan estasyon bis lekòl yo, nan bis la, oswa lòt machin posede, lwe oswa itilize pa yon distrik lekòl oswa yon lekòl; epi (ii) lan kote, aktivite, evenman, oswa pwogram ki pa an rapò ak lekòl, oswa atravè itilizasyon teknoloji, oswa aparèy elektwonik ki pa byen, lwe oswa itilize pa yon lekòl oswa distrik lekòl, pou fè brimad kreye yon anvivònman ostil nan lekòl pou viktim lan, vyole dwa viktim lan nan lekòl la oswa materyèlman epi sibstansyèlman deranje pwosesis edikasyon oswa bon fonksyonman yon lekòl.
3. Elèv ki angaje nan nenpòt ak brimad pandan yo lekòl, nan nenpòt evenman lekòl, ki gen koneksyon ak, oswa nenpòt aktivite òganize pa distrik oswa evenman, oswa pandan yo sou wout vinin oswa sòti lekòl, ka sibi aksyon disiplinè, pou jis rive nan sispansyon oswa ekspilsyon. Ofisyèl ranfòsman lalwa yo pral resevwa avètisman sou ensidan brimad yo.

Etap pou Rezoud

- a. **Entèvansyon Pèsonèl la**- Manm pèsonèl yo ki obsève oswa vin aprann ke yon ak brimade fèt pral pran aksyon apwopriye imedyatman pou entèvni, amwens ke yon entèvansyon ta ka mete sekirite manm pèsonèl la oswa elèv la(yo) an danje. Si gen yon baz rezonab pou kwè ke manm pèsonèl la pat kapab rezoud pwoblèm lan, oswa si brimad la kontinye, manm pèsonèl la dwe rapòte afè a bay administratè konsène a pou plis ankèt.
- b. **Elèv yo ak Paran yo Dwe Rapòte Brimad** - Elèv ak paran yo ki vin okouran brimad ta dwe rapòte sa bay administratè konsène a pou plis ankèt. Menm jan an, elèv oswa paran yo dwe pou yo rapòte yon insidan brimad sèvi ak nenpòt nan twa opsyon ki sou sit entènèt brimad distrik la lè yo ale sou <http://www.norwood.k12.ma.us/page.php?pid=615>. Yo aksepte rapò "anonim"; men, yo paka pran aksyon disiplinè kont yon elèv sou baz rapò anonim. Nenpòt elèv ki pran vanjans kont yon lòt ki rapòte brimad ka resevwa de konsekans disiplinè. Menm jan an, nenpòt elèv ki volontèman fè fo akizasyon brimad oswa vanjans pral resevwa konsekans disiplinè.
- c. **Ankèt** - Lan ka ke gen brimad sipoze oswa pèsistan, brimad pa entènèt, oswa vanjans, yon administratè pral ankete sou afè a. Ankèt la ka gen ladan li, men pa sèlman, konvèsasyon ak elèv yo, paran yo, epi pèsonèl lekòl.
- d. **Estrateji Entèvansyon/Konsekans/Prevansyon** - Si yo jwenn ke brimad yo vre, administratè konsène a pral pran aksyon rezonab pou fè l rete epi anpeche ke li rekòmanse. Aksyon sa yo ka gen ladan yo, men pa limite ak, separe epi sipèvizye elèv konsène yo; kontakte paran/gadyen moun ki lakòz la ak pa viktim lan; bay sipò konsèy pou elèv epi opsyon referans sèvis pou

manm fanmi apwopriye yo jan sa nesèsè; kowòdone yon plan sipèvizyon avèk èd pèsonèl la; kontra elèv ak devlopman yon plan sekirite; reyinyon ak Ofisyè Resous Lekòl la. Elèv ki fè brimad oswa menas kont lòt yo ka resevwa aksyon disiplinè tou, ak ladan yo avètisman,

konferans paran, detansyon, sispansyon, ak/oswa ekspilsyon. Si administrasyon lekòl la detèmine ke te gen brimad oswa vanjans, administratè konsène a pral avèti ajans ranfòsman lalwa lokal la si administrasyon an kwè ke akizasyon kriminel kapab fèt pou moun ki fè krim lan.

- e. **Detèminasyon:** si paran oswa gadyen an pa satisfè ak desizyon direktè an nan ankèt la, paran an gen dwa fè apèl bay Kowòdinatè Brimad distrik la owa Sipè-entandan an. Si paran yo rete pa satisfè ak repons distrik la, yo kapab kontakte Sistèm Rezolasyon Pwogram Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a nan compliance@doe.mass.edu oswa rele 781-338-3700.

NÒT: Brimad sou Entènèt kouvri pa règleman Liv Gid sa a.

Brimad Rasyal: "*Brimad Rasyal*", Lè yon oswa plizyè elèv itilize yon ekspresyon ekri, vèbal oswa elektwonik oswa yon ak oswa jès fizik oswa nenpòt konbinezon sa yo, ki dirije sou yon viktim ki baze sou ras viktim lan epi: (i) lakòz fè mal fizik oswa emosyonèl pou viktim lan oswa domaje byen viktim lan; (ii) mete viktim lan yon laperèz rezonab pou fè tèt li mal oswa domaje byen li; (iii) kreye anvivònman ostil nan lekòl pou viktim lan; (iv) vyole dwa viktim lan nan lekòl la; oswa (v) deranje materyèlman ak sibstansyèlman pwosesis edikasyon an oswa fonksyonman nòmal lekòl la. Pou rezon ki nan seksyon sa a, brimad rasyal dwe gen landan li brimad pa entènèt ak vanjans. Brimad rasyal dwe rapòte bay Ofisye Divèsite ak Enklizyon an.

PREVANSYON AK ENTÈVANSYON POU SWISID

Pwoteje sante ak byennèt tout elèv se sa ki gen pi gwo enpòtans pou distrik lekòl la. Komite lekòl la adopte yon règleman pou prevansyon ak entèvansyon pou swisid ki pral ede elèv yo atravè etap apre yo:

1. Jan sa apwopriye pou devlopman, elèv yo pral aprann pwoteje konesans sosyal/emosyonèl yo, rekonèt epi reyaji pou siy avètisman swisid kay zanmi yo, sèvi ak konpetans adaptasyon, sèvi ak sistèm sipò yo, epi chèche èd pou tèt yo ak zanmi yo. Sa pral fèt atravè Open Circle curriculum (pwogram etid Sèk Louvri) lan nivo elemantè a epi pwogram SOS/QPR yo nan kou lasante 6-12yèm ane yo.
2. Yo atann ke tout elèv yo ede kreye nan lekòl la yon kilti pou respè ak sipò kote elèv yon santi yo alèz pou chèche èd pou tèt yo oswa pou zanmi yo. Yo ankouraje elèv yo pou di nenpòt manm pèsònèl si yo menm, oswa yon zanmi, santi yo izole, tris, deprime, anvi touye tèt yo, oswa lan bezwen pou èd.
3. Elèv, anplwaye, oswa paran ki konnen yon elèv ki nan kriz (riske fè tèt li mal) pral enfòm imedyatman yon granmoun de konfyans, yon konseye ajisteman/oryantasyon, ak direktè lekòl la ki pral refere elèv la bay resous apwopriye yo.
4. Lè yon manm kominote lekòl la idantifye yon elèv ki an danje, yon konseye ajisteman ak/oswa oryantasyon pral evalye li epi yap avèti paran oswa gadyen yo epi voye yo jwenn resous lokal apwopriye yo, tankou men pa sèlman;

- **Riverside Emergency Services: Youth Mobile Crisis Intervention** (Sid ak Wès Boston), 800-529-5077, <http://www.riversidecc.org/child-family-services/emergency-services/youth-mobile-crisis-intervention/>
- **Riverside Outpatient Center**, 190 Lenox Street, Norwood, MA 02062. Telefòn: 781-769-8670.
- **Norwood Hospital**: San Peye **Psychiatric Crisis Hotline**: 800-331-2900. **Behavioral Health**, Norwood Hospital. 800 Washington Street, Norwood, MA 02062. 781-278-6670.
- 5. Yo ankouraje elèv ak manm fanmi yo pou kontakte resous nasyonal yo kote ke yo ka jwenn kontak ak lòt sipò anplis, tankou
 - **The National Suicide Prevention Lifeline** – 1.800.273.8255 (TALK), www.suicidepreventionlifeline.org.

o **The Trevor Lifeline** – 1.866.488.7386, www.thetrevorproject.org .

6. Avan ke elèv la retounen lekòl, paran oswa gadyen an dwe bay direktè lekòl la yon dokimantasyon ekri ki soti nan men yon founisè swen sante mantal ki egzamine elèv la (yon depistaj sante mantal oswa yon rezime egzeyat) epi di ke elèv sa a pa yon danje imedyat pou tèt li oswa pou lòt.

7. Pandan ke Norwood Public Schools gen règleman ki respekte dwa vi prive elèv ak paran yo, elèv yo ak manm fanmi yo ta dwe konnen tou ke akòz nati lavi oswa lanmò bagay sa yo, konfidansyalite ak vi prive vin apre chèche èd pou elèv ki nan kriz.

Pou plis enfòmasyon an detay sou sijè sa a, tanpri gade Suicide Prevention and Intervention (Prevansyon ak Entèvansyon pou Swisid) distrik la Règleman (dosye: JLDBA).

AKÒ ITILIZASYON RESPONSAB:

Norwood Public Schools (NPS) bay yon gwo varyete resous teknoloji pou anplwaye, pwofesè ak elèv sèvi. Resous teknoloji sa yo la pou sipòte misyon ak objektif estratejik Norwood Public School la epi tou reyalize vizyon nou pou teknoloji ki la pou kreye yon anviwònman ki rich nan teknoloji pou anseyman epi aprantisaj ki ankouraje kolaborasyon, kominikasyon, inovasyon epi reyalize konpetans akademik epi pwofesyonèl pou tout elèv ak pwofesè yo respektivman. Akò sa a dekri itilizasyon responsab ak atant enfrastruktirè rezo a, sistèm, pèsònèl epi ekipman ak aplikasyon lekòl la bay ke pèsònèl distrik la, pwofesè yo ak elèv yo itilize.

Lè yo siyen Responsible Use Agreement (Akò pou Itilizasyon Responsab) an, anplwaye, elèv, envite ak paran/gadyen yo rekonèt règ ak kondisyon ki apre yo:

- Mwen konprann ke rezo Norwood Public Schools la ak tout kont yo se pwopriyete Norwood Public Schools epi yo pa prive. NPS gen dwa gen aksè nan enfòmasyon mwen nenpòt lè.
- Mwen konprann ke administratè NPS yo pral jije ki konpòtman ki pa yon itilizasyon apwopriye si konpòtman sa a pa espesifye nan akò sa a.
- Mwen pral itilize teknoloji a yon jan ki respektive lwa federal ak eta a.
- Mwen konprann ke mwen dwe avèti yon pwofesè NPS oswa yon administratè imedyatman si mwen jwenn yon materyèl ki vyole itilizasyon responsab.
- Mwen konprann ke vyolasyon règleman sa a ka gen kòm rezilta ke mwen pèdi aksè nan privilèj rezo yo epi ke mwen ka jwenn plis aksyon disiplinè oswa legal.

1. MWEN RESPONSAB POU KONT NORWOOD PUBLIC SCHOOLS MWEN YO

- Mwen konprann ke modpas yo prive epi ke mwen pap pataje modpas mwen ak pèsòn, epi ke mwen pap sèvi ak modpas yon lòt moun.
- Mwen konprann ke mwen responsab pou tout aktivite ki fèt atravè kont mwen epi mwen pa pèmèt lòt moun sèvi ak kont mwen yo, ni mwen pap itilize kont yon lòt moun.
- Mwen konprann ke se kont lalwa pou eseye epi antre nan nenpòt kont ki pa pou mwen oswa volè modpas nenpòt moun.
- Mwen konprann ke mwen dwe fèmen sesyon òdinatè a lan fen chak sesyon pou lòt moun paka sèvi ak kont mwen.

2. I AM RESPONSIBLE FOR MY BEHAVIOR ON THE NETWORK AND HOW I TREATE LÒT MOUN ANLIY

- Mwen pral itilize langaj kòrèk nan tout kominikasyon nimerik mwen ak lòt moun,

gen ladan li imel, dokiman, konferans videyo, rezo sosyal, tablo diskisyon epi nenpòt lot entèraksyon anliy. Mwen pral itilize imel ak lòt mwayen kominikasyon yo responsableman.

- Mwen pral itilize langaj responsab, janti epi pozitif lè map kominike anliy. Mwen pap voye oswa poste kominikasyon rayisman oswa pèsekisyon, fè de remak diskrimantwa oswa denigran sou lòt moun, oswa angaje nan brimad, pèsekisyon oswa lòt konpòtman antisosyal pandan mwen anliy nan lekòl oswa andeyò lekòl.
- Map toujou mwenmenm anliy epi pap pretann mwen se yon lòt moun. Mwen konprann ke brimad sou entènèt, imite, oswa pretann mwen se yon lòt moun anliy estrikteman entèdi epi ka gen kòm rezilta konsekans disiplinè oswa legal.
- Map avèti yon administratè oswa yon pwofesè imedyatman si mwen jwenn materyèl oswa aktivite ki vyole règleman itilizasyon responsab la.

3. MWEN RESPONSAB POU UTILIZASYON MWEN AK SEKIRITE REZO NORWOOD PIBLIK SCHOOLS LA.

- Map itilize teknoloji NPS la responsableman epi mwen konprann ke yo mete li la pou objektif edikasyon.
- Mwen pa pral chèche pou mwen, pataje, jwenn, fè sikile, oswa afiche materyèl rayisman, vyolans, oswa seksyèl amwens ke administrasyon lekòl la otorize sa kòm yon pati nan pwojè edikatif.
- Mwen pap eseye pase sou kote reglaj sekirite yo oswa filt entènèt yo oswa enstale de pwogram ki pa otorize pa NPS sou òdinatè lekòl la kap deranje fonksyonman rezo a amwens ke Depatman teknoloji NPS la te bay pèmision klèman pou sa.
- Mwen konprann ke sèvi ak rezo NPS la pou aktivite ki pa legal oswa komèsyal entèdi.

4. MWEN RESPONSAB POU PWOTEJE BYEN LEKÒL LA

- Mwen konprann ke vandalis entèdi. Sa gen ladan li men pa sèlman modifiye, oswa detwi ekipman, pwogram, dosye, oswa reglaj nan nenpòt sèvi yo, òdinatè yo, oswa resous teknoloji yo. Byen NPS ki domaje volontèman oswa pa aksidan ka gen kòm rezilta ni aksyon disiplinè ni peman pou reparasyon oswa ranplasman.
- Mwen konprann ke mwen bezwen otorizasyon nan men yon administratè lekòl ak depatman teknoloji NPS la pou mwen sèvi ak aparèy elektwonik sou rezo NPS la.

5. MWEN RESPONSAB POU RESKPEKTE BYEN ENTELKETYÈL LÒT MOUN

- Mwen pral obeye lwa sou dwa kopi yo.
- Mwen pap kopye oswa sèvi ak travay lòt moun san sitasyon kòrèk ak pèmision.
- Mwen pap televèse oswa telechaje materyèl ki pwoteje pa dwa kopi sa gen ladan yo men pa limite pou, dosye, liv, mizik ak fim.

6. MWEN RESPONSAB POU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PÈSONÈL MWEN AK ENFÒMASYON PÈSONÈL LÒT MOUN.

- Mwen pral kenbe enfòmasyon pèsonèl mwen prive epi mwen konprann ke pataje enfòmasyon konfidansyèl oswa idantifye elèv ak anplwaye an liy oswa atravè nenpòt koninikasyon dijital estrikteman entèdi.
- Mwen pral respekte entimite lòt moun epi mwen pap pran, poste oswa pataje foto oswa videyo pwofesè, anplwaye oswa elèv ki sou pwopriyete Norwood Public Schools san konsantman yo oswa san otorizasyon administrasyon an pou objektif Norwood Public Schools.

- Mwen pral respekte enfòmasyon pèsoneel lòt moun epi mwen pap anrejistre anplwaye, pwofesè oswa elèv nan soukripsyon sit entènèt yo oswa kont anliy pou sèvis amwens ke sa apwouve pa yon administratè ak Depatman Teknoloji NPS la.

7. MWEN PRAL UTILIZE RESOUS NORWOOD PUBLIC SCHOOLS YO AK RESPONSABLITE EPI POU OBJEKTIF NPS.

- Mwen pral itilize ekipman òdinatè Norwood Public Schools, resous materyèl ak rezo pou travay an rapò ak NPS ak objektif edikasyonèl epi mwen konprann ke itilizasyon pèsoneel repete, ekseksif resous NPS yo entèdi.
- Mwen pral itilize enprimant Norwood Public Schools yo ak responsablite epi pran aksyon pou konsève resous pou enprime yo lè mwen enprime doub fas lè sa aplikab, pataje elektwonikman lè mwen kapab, epi sèvi ak enprimant yo pou afè ki gen rapò ak lekòl lè sa nesese.

APLIKASYON GOOGLE POU KONT EDIKASYON

Yo bay elèv nan 3-12yèm ane Google Apps For Education Accounts (Aplikasyon Google pou Kont Edikasyon). Google Apps Pou Edikasyon se yon seri pwogram aplikasyon baze sou entènèt ki pèmèt kreye dokiman, paj kalkil, pwezantasyon, sit entènèt, imel ak plis toujou. Avantaj pou pwofesè ak elèv yo gen ladan yo kapasite pou elèv yo kolabore nan pwojè ak devwa yo an tan reyèl anliy. Yo pral kapab tou gen aksè ak dosye yo nan Google Apps nenpòt kote yo gen aksè ak entènèt nenpòt kilè sou nenpòt ki kalite aparèy.

Pou plis enfòmasyon sou Google Apps pou Edikasyon, tanpri ale sou sit entènèt teknoloji NPS la: <http://www.norwood.k12.ma.us/tech/Norwood-Public-Schools-Google-Apps-for-Education.cfm>

Pwosedi ak Gid pou Itilizasyon Chromebook Norwood Public Schools. Inisyativ 1:1 Chromebook 6 - 12yèm ane

Règleman, pwosedi ak gid pou inisyativ 1:1 Chromebook Norwood Public Schools yo se yon pwolongasyon Akò Itilizasyon Responab Norwood Public Schools la ke elèv ak paran yo siyen chak ane. Règleman sa yo pa ranplase akò sa a.

Nan otòn ane lekòl 2018-2019 la, tout elèv Norwood Public Schools ki nan 6-12zyèm ane yo pral resevwa yon Chromebook, bwat ak chajè pou objektif edikasyon. Chromebook yo se byen Norwood

Public Schools epi yo pral prete elèv yo li pou yo sèvi ni lekòl la ni lakay yo pandan ane lekòl la. Pou yo ka resevwa Chromebook la yo dwe respekte kondisyon sa yo:

1. Elèv la dwe enskri aktivman nan Coakley Middle School oswa Norwood High School.
2. Elèv la ak paran/gadyen an dwe gade yon videyo entwodiksyon nan pwogram Chromebook 1:1 Norwood Public Schools la.
3. Elèv la dwe soumèt yon akò pou prete Chromebook ke limenm ak yon paran/gadyen siyen.
4. Elèv la ak paran/gadyen an dwe peye yon frè asirans opsyonèl \$30.00 oswa siyen ke yo renonse asirans lan. Lè yo siyen renonsman an, elèv la aksepte peye pou reparasyon oswa ranplasman Chromebook la si li domaje, pèdi oswa vòlè.

Distribisyon Chromebook

1. Elèv yo pral resevwa Chromebook yo a nan otòn ane lekòl 2018-2019 la. Tout elèv yo dwe te soumèt dokiman ak frè yo avan ke yo resevwa Chromebook yo a.

2. Nouvo elèv ki enskri nan Norwood Public Schools pandan ane lekòl la dwe pwograme yon lè ak oryantasyon pou yo ka resevwa Chromebook yo a. Tout nouvo elèv dwe soumèt dokiman ak frè yo avan yo resevwa Chromebook yo a.

Retounen Chromebook

1. Elèv yo pral retounen Chromebook yo a, bwat ak chajè a lè yo gradye. Si Chromebook la domaje oswa chajè a ak bwat la pa retounen, elèv la pral gen yon frè pou li peye. Sinon, yo ankouraje elèv yo pou kenbe Chromebook yo a pandan ete a pou jiska lè yo egzije ke yo retounen li a.
2. Elèv ki kite Norwood Public Schools la dwe retounen Chromebook yo a, bwat la ak chajè a bay depatman oryantasyon an. Si Chromebook la domaje oswa chajè a oswa bwat la pa retounen, elèv la pral gen pou peye yon frè. Si Chromebook la pa retounen, yo pral rapòte ke Chromebook la pèdi oswa vòlè alò elèv la pral responsab pou peye tout pri pou ranplase Chromebook la.

Swen ak Antretyen Chromebook

- Elèv yo reponsab swen ak antretyen Chromebook yo a
- Elève yo pap chanje aparans Chromebook la nan nenpòt ki jan ak etikèt, tep, lakòl, makè, elatriye. Elèv yo pral resevwa yon bwat pou li rete landan li ki gen mwayen pou rekonèt Chromebook pa yo a.
- Elèv yo pral kenbe Chromebook yo lwen manje, likid paske sa ka domaje Chromebook la.
- Elèv yo pap mete bagay ki lou sou tèt Chromebook la paske presyon ka domaje ekran an.
- Elèv yo pral asire ke pa gen anyen sou klavye a avan yo fèmen Chromebook la pou yo ka evite domaje ekran an.
- Pandan Chromebook la etenn, ou ka netwaye klavye a, trakpad la ak ekran an avèk yon twal mouye.
- Pa espere Chromebook la dirèkteman ak pwodui pou netwaye. Sèvi sèlman ak pwodui ki fèt pou netwaye ekran LCD òdinatè.

- Toujou transpòte Chromebook ou a nan bwat ki pwoteje li a ke lèkòl la ba ou a.
- Tout Chromebook NPS yo genyen sou yo yon etikèt pou yo ka fè envantè. Si etikèt envantè sou Chromebook ou a soti oswa domaje yo ka mandew peye yon frè ki egal ak pri Chromebook la.

Atant Itilizasyon Chromebook yo nan Lekòl

- Lè yap sèvi ak Chromebook la tout elèv yo pral swiv Akò Itilizasyon Responsab Norwood Public Schools la. Vyolasyon Akò Itilizasyon Responsab Norwood Public Schools la ka gen kòm rezilta aksyon disiplinè.
- Chromebook yo se pou sèlman sèvis elèv ke yo bay li a pou objektif edikasyon sèlman.
- Chromebook yo dwe rive lekòl la plen chaj chak jou. Chajè Chromebook elèv la dwe rete lakay li.
- Chak Chromebook vini avèk yon bwat pou li rete ladan li ki pou sèvi pou transpòte li epi sèvi avèk Chromebook la. Chromebook yo dwe rete nan bwat yo a epi bwat la dwe zipè fèmen nèt lè yap transpòte Chromebook la oswa lè li pap sèvi.

- Elèv yo dwe pote Chromebook yo a nan chak kou amwens ke pwofesè yo a di lekonnèt. Elèv yo ki pa vin ak Chromebook yo a an plizyè fwa ka jwenn aksyon disiplinè ak/oswa sa ka afekte nòt yo yon fason negatif.
- Si yon elèv pa pote Chromebook li a oswa li pa chaje, yo ka jwenn prete youn nan yon kote ki la pou sa avan kou yo kòmanse. Elèv yo dwe retounen sa yo prete yo a avan yo lage lekòl la pou jounen an.
- Itilizasyon Chromebook nan klas la depann sèlman de pwofesè a.
- Elèv yo dwe gen son Chromebook la etenn padan kou yo amwens ke yap sèvi ak kas avèk pèmasyon pwofesè a. Elèv la dwe genyen pwòp kas pa li.
- Enprime ak Chromebook yo pa disponib nan lekòl la. Yo ankouraje elèv yo pou yo pataje travay yo elektwonikman ak pwofesè yo oswa enprime yo lakay yo.

Atant pou Itilizasyon Chromebook Andeyò Lekòl

- Elèv yo ka sèvi ak Chromebook yo a andeyò lekòl pou objektif edikasyon
- Elèv yo dwe sèvi sèlman ak kont Norwood Public Schools yo a pou ouvri sesyon nan Chromebook la.
- Elèv yo ka enprime apati de Chromebook yo a lakay yo oswa nan lot kote (egzanp Bibliyotèk Piblik Norwood) lè yo sèvi ak enprimant konpatib yo.
- Chromebook yo dwe rete nan yon kote an sekirite, yon plas ki si lè yo pap sèvi.
- Chromebook yo pata dwe rete sa siveyans lè yap deplase andeyò lakay la.
- Chromebook yo pata dwe ekspoze nan gwo tanperati tankou gwo fredri oswa chalè paske sa ka domaje aparèy la.

Sekirite ak Atant pou Itilizasyon Elèv

- Tout kontni Chromebook yo filtre ni andedan ak andeyò lekòl pou rezon sekirite elèv ak respè CIPA. Tanpri klike sou lyen sa a pou konnen plis sou Children’s Internet Protection Act la (Lwa Pwoteksyon Timoun sou Entènèt).
- Navigasyon sou entènèt ak istwa sesyon yo anrejistre nan sistèm lan epi administrasyon lekòl la gen aksè ladan yo.
- Elèv yo pap eseye kontoune filtraj kontni a oswa chanje sistèm operasyon Chromebook la nan nenpòt fazon. Si sa fèt li ka gen pou rezilta konsekans disiplinè pou elèv la.
- Tout elèv yo aksepte pou respekte Akò Itilizasyon Responsab Norwood Public School la epi akòz sa yap evite tout aktivite danjere oswa ki pa legal lè yap sèvi ak Chromebook yo a, kont lekòl NPS yo, oswa nenpòt resous teknoloji Norwood Public Schools. Si yo pa fè sa yo ka gen pou rezilta konsekans disiplinè oswa legal.
- Elèv yo pral pwoteje done yo epi yo pap pataje okenn idantifikasyon kont lekòl la (egzanp non itilizatè ak modpas) avèk lòt moun pou okenn rezon.
- Elèv yo gen yon estokaj san limit ki disponib sou Google Drive, alò, tout kontni ki anrejistre nan Chromebook la ta dwe anrejistre sou Google Drive men pa sou disk lokal Chromebook la. Norwood Public School pa responsab pou done ki pèdi.
- Elèv yo pral pran prekosyon lè yap konekte sou yon rezo san fil san sekirite paske rezo san sekirite yo ka kite done yo san pwoteksyon.
- Sèl app ak ekstansyon apwouve pou Chromebook gen dwa instale sou Chromebook la. Elèv ak pwofesè kapab mande ke yo mete app ak ekstansyon espesifik disponib pou enstalasyon.
- Chromebook la ap instale navigatè ak mizajou sekirite otomatikman. Yo rekòmande ke elèv yo etenn Chromebook yo a kòrèkteman chak jou pou mizajou yo ka enstalle.

Pèt, Vòl oswa Domaj

- Elèv ki gen pwoblèm teknik avèk Chromebook yo a dwe pote li nan kote yo di a nan lekòl la pou depanaj ak reparasyon posib.

- Yap prete elèv la yon Chromebook pandan ke yap dyagnostike ak repare Chromebook pa yo a. Elèv yo responsab pou menm atant swen Chromebook prete a jan yon di lan gid sa yo epi lan akò pou prete Chromebook la.
- Si yo sipoze ke domaj Chromebook la te fèt pa aksidan, yo ka mande elèv la yon frè pou reparasyon.
- Si Chromebook la te pèdi, yo pral mande elèv la tout montan kòb pou ranplasman Chromebook la.
- Si yo te vòlè Chromebook la, elèv la dwe kontakte imedyatman departman lapolis la pou rapòte vòl la. Yon rapò polis dwe ranpli epi yon kopi dwe prezante bay Norwood Public School avan yo ranplase Chromebook la.

ÒDINATÈ LEKÒL-ENFÒMASYON ANPLIS

1. Laboratwa òdinatè egziste nan bibliyotèk la, Sal 159, Sal 301, epi Sal 117 (Lab Mizik Midi). Men, akòz pwoblèm sipèvizyon yo, sèl lab disponib pou elèv yo ki pa nan yon klas sipèvize ki sèvi ak òdinatè se bibliyotèk la.
2. Okenn elèv ta dwe nan lab òdinatè bibliyotèk la amwens ke elèv sa a gen travay espesifikman an rapò ak travay lekòl pou li fè. Yon elèv ki gen yon etid dirije kapab pran yon lese pase pou bibliyotèk la nenpò ki lè avan etid dirije a kòmanse. Elèv yo ap ranpli liy apwopriye yo nan lese pase an de pati a epi yap kite kopi jòn lan nan men sekretè bibliyotèk la. Yon elèv gen kopi blan ki siyen pa pwofesè etid dirije a apre ke yo make prezans li epi li prale dirèkteman nan lab òdinatè a. Yap refere elèv yo bay yon administratè si manm pèsònèl la pa kapab wè ke kopi blan an koresponn ak kopi jòn lan lese pase elèv la pandan yon peryòd. Pwofesè matyè yo ki bay pwojè sou òdinatè yo kapab bay yon ti gwoup elèv yon lese pase pou travay sou pwojè sa a pandan kou yo a (avèk avètisman davans pou asistan lab òdinatè a, si sa posib). Lab òdinatè bibliyotèk la ouvè chak jou depi 7:00 a.m. rive 3:00 p.m.
3. Laboratwa yo dwe sèvi sèlman pou travay ki gen rapò ak lekòl la. Elèv yo pa gen dwa sèvi ak okenn lab kòm yon "kote pou rankontre." Elèv yo pa gen dwa rasanble nan lab la avan kou yo, apre lekòl, pandan dejene, oswa nenpòt lòt lè pandan jounen an.
4. Tankou nan nenpòt ki sal klas, elèv yo ta dwe rete chita pou jis klòch la sonnen. Koutwazi woutin sal klas ak swen sal la dwe fèt jan yap atan lan. Elèv yo ta dwe netwaye estasyon travay yo epi kite tout aparèy ak tout fenèt yo fèmen. Yo ta dwe tou pouse chèz yo nan plas yo, rantrè medya yo, jete fatra papye yo, epi verifiye zòn travay la pou liv, kaye, elatriye.
5. Elèv yo ta dwe gen pwòp medya pou estokaj pa yo, ki gen landan li repètwa yo bay sou rezo a. Chanje Medya ankouraje pwoblèm pou anrejistre dosye yo. Pwofesè yo ta dwe si ke elèv yo gen medya ak yon kont rezo ki mache avan premye vizit yo nan lab la. Elèv yo kapab sevi ak yon disk di ki pataje sou sèvè a pou estoke enfòmasyon yo. Pral gen yon yon limit estrik pou gwosè estokaj endividyèl elèv.
6. Elèv yo ta dwe tape youn oswa de fraz, epi SAVE (ANREJISTRE). ANREJISTRE tout tan epi kite tan pou enprime. Asire ke wap enprime sou enprimant kòrèk la.
7. Sèvi ak nenpòt imel ki pa pou lekòl la entèdi pou elèv yo an pèmanans. Imel ke lekòl la bay yo a, si sa disponib, dwe itilize pou sak gen rapò ak lekòl sèlman. Elèv yo ki swete transpòte dokiman elektwonik an rapò ak lekòl kapab fè sa avèk yon kalite medya ki akseptab ki gen landan li CD Rom oswa yon disk kle.

8. Sak apre yo espesifikman entèdi amwens ke se sou sipèvizyon dirèk yon pwofesè:
 - jwe mizik, sa gen ladan li CD ak sit entènèt, chanm tchat
 - sit rezo sosyal tankou My Space ak Facebook
 - televizyon nenpòt dosye egzekitab tankou jwèt, son, elatriye.
 - manje ak/oswa bwason
9. Nenpòt pwofesè gen dwa verifye kontni repètwa elèv, elatriye, nenpòt ki lè. Siveyans elektwonik sou nenpòt aktivite sou òdinatè posib.
10. Vyolasyon Règleman Itilizasyon Responsab (URP) la avèk gid itilizasyon òdinatè lekòl segondè yo serye. Disiplin apwopriye pral aplike, ak landan li sispansyon kont itilizatè òdinatè ak referans bay yon administratè

ITILIZASYON LABORATWA MIZIK MIDI

1. Kote sa aplikab, tout règ pou Itilizasyon Lab Òdinatè jan li ekri anlè a toujou aplike lè yap itilize Lab Mizik Midi a.
2. Elèv yo kap sèvi ak Lab Mizik Midi a dwe enskri, anrejistre, epi ap swiv Majè Mizik, Madrigal, oswa kou Ansanm Ak Van yo.
3. Konsantrasyon prensipal pou tout elèv nan Lab Mizik Midi a dwe gen rapò dirèk ak kou sa yo.
4. Elèv yo dwe anrejistre pou gen aksè nan lab la pa pi ta ke maten ke yo gen entansyon itilize li. Elèv yo pa ka atann yo pou yo kapab sèvi ak lab la avan yo anrejistre.
5. Vyolasyon règleman ka gen kòm rezilta lapèt itilizasyon lab la.
6. Lab Mizik Midi a ap ouvri pandan lè regilye jounen lekòl yo soti 7:45 a.m. - 2:30 p.m.

<h3>PWOSEDI SEKIRITE LEKÒL</h3>
--

PWOSEDI EGZÈSIS DIFE

Elèv yo pa gen pou yo kouri, men mache vit, epi yo pa gen pou retounen oswa fè nenpòt konvèsasyon. Premye elèv ki rive nan yon pòt koridò ki fèmen yo mande li pou li kenbe pòt la ouvè pou lot yo ka sòti.

Yo dwe vide bilding lan vit epi avèk lòd. Tout moun gen pou yo soti nan bilding lan pou jis lè yon klòch long siyale lè pou retounen an. Tanzantan kèk seksyon nan bilding lan kapab volontèman bouche pou fè sanblan ke gen yon vre dife nan zòn sa a. Elèv yo dwe pou yo abitye ak lòt wout pou sòti nan bilding lan. Si yo jwenn ke sòti yo abitye a bloke, yo dwe itilize yon wout ranplasman pou sòti nan bilding lan. Yon fwa yo deyò bilding lan, elèv yo dwe ale nan zòn deziyen pou reyinyon yo a nan Nichols Street. Elèv yo dwe rete nan klas yo a pandan ke pwofesè yo ap pran prezans yo. Yo dwe jwenn tout elèv la.

EGZÈSIS KOURI-KACHE-GOUMEN

Omwen yon egzèsis Kouri-Kache-Goumen fèt chak ane ak prezans pèsònèl Depatman Polis Norwood la. Egzèsis ijans yo mande pou chak moun swiv pwosedi sekirite bilding lan nan ka ke gen yon moun oswa yon sityasyon ki menase sekirite pèsònèl ak elèv yo. Tout moun dwe pran egzèsis sa yo seryezman epi swiv tout pwotokòl pou egzèsis sekirite Kouri-Kache-Goumen an.

PWOSEDI EVAKYASYON

1. **ELÈV PRAL EVAKYE BILDING IMEDYATMAN EPI ALE NAN SÒTI KE YO**

DEZIYEN AN AVÈK KLAS YO A. ELÈV YO PA DWE SÈVI AK ASANSÈ YO EPI YO PRAL KANPE LWEN BILDING LAN.

2. Elèv yo ta dwe pran sèlman byen yo ki NAN SAL KLAS LA.
3. Tout elèv yo pral sòti nan bilding lan epi ale lan direksyon devan bilding lan. Yon fwa ke yo deyò bilding lan, elèv yo pral rete ak pwofesè yo nan kote yo di pou yo reyini an.

NÒT: NAN KA KE YAP FÈ EVAKYASYON BILDING LAN TOUT PÈSONÈL AK ELÈV PRAL MONTE NAN YON BIS POU ALE NAN ST. TIMOTHY'S CHURCH 650 NICHOLS STREET, NORWOOD MA. N.P.D. PRAL EDE DIRIJE TRAFIK LA NAN NICHOLS STREET.

4. Lè elèv yo rive nan St. Timothy's Church, yo pral resevwa plis enstriksyon.
5. Pwofesè yo pral pran prezans yo.
6. Elèv yo pral lage pa yon paran oswa gadyen ki make nan X2 Aspen apre ke idantifikasyon fin verifye.

ANONSMAN PA GEN LEKÒL/OUVÈTI RETADE

Norwood Public Schools gen twa opsyon pou fèmten oswa reta pou ouvri nan ka ke ta gen move tan oswa ijans bilding, tankou yon tiyo dlo ki kase:

1. Fèmten lekòl tout jounen. An jeneral, lè lekòl fèmten tout jounen, aktivite apre lekòl yo anile.
2. Ouvèti Retade pou youn (1) oswa de (2) èdtan. Longè reta a pral pibliye pandan anonsman lekò fèmten yo. Dapre reta ke yo chwazi a, elèv yo dwe vini lekòl la youn (1) oswa de (2) èdtan pi ta. Yap pran bis elèv yo nan estasyon regilye yo youn oswa de èdtan pi ta tou.
3. Lage Bonè pou elèv yo pandan jounen lekòl la ra. Opsyon sa a ta dwe chwazi sèlman si gen move tan ki rive yon fwa ke elèv yo fin rive lekòl oswa pou lòt ijans tankou pa gen chofaj oswa dlo, elatriye.

Nan ka ke Sipè-entandan an chwazi youn nan opsyon sa yo, enfòmasyon an ap pibliye nan preske tout estasyon radyo ak Televizyon ki gen ladan yo kab lokal. Anplis, yon "Blackboard Connect" pral fèt, epi mesaj sou telefòn lan ap endike ke gen yon reta oswa anilasyon lekòl.

ORÈ

Gen yon sik 5 jou ak 6 peryòd pa jou. W reprezante blòk "Sa Mwen Bezwen" (WIN). Tout peryòd yo vire apre orè apre a

Orè	<u>M</u>	<u>Ma</u>	<u>Mè</u>	<u>J</u>	<u>V</u>
	1	3	5	4	2
	2	4	6	5	3
	3	W	1	W	4
	4	1	2	6	5
	5	2	3	1	6
	6	7	7	7	7

ORÈ JOU REGILYE - LAGE 2:50 P.M.

Klòch Avètisman	8:10		
1	8:15	-	9:17
2	9:21	-	10:18
3	10:22	-	11:19
4 Dejene*	11:23	-	12:48
5	12:52	-	1:49
6	1:53	-	2:50

Orè Dejene Elèv

L1 11:19 – 11:46

L2 11:50 – 12:17

L3 12:21 – 12:48

Lè Kou Pandan Dejene

L1: 11:50 – 12:48

L2: 11:23-11:50; 12:20-12:48

L3: 11:23-12:21

JOU LAGE BONÈ RANVWA MIDI

Klòch Avètisman: 8:10

1: 8:15-8:50

2: 8:54-9:28

3: 9:32-10:06

4: 10:10-10:44

5: 10:48-11:22

6: 11:26-12:00

RANVWA JOU LAGE BONÈ 11:30 (JOU ANVAN THANKSGIVING AK VAKANS DESANM)

Klòch Avètisman: 8:10

1: 8:15-8:45

2: 8:49-9:18

3: 9:22-9:51

4: 9:55-10:24

5: 10:28-10:57

6: 11:01-11:30